

KONFLIK PSIKOLOGIS PARAGATAMA
WONTEN ING NOVEL *KADURAKAN ING KIDUL DRINGU*
ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA
(Kajian Psikologi Sastra)

SKRIPSI

Dipunaturaken dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh Gelar *Sarjana Pendidikan*



Dening
Andri Kurniawan
NIM 09205244066

PROGAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2013

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Konflik Psikologis Paragatama Wonten Ing Novel Kadurakan Ing Kidul Dringu Anggitanipun Suparto Brata (Kajian Psikologi Sastra)* menika saged dipunuji awit sampun pikantuk palilah dening *pembimbing*.



Yogyakarta, 26 Juli 2013

Dosen Pembimbing I,

Sri Harti Widyastuti, M. Hum
NIP.19621008 198803 2 001

Yogyakarta, 26 Juli 2013

Dosen Pembimbing II,

Afendy Widayat, M. Phil.
NIP.19620416 199203 1 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Konflik Psikologis Paragatama Wonten Ing Novel Kadurakan Ing Kidul Dringu Anggitanipun Suparto Brata (Kajian PsikologSastra)* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 31 Juli 2013 saha dipuntetepaken lulus.

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Hardiyanto, M. Hum	Ketua Penguji		27 Agustus 2013
Afendy Widayat, M. Phil	Sekretaris Penguji		26 Agustus 2013
Dr. Suwardi, M. Hum	Penguji I		26 Agustus 2013
Sri Harti Widyastuti, M. Hum	Penguji II		19 Agustus 2013

Yogyakarta, 27 Agustus 2013

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP.19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Andri Kurniawan**

NIM : 09205244066

Prog. Studi : Pendidikan Bahasa Jawa


Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Samangertos kula, skripsi menika wosipun boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha etika nyerat skripsi ingkang umum.

Serataning wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, **23** Juli 2013

Panyerat



Andri Kurniawan

SESANTI

Tidak ada hasil tanpa usaha

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT *karya ilmiah* menika kula
pisungsungaken dhateng: Bapak saha Ibu ingkang sampun paring
panyengkuyung saha donga pangestu.

PRAWACANA

Puji sukur konjuk wonten ing ngarsaning Allah SWT awit sampun paring kasarasan, kanikmatan, kabegjan, saha kabagyan satemah skripsi kanthi irah-irahan “*Konflik Psikologis Paragatama Wonten Ing Novel Kadurakan Ing Kidul Dringu Anggitanipun Suparto Brata (Kajian Psikologi Sastra)*”, sampun pungkasan anggenipun nyerat. Skripsi menika minangka jejangkeping pandadaran anggayuh gelar *Sarjana Pendidikan*.

Skripsi menika saged dipunpungkasi anggenipun nyerat awit sampun dipunsengkuyung saking pinten-pinten pihak. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng.

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M. Pd. MA, minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
3. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin kangge nglampahi panaliten menika.
4. Ibu Sri Harti Widyastuti, M. Hum minangka pembimbing I saha Bapak Afendy Widayat, M. Phil minangka pembimbing II, ingkang sampun kersa paring bimbingan saha ngelmi ingkang migunani saengga skripsi menika saged paripurna kanthi sae.
5. Bapak Drs. Hartanto Utomo minangka dosen pembimbing akademik ingkang tansah paring bimbingan, pamrayogi, saha semangatipun nalika kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
6. Bapak Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sedaya bimbinganipun saha ngelmi ingkang manpangat sanget tumrap kula.
7. Staf karyawan FBS UNY ingkang sampun mbiyantu tumrap panyerat.

8. Bapak Lani, Ibu Warkonah, saha Dhik Indi Wijiasih ingkang sampun paring panjurung saengga tansah tatag teteg satemah tutug tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun.
9. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa kelas H / 2009, kanca-kanca kontrakan CJ 09 ingkang sampun paring panjurung saha semangat kangge nyerat skripsi menika.
10. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa sarta sadaya pihak ingkang sampun mbiyantu, boten saged kula sebutaken sadaya ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun.

Skripsi menika taksih dereng kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, panyerat nyuwun pamrayogi saha panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning asiling panaliten menika. Wasana, mugi skripsi menika sageda murakabi.

Yogyakarta, 23 Juli 2013

Panyerat



Andri Kurniawan

WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PENGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
DHAFTAR TABEL	xiii
DHAFTAR LAMPIRAN	xiv
SARINING PANALITEN	xv
 BAB I PURWAKA	 1
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Perkawis.....	5
C. Watesaning Perkawis.....	6
D. Wosing Perkawis.....	6
E. Ancasing Panaliten.....	7
F. Paedahing Panaliten.....	7
G. Pangertosan.....	8
 BAB II GEGARAN TEORI	 10
A. Andharan <i>Teori Psikologi Sastra</i>	10
1. Gayutanipun <i>Psikologi</i> kalihan Sastra.....	10
2. <i>Psikologi Sastra</i>	14
2.1 <i>Psikoanalisis</i>	17
a. <i>Struktur Kapribaden Sigmund Freud</i>	18

<i>a.1 Id</i>	19
<i>a.2 Ego</i>	19
<i>a.3 Superego</i>	20
3. Novel.....	21
4. <i>Perwatakan</i>	23
5. Paraga Utama/Paragatama.....	25
6. <i>Konflik</i>	27
B. Nalaring Panaliten.....	29
C. Panaliten Ingkang Jumbuh.....	30
BAB III CARA PANALITEN	31
A. <i>Pendekatan</i> Panaliten.....	31
B. Data saha Sumbering Data.....	31
C. Caranipun Ngempalaken Data.....	32
D. Pirantining Panaliten.....	33
E. Caranipun Nganalisis Data.....	34
F. Caranipun Ngesahaken Data.....	35
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN	36
A. Asiling Panaliten.....	36
1. <i>Sinopsis</i>	36
2. <i>Perwatakan</i> Paragatama.....	43
3. <i>Konflik Psikis</i> Paragatama.....	46
4. Wataking Paragatama Wonten Salebeting Wujud <i>Konflik Psikis</i> saha <i>Struktur</i> Kapribaden.....	51
B. Pirembaganipun.....	61
1. Andharan bab <i>Perwatakan</i> Paragatama.....	62
1.1 <i>Id</i>	62
a. Kendel.....	62
b. Pinter ethok-ethok.....	64

c. Welas asih.....	65
d. Gumunan.....	66
e. Gampil duka.....	69
1.2 <i>Ego</i>	72
a. <i>Semangat</i>	73
b. Gampil nyepelekaken.....	73
c. Gumunan.....	74
d. Ngatos-atos.....	78
e. Niyat ingkang kenceng.....	80
1.3 <i>Superego</i>	81
a. <i>Peduli</i>	82
b. Rumaos duraka.....	83
c. Niyat ingkang kenceng.....	84
d. Pangerten.....	85
e. Welas asih.....	87
f. Remen tetulung.....	90
g. Subasita.....	90
2. Andharan bab <i>Konflik Psikis Paragatama</i>	93
2.1 <i>Id</i>	94
a. Bingung.....	94
b. Duka.....	96
c. Boten teganan.....	97
d. Ajrih.....	98
e. Kaget.....	99
2.2 <i>Ego</i>	100
a. Gumun.....	100
b. Bingung.....	101
c. Kaget.....	107
d. Kuwatos.....	108
e. Boten nginten.....	109

2.3 <i>Superego</i>	111
a. Ajrih.....	111
b. Kuciwa.....	113
c. Boten teganan.....	114
d. Trenyuh.....	117
3. Andharan bab wataking paragatama Wonten Salebeting	
Wujud <i>Konflik Psikis</i> saha <i>Struktur</i> Kapribaden	118
1. Bingung.....	119
2. Duka.....	120
3. Boten teganan.....	121
4. Ajrih.....	122
5. Kaget.....	122
6. Gumun.....	123
7. Kuwatos.....	123
8. Boten nginten.....	124
9. Kuciwa.....	124
10. Trenyuh.....	125
BAB V PANUTUP	128
A. Dudutan.....	128
B. Pamrayogi.....	130
C. <i>Implikasi</i>	130
KAPUSTAKAN.....	132
LAMPIRAN.....	134

DHAFTAR TABEL

	Kaca
Tabel 1: Data Wujud <i>Perwatakan</i> paragatama.....	33
Tabel 2: Data Wujud <i>Konflik Psikis</i> Paragatama.....	34
Tabel 3: <i>Perwatakan</i> Paragatama.....	45
Table 4: <i>Konflik Psikis</i> Paragatama.....	47
Tabel 5: Wataking paragatama Wonten Salebeting Wujud <i>Konflik Psikis</i> saha <i>Struktur</i> Kapribaden	53

DHAFTAR *LAMPIRAN*

	Kaca
<i>Lampiran 1: Perwatakan Paragatama</i>	135
<i>Lampiran 2: Konflik Psikis Paragatama.....</i>	152

**KONFLIK PSIKOLOGIS PARAGATAMA
WONTEN ING NOVEL KADURAKAN ING KIDUL DRINGU
ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA
(KAJIAN PSIKOLOGI SASTRA)**

**Dening: Andri Kurniawan
NIM 09205244066**

SARINING PANALITEN

Ancasing panaliten menika kangge ngandharaken *perwatakan paragatama, konflik psikis* ingkang dipunlampahi paragatama saha wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata. Panaliten menika ngginakaken *pendekatan psikologi* sastra adhedhasar *teori psikoanalisis* Sigmund Freud.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Data wonten ing panaliten arupi *perwatakan paragatama, konflik psikis* paragatama saha wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden. *Sumber data* wonten ing panaliten menika awujud novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata. Caranipun ngempalaken data inggih menika *teknik* maos saha nyathet. Supados data ingkang dipunpanggihi *valid*, kedah ngginakaken *validitas* inggih menika *validitas semantik*. Lajeng *reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas intrarater* saha *interrater*. *Teknik analisis* wonten ing panaliten menika ngginakaken *teknik analisis deskriptif*.

Asiling panaliten awujud *perwatakan paragatama, konflik psikis* paragatama saha wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata. *Perwatakan paragatama* (Wimbadi) inggih menika kendel, pinter ethok-ethok, welas asih, gumunan, gampil duka, *semangat*, gampil nyepelekaken, ngatos-atos, niat ingkang kenceng, *peduli*, rumaos duraka, pangerten, remen tetulung saha subasita. Lajeng *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama inggih menika duka, boten teganan, ajrih, kaget, boten nginten, gumun, bingung, kuwatos, kuciwa saha trenyuh. Wonten ing panaliten menika dipunandharaken menawi watak saged mangaribawani *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paragatama, *struktur* kapribaden ugi saged ewah sasampunipun nglampahi *konflik psikis*. *Struktur* kapribaden *ego* ndadosaken paraga Wimbadi dados paraga ingkang menggalih kanthi *rasional*. *Id* Wimbadi tumindak adhedhasar *naluri* dhasar ingkang mangaribawani dhateng *psikis* Wimbadi. *Superego* Wimbadi minangka *pengontrol* dirinipun paraga.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Ngelmi sastra nлити sipat-sipat ingkang wonten ing *teks-teks* sastra saha kadospundi sastra menika migunani wonten ing masarakat. Sastra inggih menika salah satunggaling wujud *ungkapan* pribadi manungsa ingkang awujud *pengalaman*. *Ungkapan-ungkapan* ingkang wonten ing sastra saged awujud lisan menapa dene seratan. Wellek & Warren (lumantar Wiyatmi 2011: 9) Karya sastra inggih menika salah satunggaling karya seni ingkang dipuncipta dening pangripta kanthi *media* pamikiran inggih menika *media* basa. Kanthi *media* basa menika, sastra dipunsebat minangka karya *imajinatif*. Dados, karya sastra asipat *imajinatif*, *estetik*, gadhah paedah saha ngremenaken pamaos. Pagesangan pangripta saged dipungambaraken kanthi *dunia imajintif*, ingkang ngasilaken salah satunggaling karya sastra.

Salah satunggaling karya sastra ingkang awujud seratan inggih menika novel, ingkang nyariosaken bab pagesangan paraganipun kalihan solah bawa paraga wonten ing gesangipun. Sadaya paraga ingkang wonten ing novel gadhah *karakterisasi* ingkang beda, menika ingkang ndadosaken novel langkung narik kawigatosanipun pamaos. Karya sastra mliginipun novel, dipundamel dening pangripta kanthi gadhah ancas supados saged dipunraosaken, dipunmangertosi saha dipunmanpangataken tanpa nilari menawi karya sastra minangka salah satunggaling perangan saking perkawis ing pagesangan, *filosafat* saha ilmu jiwa.

Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata nyariosaken lelakon bab peperangan, novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* kaandharaken makaten. Wimbadi pemudha asli saking Sala, amargi padamelanipun dipunpindhah dhateng Probolinggo lajeng piyambakipun mapan wonten ing desa Dringu, dalemipun Mbakyu Pandam sadherek saking Sala. Wonten ing salah satunggaling dinten, tentara Walandi nyerbu tlatah Republik Indonesia, kathah kitha-kitha ing tanah Jawa kados dene Probolinggo dipunkuwaosi dening Tentara Walandi, para nem-neman Jawa menapa kemawon padamelanipun sami ngungsi dhateng sajawining kitha.

Amargi boten purun dipunjajah dening Walandi, para nem-neman ingkang ngungsi ing desa kidul Dringu sarujuk damel dredah menyang kitha ingkang dipunkuwaosi dening tentara Walandi. Wonten ing salah satunggaling ndalu, nem-neman kados Wimbadi saha kanca-kancanipun ngawontenaken *serangan* dhateng tentara Walandi, nalika ngawontenaken *serangan* wonten nem-neman ingkang kena tembak padharanipun inggih menika Dulmanan. Piyambakipun sekarat, wiwit saking kadadosan Dulmanan kenging tembak menika ingkang dados gegeripun desa kidul Dringu. Saengga saking kadadosan-kadadosan menika ndadosaken wontenipun kadurakan ing desa kidul Dringu.

Wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* ugi nyariosaken bab katresnanipun Wimbadi kalihan Kingkinarti, saengga cariyos wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* langkung nengsemaken saha narik kawigatosan kangge dipunkaji. Suparto Brata minangka pangripta ngawontenaken perkawis-perkawis saha *gagasan* mawi paraga-paraga ingkang wonten ing novel

Kadurakan ing Kidul Dringu. Perkawis-perkawis ingkang wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* menika ingkang ndadosaken *konflik* wonten ing pagesangan paraganipun.

Paraga-paraga wonten ing karya sastra *fiksi* gadhah *karakter* ingkang sami kados dene ingkang wonten ing kasunyataning manungsa. Paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* menika ingkang nglampahi kadadosan, dene paraga panyengkuyungipun ingkang ndadosaken cariyosipun. Prastawa wonten ing cariyos *fiksi* ngandhut piwulang ingkang badhe dipunandharaken dening pangripta dhateng pamaos. Piwulang-piwulang menika limrahipun awujud *konflik-konflik* ingkang wonten ing cariyos.

Paragatama wonten ing novel langkung asring dipuncariyosaken katimbang paraga sanesipun. Wimbadi minangka paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* langkung asring dipuncariyosaken katimbang paraga sanesipun kados dene Martimbang, Martimbul, Dulmanan utawi Mbakyu Pandam. Paragatama ugi dados paraga ingkang nglampahi kathah kadadosan saha *konflik* ingkang *kompleks*. Saengga wonten ing panaliten menika nliti paragatama kangge dipuntliti *konflik psikologis*-pun. Wimbadi minangka paragatama saha paraga ingkang nglampahi kathah *konflik*.

Nliti *konflik psikologis* paragatama, ugi wonten gayutanipun kalihan *watak* ingkang dipungadhahi dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, inggih menika Wimbadi. *Konflik psikologis* wonten ing novel narik kawigatosan menawi dipunkaji, *konflik psikologis* menika dipunkaji kangge mangertosi kadospundi *watak* saking paraga ingkang wonten ing salah

satunggaling novel saha kadospundi *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paraganipun.

Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* saged dipunmangertosi saking *aspek-aspek kejiwaan*, dipunbetahaken *pengetahuan* bab *psikologi*, amargi *psikologi* ngandhut makna ngelmi *pengetahuan* bab jiwa utawi ilmu jiwa. Kangge mangertosi salah satunggaling karya sastra, *pendekatan* boten namung adhedhasar saking *aspek* sastra kanthi cara *substansi*, ananging wonten *aspek* sanesipun inggih menika *psikoanalisis*. *Konsep psikoanalisis* inggih menika salah satunggaling *konsep* ingkang *sasaran*-ipun manungsa (kapribadenipun saha badanipun).

Minderop (2011: 11) ngandharaken bilih *teori psikoanalisis* wonten gayutanipun kalihan fungsi saha mindhakipun *mental* manungsa, dados *psikoanalisis* minangka peranan saking *psikologi*. *Konsep* menika dipunandharaken ingkang sepisanan dening Sigmund Freud. *Psikonalisis* boten namung minangka ilmu jiwa, ananging minangka salah satunggaling *cabang* saking *ilmu jiwa*. Miturut Sigmund Freud, *psikoanalisis* inggih menika sadaya *gejala* ingkang asipat *mental*, asipat boten *sadar* ingkang katutup dening *alam kesadaran*.

Saking andharan menika, panaliten menika kalebet panaliten *psikologi* sastra kanthi nganalisis *konflik psikologis* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata kanthi pandom saking teori *psikologi* ingkang dipunandharaken dening Sigmund Freud.

Psikologi sastra inggih menika salah satunggaling ilmu ingkang nliti unsure-unsur kejiwaan ingkang wonten ing karya sastra.

B. Underaning Perkawis

Wonten ing nginggil sampun dipunandharaken dhasaring saking panaliten menika. Kanthi dhasaring panaliten wonten ing nginggil, underaning perkawisipun inggih menika.

1. *Perwatakan* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata mliginipun ingkang asipat *psikologis*.
2. Wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.
3. Bab ingkang ndadosaken wontenipun *konflik psikis* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.
4. Wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.
5. Upiya paragatama kangge ngrampungaken *konflik psikis* ingkang dipunlampahi wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.
6. Piwulang ingkang badhe dipunandharaken dening pangripta dhateng pamaos kanthi *konflik psikologis* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.

C. Watesaning Perkawis

Saking underaning perkawis ing nginggil saged dipunpendhet watesaning perkawis. Watesaning perkawis wonten ing panaliten inggih menika:

1. *perwatakan* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata mliginipun ingkang asipat *psikologis*.
2. wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.
3. wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.

D. Wosing Perkawis

Saking watesaning perkawis ing nginggil saged dipunmangertosi wosing perkawisipun. Wosing perkawis wonten ing panaliten kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Kadospundi *perwatakan* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata mliginipun ingkang asipat *psikologis*?
2. Kadospundi wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata?
3. Kadospundi wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata?

E. Ancasing Panaliten

Saking wosing perkawis ing nginggil saged dipunpendhet ancasipun panaliten. Ancasing panaliten kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Kangge ngandharaken *perwatakan* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata mliginipun ingkang asipat *psikologis*.
2. Kangge ngandharaken wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.
3. Kangge ngandharaken wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.

F. Paedahing Panaliten

Ancasing panaliten sampun dipunandharaken ing nginggil, wonten ing panaliten menika ugi gadhah paedah. Paedahing panaliten menika wonten kalih, kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Teoritis

Kasilipun panaliten menika kaangkah supados saged paring *wawasan* bab sastra saha panaliten sastra ingkang wonten gayutanipun kalihan novel-novel Jawa ingkang dipunkaji mawi *psikologi* sastra mliginipun bab *perwatakan* saha *konflik psikis* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.

2. *Praktis*

- a. Asiling panaliten menika kaangkah supados saged paring pambiyantu pamaos kangge mangertosi bab-bab karya sastra mliginipun ingkang dipunkaji mawi *psikologi* sastra.
- b. Panaliten menika kaangkah supados paring paedah mliginipun dhateng pamaos karya sastra Jawa saha pamaos karya sastra limrahipun, inggih menika supados saged mindhakaken *apresiasi* pamaos bab *unsur-unsur kejiwaaan* ingkang wonten ing salah satunggaling karya sastra.
- c. Panaliten menika kaangkah supados paring pambiyantu dhateng para pamaos supados mangertosi piwulang ingkang badhe dipunandharaken dening pangripta mawi *konflik psikologis* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.

G. Pangertosan

Irah-irahan panaliten menika inggih menika *Konflik Psikologis* Paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata. Kangge jumbuhaken penggalih dhateng irah-irahan menika, badhe dipunandharaken bab *konsep* wonten ing ngandhap menika.

- a. *Perwatakan* inggih menika watak utawi *karakter* paraga ingkang nedahaken sipat saha patrap saking paraga kados dene ingkang dipun-*tafsirkan* dening pamaos.
- b. *Tokoh/paraga* inggih menika paraga utawi tiyang ingkang wonten ing salah satunggaling cariyos *fiksi*. *Tokoh/paraga* saged mangaribawani cariyosipun, gadhah patrap-patrap saha *karakteristik* ingkang beda.

- c. *Psikologi Sastra* inggih menika *interdisiplin psikologi* kalihan sastra, kangge *memahami aspek-aspek kejiwaan* ingkang wonten ing salah satunggaling karya sastra, dados karya sastra minangka *aktivitas kejiwaan*.
- d. Karya Sastra inggih menika wujud *kejiwaan* saha wosing pamikiran utawi gagasan ingkang kaserat mawi basa, karya sastra saged dipundadosaken *tolak ukur kangge telaah bidang sastra*.
- e. Novel inggih menika salah satunggaling wujud *prosa* ingkang ngandharaken cariyos pagesanganipun paraga-paraga kanthi wiyar. Salah satunggaling karya sastra ingkang wujud seratan inggih menika novel.
- f. *Konflik* inggih menika *mengacu* dhateng salah satunggaling ingkang *dramatik*, inggih menika salah satunggaling kadadosan ingkang boten ngremenaken saha ndadosaken salah satunggaling *aksi* utawi *reaksi*, sadaya menika dipunlampahi dening paraga wonten ing cariyos.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Andharan Teori Psikologi Sastra

1. Gayutanipun Psikologi kalihan Sastra

Ngrembakanipun *kajian* sastra ingkang asipat *interdisipliner* sampun ngawontenaken ilmu sastra kalihan ilmu sanesipun, kados dene *psikologi*, *sosiologi*, *antropologi* saha sanesipun. Kanthi menika, *psikologi* sastra lair minangka salah satunggaling jinis *kajian* sastra ingkang kaginakaken kangge maos saha *menginterpretasikan* karya sastra, pangripta karya sastra kalihan pamaosipun kanthi ngginakaken maneka konsep saha gegaran teori ingkang wonten ing *psikologi*. Saderengipun mangertosi menapa *psikologi* sastra, kedah dipunmangertosi rumiyin gayutanipun *psikologi* kalihan sastra.

Saderengipun ngandharaken gayutanipun *psikologi* kalihan sastra, ingkang ngawontenaken *psikologi* sastra langkung rumiyin ngandharaken pangertosan saha *cabang-cabang* saking *psikologi*. Walgito (lumantar Wiyatmi 2011: 2) ngandharaken bilih *psikologi*, salah satunggaling ilmu ingkang nliti saha nyinaoni bab solah bawanipun manungsa ingkang dipunpirsani minangka *manifestasi* saking pagesangan *psikis* manungsa. Wonten ing *psikologi*, solah bawanipun manungsa dipunperang dados kalih, inggih menika solah bawa ingkang *refleksif* saha *nonrefleksif*. Solah bawa ingkang *refleksif* menika kadadosan kanthi *spontan*, beda kalihan solah bawa *nonrefleksif* ingkang dikendalikan dening *pusat kesadaran* utawi *otak*.

Psikologi minangka salah satunggaling ilmu saged ngrembaka jumbuh kalihan *ruang lingkup kajian*-ipun. Walgito (lumantar Wiyatmi 2011: 3)

mbedakaken *cabang-cabang psikologi* dados kalih inggih menika, *psikologi umum* saha *psikologi khusus*. Sastra saged dipunbedakaken dados kalih pangertosan, inggih menika minangka karya sastra saha minangka ilmu sastra, ingkang dados salah satunggaling *cabang ilmu pengetahuan*. Ingkang arupi karya sastra, sastra menika asil karya seni ingkang dipundamel dening pangripta utawi kelompok masarakat tartamtu kanthi ngginakaken *media* basa. Kanthi *media* basa, karya sastra dados karya ingkang *imajinatif*.

Luxemburg dkk (lumantar Wiyatmi 2011: 11) ngandharaken *faktor* ingkang saged dipunsebat dados *ciri-ciri* sastra. Ingkang sepisan, sastra inggih menika *teks-teks* ingkang boten namung dipunginakaken kangge salah satunggaling ancas *komunikatif* ingkang *praktis* saha namung dipunginakaken kangge sawetawis kemawon. Sastra dipunginakaken wonten ing kahanan *komunikasi* ingkang dipunatur dening salah satunggaling *lingkungan* kabudayan tartamtu. Kaping kalih, kanthi adhedhasar saking sastra barat, mliginipun *teks drama* saha cariyos, *teks* sastra dipunbedakaken kanthi wontenipun unsur *fiksionalitas*. Kaping tiga, *bahan* sastra dipun-olah kanthi cara ingkang *istimewa*.

Wonten ingkang *menekankan ekuivalensi*, wonten ingkang *menekankan penyimpangan* saking *tradisi* basa utawi tata basa. Nanging, ingkang langkung asring inggih menika *penekanan* wonten ing panganggenipun *unsur ambiguitas* (salah satunggaling ukara ingkang ngandhut pangertosan saking satunggal teges). Kaping sekawan, karya sastra saged dipunwaos miturut *tahap-tahap* teges ingkang beda.

Adhedhasar *teori objektif*, sastra dipuntegesi minangka karya seni ingkang *otonom, berdiri sendiri*, bebas saking pangripta, *realitas*, utawi pamaos. Adhedhasar *teori mimetik* karya sastra dipun-anggep minangka *tiruan alam* utawi pagesangan. Adhedhasar *teori ekspresif* karya sastra dipunsebat minangka *ekspresi* sastrawan, minangka *curahan perasaan* utawi *luapan perasaan* saha pamikiran sastrawan, utawi minangka *produk imajinasi* sastrawan ingkang wonten gayutanipun kalihan *persepsi-persepsi*, pamikiran-pamikiran, raos-pangraosipun sawetawis menika. Adhedhasar *teori pragmatik* karya sastra dipunandharaken minangka sarana kangge ngandharaken ancas tartamtu, upaminipun piwulang kangge pamaos (Abrams lumantar Wiyatmi, 2011: 12-13).

Wonten ing nginggil menika dipunandharaken pangertosan-pangertosan karya sastra dening Abrams lumantar Wiyatmi. Pangertosan karya sastra dipunperang dados tiga inggih menika pangertosan karya sastra adhedhasar *teori-teori objektif, teori mimetik, teori ekspresif* saha adhedhasar *teori pragmatik*. Adhedhasar *teori objektif* karya sastra minangka salah satunggaling karya seni, adhedhasar *teori mimetik* karya sastra minangka *tiruan alam* utawi pagesangan. Adhedhasar *teori ekspresif* minangka *ekspresi* pangripta, lajeng adhedhasar *teori mimetik* karya sastra minangka sarana kangge ngandharaken ancas tartamtu.

Wonten ing kajian sastra ingkang ngginakaken *pendekatan psikologi* sastra, ndadosaken wonten gayutanipun sastra kalihan *psikologi*. Panaliti maos saha *mengkaji* karya sastra, pangripta ingkang damel karya sastra, pamaos

ingkang nglampahi maneka *proses kejiwaan* nalika maos utawi nanggapi karya ingkang dipunwaos kanthi ngginakaken *konsep-konsep* ingkang wonten ing *psikologi*.

Analisis psikologi wonten ing karya sastra, mliginipun *fiksi* utawi *drama* menika kakalihipun ngandharaken bab ingkang gayutanipun kalihan manungsa. Bedanipun, sastra ngandharaken manungsa ingkang dipundamel (manungsa *imajiner*) dening pangripta, ananging menawi *psikologi* ngandharaken manungsa ingkang dipunciptakaken dening Gusti ingkang Maha Kuwaos kanthi *riil* ingkang gesang wonten ing alam nyata.

Menapa dene manungsa wonten ing karya sastra asipat *imajiner*, nanging kangge nggambaraken *karakter* saha jiwaniipun, pangripta ndadosaken manungsa ingkang gesang wonten ing alam nyata minangka *model*-ipun. Salah satunggaling tuntutan *karakter* paraga inggih menika wontenipun *dimensi psikologis* paraga, sanesipun *dimensi* sosial saha *fisik*. Kanthi menika, kangge nganalisis paraga wonten ing karya sastra saha *konflik psikologis*-ipun *pengkaji* sastra ugi kedah adhedhasar saking teori saha *hukum-hukum psikologi* ingkang ngandharaken solah bawa utawi *karakter* manungsa.

Miturut Milner (lumantar Endraswara 2011: 101) *ada dua hal, yang pertama ada kesamaan antara hasrat-hasrat yang tersembunyi pada setiap manusia yang menyebabkan kehadiran karya sastra yang mampu menyentuh perasaan kita, karena karya sastra itu memberikan jalan keluar kepada hasrat-hasrat tersebut. Kedua ada kesejajaran antara mimpi dan sastra, dalam hal ini kita menghubungkan elaborasi karya sastra dengan proses elaborasi mimpi, yang oleh Sigmund Freud disebut “pekerjaan mimpi”*.

Miturut Freud impen menika kados dene seratan, inggih menika *sistem tanda* ingkang ngandharaken salah satunggaling ingkang beda kalihan *tanda-*

tanda menika piyambak. Kawontenan tiyang ingkang nglampahi impen inggih menika kados dene panyerat ingkang nyimpen gagasan-gagasanipun. Dados karya sastra inggih menika *ungkapan kejiwaan* pangripta ingkang nggambaraken *emosi* saha pamikiranipun. Karya sastra lair saking *pengalaman-pengalaman* ingkang wonten ing jiwaniipun pangripta.

Salah satunggaling karya sastra ingkang awujud novel, *drama*, geguritan, cerkak lan sapanunggalinipun menika saged dipunwaos, dipun-*apresiasi* ugi saged dipun-*evaluasi*. Para paraga ngandharaken watak saha solah bawa ingkang gayutanipun *kejiwaan* kalihan *pengalaman psikologis* utawi *konflik-konflik* kados dene ingkang dipunlampahi dening manungsa wonten ing pagesangan nyata. Kanthi *pendekatan* sastra menika, saged dipunmangertosi menapa paraga-paraga nglampahi *konflik-konflik psikologis*. Menika ingkang ndadosaken wonten gayutanipun *psikologi* kalihan sastra.

2. Psikologi Sastra

Psikologi berasal dari kata psyche, yang berarti jiwa, dan logos yang berarti ilmu. Jadi psikologi berarti ilmu jiwa atau ilmu yang menyelidiki dan mempelajari tingkah laku manusia (Atkinson lumantar Minderop, 2011: 3). Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih *psikologi* nganalisis solah bawaniipun manungsa saking *objek*-ipun inggih menika manungsa menika piyambak.

Menawi pangertosan sastra menika kathah sanget, nanging wonten ing mriki dipunpendhet salah satunggal inggih menika.

sastra merupakan sebuah ciptaan, sebuah kreasi, bukan pertamanya sebuah imitasi. Sang seniman menciptakan sebuah dunia baru, meneruskan proses penciptaan di dalam semesta alam, bahkan menyempurnakannya. Sastra terutama merupakan luapan emosi yang spontan (Luxemburg, 1981: 5).

Dados, sastra inggih menika *luapan emosi* ingkang wonten ing dirinipun pangripta ingkang dipunandharaken utawi *dituangkan* kanthi cetha supados tiyang sanes ugi saged mangertosi menapa ingkang dados pamikiranipun pangripta.

Sastra menika nganalisis *karakter* salah satunggaling cariyos ingkang awujud *representasi* saking *karakter* manungsa menika piyambak, menapa dene wujudipun *karakter* menika saged asipat *fiktif*. Miturut Endraswara (lumantar Minderop 2011: 59) *psikologi* sastra inggih menika salah satunggaling *interdisiplin* antawisipun *psikologi* kalihan sastra. Dados *psikologi* sastra inggih menika salah satunggaling *kajian* sastra ingkang asipat *interdisipliner*, amargi mangertosi saha *mengkaji* sastra kanthi ngginakaken maneka konsep utawi teori ingkang wonten ing *psikologi*.

Psikologi sastra gadhah sekawan pangertosan, inggih menika studi *psikologi* pangripta minangka *tipe* utawi minangka pribadi, *proses kreatif*, studi *tipe* saha *hukum-hukum psikologi* ingkang wonten ing karya sastra, sarta nyinaoni *dampak*-ipun sastra dhateng pamaos. Karya sastra kados ta novel, drama saha geguritan wonten ing jaman *modern* samenika kathah ingkang ngandhut *unsur-unsur psikologi* minangka *manifestasi kejiwaan* pangripta, para paraga *fiksi* wonten ing cariyos saha pamaos. Kanthi menika, kathah *telaah* sastra kanthi *pendekatan psikologi* ingkang dipuntliti dening para panaliti.

Wonten ing Endraswara (2011: 96) *Asumsi dasar penelitian psikologi sastra antara lain dipengaruhi oleh beberapa hal. Pertama, adanya anggapan bahwa karya sastra merupakan produk dari suatu kejiwaan dan pemikiran pengarang yang berada pada situasi setengah sadar atau subconscious setelah jelas baru dituangkan kedalam bentuk secara sadar (conscious). Kedua, kajian psikologi sastra disamping meneliti perwatakan tokoh secara psikologis juga aspek-aspek pemikiran dan perasaan pengarang ketika menciptakan karya tersebut.*

Karya sastra ingkang dipuntliti mawi *kajian psikologi* sastra amargi karya sastra menika *produk* saking *kejiwaan* pamikiranipun pangripta, wonten ing karya sastra ugi saged ngandharaken pamikiran saha pangraosipun pangripta nalika nyipta karya sastra. Antawisipun *sadar* saha boten *sadar* menika ingkang dados panjurung wonten ing *proses imajinasin*-ipun pangripta.

Karya sastra saged dipunpirsani saking kados menapa pangripta saged nuwuhaken saha ngandharaken *ekspresi kejiwaan*-ipun ingkang boten *sadar* wonten ing salah satunggaling *cipta* sastra. Kejawi menika, karya sastra ugi saged dipunpirsani ngantos dumugi pundi pangripta saged nggambaraken *perwatakan* paraga saengga karya ingkang sampun dados langkung narik kawigatosan. *Unsur-unsur emosi* mawi pancelathon saha pamilihing tembung, gambaranipun menapa ingkang wonten ing batinipun pangripta.

Bedanipun kalihan *psikologi* ing pagesangan padintenan, karya sastra ingkang sae menika asring ngandharaken *sinyal-sinyal psikologis* dhateng *pengapresiasi*-nipun utawi pamaosipun. Amargi menika, nalika ngapresiasi karya sastra ingkang wonten *psikologis*-ipun kita saged *menikmati, menghayati* saha *menjiwai* kahanan *psikologis*-ipun mawi maneka *unsur*, upaminipun *latar*, paraga-paraganipun, *alur*, saha *konflik-konflik* ingkang wonten ing karya sastra.

Miturut Kuntowijoyo (lumantar Saryono 2009: 150) wonten karya sastra Indonesia ingkang ngawontenaken kahanan *psikologis* ingkang *pekat* lan *kental*. Dados, kathah karya sastra-karya sastra Indonesia ingkang ngandhut *unsur-unsur psikologis*.

2.1 Psikoanalisis

Psikoanalisis menika wilayah saking kajian *psikologi* sastra. *Psikoanalisis* dipunandharaken dening Freud taun 1890-an. *Psikoanalisis* rumiyin menika salah satunggaling *metode terapi* kangge ngobati *penyakit-penyakit mental* saha *saraf*, kanthi ngginakaken *teknik tafsir mimpi* kalihan *asosiasi bebas*. Teori menika selajengipun nyebar kanthi wiyar saha dipundadosaken salah satunggaling *teori kepribadian*. Ngantos samenika *konsep-konsep* ingkang wonten ing *teori kepribadian versi psikoanalisis* kalebet ingkang langkung kathah dipunginakaken wonten ing *bidang* sanesipun.

Teori psikologi ingkang langkung asring dipunginakaken wonten ing salah satunggaling sastra inggih menika *psikoanalisis* dening Bapak *psikoanalisis* Sigmund Freud. Wonten ing (Endraswara 2011: 101) *ia mengungkapkan gagasannya bahwa kesadaran merupakan sebagian kecil dari kehidupan mental sedangkan bagian besarnya adalah ketaksadaran atau tak sadar*. Dados miturut Freud, ngandharaken bilih manungsa menika pagesangan *mental*-ipun langkung asring boten *sadar* utawi *ketaksadaran* katimbang *sadar* utawi *kesadaran*.

Wonten ing *kajian psikologi sastra*, dipunandharaken bilih *psikoanalisis kepribadian* wonten *unsur kejiwaaan* ingkang dipunperang dados tigang *unsur*, inggih menika *id*, *ego* saha *superego*. *Psikoanalisis* ingkang ngawontenaken manungsa minangka wujud saking *naluri-naluri* kalihan *konflik-konflik struktur* kapribaden. *Konflik-konflik struktur* kapribaden inggih menika *konflik* ingkang wonten saking *id*, *ego* saha *superego*.

a. *Struktur Kapribaden Sigmund Freud*

Sigmund Freud inggih menika tokoh sepisanan ingkang nliti gesangipun jiwa manungsa adhedhasar saking *hakikat ketidaksadaran*. *Teori psikologi* ingkang dipunandharaken dening Sigmund Freud dipunbedakaken dados tigang *unsur kejiwaan* inggih menika *id*, *ego* saha *superego*. Wonten ing (Minderop 2011: 21) *Freud mengibaratkan id sebagai raja atau ratu, ego sebagai perdana menteri dan superego sebagai pendeta tertinggi*. Saking tigang *unsur* menika saben-saben *unsur* gadhah *fungsi, sifat, komponen, prinsip kerja* saha *dinamika* piyambak-piyambak.

Ananging tigang *unsur* wonten ing nginggil menika gadhah gayutanipun ingkang raket sanget saha boten saged dipunudhar pangaribawabipun dhateng solah bawa manungsa, amargi solah bawa minangka asil saking tigang *unsur*. Tigang *unsur* wonten ing ngginggil dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

a.1 Id

Das Es wonten ing basa Jerman, *the id* wonten ing basa Inggris. *Id* inggih menika unsur biologis minangka sistem ingkang *original* wonten ing kapribaden (Suryabrata, 2006: 125). Saking unsur *id*, ingkang ndadosaken wontenipun *ego* kalihan *superego*. *Id* inggih menika papan saking jiwaniipun manungsa ingkang wosipun *dorongan primitif*.

Dorongan primitif inggih menika *dorongan* ingkang wonten ing dirinipun manungsa ingkang gadhah pepenginan kedah dipunjangkepi. Kapribaden manungsa ingkang dhasar inggih menika *id*. Mawi *id*, sastrawan saged ngawontenaken *simbol-simbol* tartamtu wonten ing karyanipun. Miturut Atmaja (lumantar Endraswara 2011: 101) *id* merupakan acuan penting untuk memahami mengapa seniman/sastrawan menjadi kreatif.

Miturut Atmaja wonten ing Endraswara, ngandharaken ginanipun *id* wonten ing karya sastra. Wonten ing nginggil dipunandharaken bilih menawi *struktur* kapribaden *id* saged dados titikan kangge mangertosi kenging menapa seniman/sastrawan saged *kreatif* kangge ngasilaken salah satunggaling karya sastra.

a.2 Ego

Das Ich (the ego) inggih menika unsur psikologis. Wonten ing (Suryabrata 2006: 126) aspek ini adalah aspek psikologis daripada kepribadian dan timbul karena kebutuhan organisme untuk berhubungan secara baik dengan dunia kenyataan (realitat). Dados *ego* menika

perilaku-nipun adhedhasar saking prinsip kasunyatan ingkang ngginakaken pamikiran-pamikiran mawi logika.

Wontenipun *ego*, kanthi *diferensiasi* saking *id* amargi *kontak-ipun mawi dunia luar*. *Das Ich* utawi *the ego* inggih menika *sistem* kapribaden ingkang mangaribawani piyambakipun dhateng *dunia objek* saha nglampahi *fungsi-nipun adhedhasar saking prinsip kasunyatan*. *Ego merupakan kepribadian implementatif yaitu berupa kontak dengan dunia luar* (Endraswara 2011: 101). Dados, miturut saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih *ego* inggih menika salah satunggaling *struktur* kapribaden ingkang tansah gegayutan kalihan *dunia luar* utawi kasunyataning pagesangan.

a.3 Superego

Das Ueber Ich (the superego) inggih menika *unsur sosiologis*. *Superego* inggih menika *sistem* kapribaden ingkang wosipun *nilai-nilai aturan* ingkang asipat *evaluatif* gayutanipun kaliyan becik saha boten becik. *Superego* menika *pengembang* saking *id*, sadaya pepenginan *id* ingkang dereng kalampahan utawi kalaksanaan dipun-pertimbangkan dening *superego*. *Superego* menika wosipun *nilai-nilai moral* ingkang wonten ing dirinipun manungsa.

Wonten ing Minderop (2011: 22) *superego mengacu pada moralitas dalam kepribadian*. *Superego sama halnya dengan hati nurani yang mengenali nilai baik dan buruk (conscience)*. Minderop ngandharaken bilih *superego* menika *hati nurani* ingkang wonten ing dirinipun

manungsa, *Superego* dados *pengontrol* menawi badhe tumindak, dados *superego* dados kapribaden ingkang mbedakaken antawisipun tumindak ingkang becik saha lepat.

Tigang *unsur kejiwaan* ingkang dipunandharaken Freud, inggih menika *id*, *ego* saha *superego* sejatosipun wonten ing saben-saben karya sastra. Wonten ing panaliten menika ingkang dipunkaji inggih menika dipunfokusaken wonten ing novel kanthi nliti *konflik psikologis*-ipun.

3. Novel

Salah satunggaling karya sastra ingkang awujud cariyos *fiksi* inggih menika novel. Karya sastra inggih menika salah satunggaling wujud kadadosan *kejiwaan* saha pamikiranipun pangripta wonten ing kahanan boten *sadar* lajeng *dituangkan* kanthi kahanan *sadar* kangge damel karya sastra. Dados nyipta karya sastra gadhah sipat *mengkonkritkan* ingkang saderengipun awujud *abstrak* kados dene *ide* pamikiran saking pangripta ingkang dipundadosaken seratan kados ta novel.

Nurgiyantoro (1995: 9) ngandharaken novel *asal*-ipun saking basa Italia *novella*, wonten ing basa Jerman *novelle*, lajeng wonten ing basa Yunani *novellus*. Selajengipun mlebet wonten ing Indonesia dados *novel*. Istilah *novella* saha *novella* gadhah pangertosan ingkang sami kalihan *istilah* Indonesia *novelte* inggih menika salah satunggaling karya *prosa fiksi* ingkang cakupanipun winates.

Wonten ing Sayuti (2000: 10) *sebuah novel secara khusus memiliki peluang yang cukup untuk mempermasalahkan karakter tokoh dalam sebuah*

perjalanan waktu, kronologi, dan hal ini tidak mungkin dilakukan pengarang dalam dan melalui cerpen. Wonten ing novel saged ngandharaken/nyariosaken salah satunggaling cariyos kanthi wiyar bab kahanan utawi papan tartamtu. Kanthi menika, asring menawi manungsa wonten ing masarakat dados *pokok* perkawis ingkang narik kawigatosanipun para *novelis*.

Minangka salah satunggaling karya *fiksi*, novel inggih menika gambaran saking pagesangan saha solah bawa ingkang nyata wonten ing jaman wiwit novel menika dipunserat. *Unsur-unsur pembentuk novel* inggih menika *unsur intrinsik* saha *unsur ekstrinsik*. Novel nyariosaken kadadosan ingkang wonten ing pagesanganipun para paraganipun, kadadosan-kadadosan menika ingkang ndadosaken *konflik*. *Konflik* saha prastawa-prastawa ingkang kadadosan ing karya sastra kedah wonten, ananging ugi wonten *unsur-unsur* sanesipun ingkang saged ndadosaken *totalitas* kangge karya sastra.

Psikologi inggih menika *unsur intrinsik* saking karya sastra, *peranan psikologi* wonten ing karya sastra penting sanget. *Peranan psikologi* wonten ing karya sastra dipunginakaken kangge *menghidupkan karakter* saking para paraga ingkang dipundamel dening pangripta. Anatawisipun *psikologi* kalihan novel utawi karya sastra gadhah gayutan ingkang *fungsional* inggih menika kakalihipun sami-sami migunani minangka sarana kangge nyinaoni *aspek kejiwaan* manungsa. Bedanipun ingkang wonten ing karya sastra novel *gejala kejiwaan* manungsa ingkang *imajiner*, nanging wonten ing *psikologi* manungsa menika *riil/nyata*.

Wonten ing novel kathah paraga ingkang gadhah *karakterisasi* piyambak-piyambak. Paraga-paraga dipungambaraken dening pangripta wonten ing karya sastra kanthi maneka warna supados karya sastra langkung narik kawigatosan saha pamaos saged ngraosaken kahanan menapa ingkang dipuncariyosaken wonten ing karya sastra. Paraga-paraga gadhah watak ingkang beda-beda antawisipun paraga satunggal kalihan paraga sanesipun, menika ingkang dipunsebat *perwatakan*.

4. *Perwatakan*

Miturut Jones (lumantar Nurgiyantoro 1995: 165) *perwatakan* inggih menika *pelukisan* utawi *gambaran* ingkang cetha bab salah satunggaling tiyang ingkang dipunandharaken wonten ing salah satunggaling cariyos. *Tokoh cerita* (*character*) miturut Abrams (lumantar Nurgiyantoro 1995: 165) inggih menika tiyang ingkang dipunpratelakaken wonten ing *karya naratif* utawi *drama* ingkang dening pamaos dipuntegesi gadhah *kualitas moral* saha menapa ingkang dipunandharaken awujud tembung. *Karakterisasi* asring dipunsebat tegesipun sami kalihan *karakter*, *perwatakan* utawi *watak*, sedaya menika ngandharaken kahanan *watak* saking paraga wonten ing salah satunggaling cariyos.

Wellek & Warren (1990: 287-288) *bentuk penokohan yang paling sederhana dapat dilakukan dengan cara, (a) pemberian nama atau memberi kepribadian, menghidupkan, (b) cara yang lebih subtil adalah dengan memberi nada onomatope, (c) menguraikan secara rinci penampilan fisik mereka dalam satu alenia, dan satu alenia lagi untuk menganalisis sifat moral dan psikologi mereka.*

Kadospundi wujudipun pacelathon ingkang wonten ing cariyos saged nggambaraken kadospundi *watak* paraga wonten ing cariyos. Wonten ing Wiyatmi (1999: 68) *salah satu tuntutan karakter tokoh adalah adanya dimensi psikologis tokoh, di samping dimensi sosial dan fisik*. Kangge nggambaraken watak salah satunggaling paraga wonten ing cariyos saged dipunpirsani saking pamikiranipun paraga saha tumindakipun paraga. Sanesipun menika, watak saking salah satunggaling paraga ugi saged dipunpirsani saking gambaran *lingkungan*-ipun. Pamanggih saking paraga sanes ugi saged dados gambaran saking paraga sanesipun.

Perwatakan ingkang dipunpirsani saking *fisik* inggih menika *penggambaran* paraga saking *fisik* paraganipun kados dene sulistya, gagah saha sanesipun. *Perwatakan sosial* wonten gayutanipun kalihan *lingkungan*-ipun upaminipun *penggambaran* saking paraga minangka dwija, karyawan, seniman lan sapanunggalanipun. Lajeng *perwatakan psikologis* inggih menika *penggambaran* saking paraga ingkang dipunpirsani saking segi *kejiwaan*-ipun kadosdene nglamun, seneng piyambakan, mesem-mesem piyambakan lan sanesipun. Kanthi cara *fisik* saha *sosial* boten saged uwal saking kadadosan-kadadosan ingkang mangaribawani sisi *psikologis*-ipun saengga bab-bab ingkang dipunandharaken ing nginggil menika ugi kedah dipungatosaken.

Dados, kangge nganalsis *perwatakan* saking salah satunggaling paraga wonten ing karya sastra kedah adhedhasar saking *teori* saha *hukum-hukum psikologi* ingkang ngandharaken solah bawa saha *karakter* manungsa. Adhedhasar saking *segi psikologis*-ipun, wonten gayutan antawisipun

perwatakan kalihan *psikologi* amargi wonten ing cariyos novel limrahipun dipuncariyosaken langkung jangkep, upaminipun ingkang wonten gayutanipun kalihan solah bawa, sipat saha *kebiasaan*. *Kejiwaan* para paraga wonten ing *novel* menika gambaran saking manungsa ingkang gesang ing alam nyata minangka model dening salah satunggaling pangripta.

Perwatakan wonten ing panaliten menika dipunfokusaken dhateng paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*. Amargi paragatama langkung asring dipuncariyosaken wonten ing novel, pamanggih sanesipun inggih menika watak ingkang dipungadhahi dening paragatama langkung kathah saha *kompleks* katimbang paraga sanesipun.

5. Paraga Utama/paragatama

Tokoh/paraga cariyos menika paraga ingkang ngandharaken piwulang-piwulang, *amanat*, *moral*, saha menapa kemawon ingkang badhe dipunandharaken dening pangripta dhateng pamaos. Wonten ing salebeting novel kathah paraga-paraga ingkang dipuncariyosaken. Nanging gayutanipun kalihan sadaya cariyos, paraga satunggal kalihan paraga sanesipun *peran*-ipun beda-beda. Dipunpirsani saking *segi peranan* utawi *tingkat penting*-ipun paraga wonten ing salah satunggaling cariyos, wonten ingkang kagolong paraga ingkang penting saha *dominasi*-nipun ageng wonten ing cariyos, nanging wonten ugi paraga ingkang kirang penting utawi awis-awis dipuncariyosaken, menika dados paraga panyengkuyung wonten ing cariyos.

Nurgiyantoro (1995: 176) paragatama inggih menika paraga ingkang dipunutamakaken panyariyosanipun wonten ing novel. Paragatama langkung

asring dipuncariyosaken, menapa dene minangka paraga ingkang ndadosaken perkawis utawi paraga ingkang nglampahi perkawis. Amargi paragatama langkung asring dipuncariyosaken saha wonten gayutanipun kalihan paraga sanesipun, sanget nemtokaken ngrembakanipun *plot* sedayanipun. Paragatama wonten minangka paraga ingkang nglampahi *konflik*.

Wonten ing Sayuti (2000: 68) *orang-orang atau tokoh dalam fiksi “mirip” dengan orang-orang dalam kehidupan nyata*. Selajengipun Sayuti (2000: 72) *pada dasarnya terdapat dua cara untuk menentukan relevansi kehadiran tokoh. Pertama, seorang tokoh dinyatakan relevan dengan kita atau dengan pengalaman kita apabila karakter tokoh itu seperti diri kita atau seperti orang lain yang kita ketahui. Kedua tampak jika sisi-sisi kehidupan tokoh yang dianggap menyimpang, aneh, dan luar biasa, terdapat atau terasakandalam diri kita*.

Saking andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih paraga-paraga wonten ing karya *fiksi* kados dene novel, geguritan, lan sapanunggalanipun saged nggambaraken saking manungsa wonten ing pagesangan nyata utawi saking *pengalaman*-ipun pangripta menika piyambak.

Paraga/*tokoh* inggih menika tiyang ingkang dados paraga wonten ing karya sastra. Wonten ing karya sastra limrahipun kathah paraga-paraganipun, ananging paraga ingkang penting sanget *peran*-ipun wonten ing karya sastra inggih menika paragatama. Adhedhasar novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, paragatamanipun inggih menika Wimbadi. Wimbadi minangka paragatama, langkung asring dipuncariyosaken saha wimbadi langkung *mendominasi* saben-saben kadadosan ingkang wonten ing cariyos sarta prastawa-prastawa ingkang ndadosaken *konflik-konflik* ingkang dipunlampahi.

Paragatama menika paraga ingkang kathah gayutanipun kalihan paraga sanesipun, sampun cetha bilih paragatama langkung asring dipuncariyosaken.

Kathah perkawis-perkawis ingkang dipunlampahi dening paragatama, saking perkawis-perkawis menika ingkang ndadosaken *konflik*. *Konflik-konflik* menika saged awujud *konflik sosial*, *konflik batin* utawi *psikis* saha *konflik* sanesipun.

6. *Konflik*

Konflik inggih menika kadadosan ingkang kagolong penting sanget, minangka *unsur* ingkang *esensial* kangge ngrembakanipun *plot* wonten ing cariyos. Ngrembakanipun *plot* wonten ing *karya naratif* saged dipunmangaribawani dening wujud saha wosing *konflik*, *konflik* ingkang dipunwontenaken (Nurgiyantoro 1995: 122). Dados *konflik* inggih menika salah satunggaling kadadosan ingkang boten ngremenaken saha ndadosaken salah satunggaling *aksi* utawi *reaksi*, sadaya menika dipunlampahi dening paraga wonten ing cariyos.

Prastawa saha *konflik* limrahipun gadhah gayutanipun, kakalihipun saged ndadosaken satunggal kalihan sanesipun. Amargi wontenipun *konflik* saged ndadosaken wontenipun prastawa-prastawa tartamtu minangka *akibat*-ipun. *Konflik* satunggal kalihan *konflik* sanesipun ingkang dipuntambahi prastawa satunggal kalihan prastawa-prastawa sanesipun ndadosaken *konflik* ingkang kalampahan mindhak. *Konflik* ingkang *kompleks* saha sampun ngantos pungkasan dipunsebat *klimaks*.

Wujud prastawa wonten ing cariyos, saged awujud prastawa *fisik* utawi *batin*, kakalihipun prastawa gadhahi gayutan. Wujud *konflik* minangka wujud kadadosan ugi saged dipunperang dados kalih inggih menika *konflik fisik* saha *konflik batin*, *konflik eksternal* saha *konflik internal* (Stanton lumantar

Nurdiyantoro 1995: 124). Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih prastawa-prastawa ingkang wonten ing cariyos saged ndadosaken wontenipun *konflik*, saking prastawa-prastawa ingkang dipunlampahi dening paraga saged ndadosaken paraga ugi nglampahi *konflik*. Prastawa saha *konflik* dipunperang dados kalih inggih menika *fisik* saha batin, kekalihipun menika tansah gegayutan.

Konflik eksternal inggih menika *konflik* ingkang kadadosan antawisipun salah satunggaling paraga kalihan *lingkungan*. Lajeng kanthi menika, *konflik eksternal* ugi dipunbedakaken dados kalih kategori: *konflik fisik* (*physical conflict*) saha *konflik sosial* (*social conflict*) (Jones lumantar Nurdiyantoro 1995: 124). *Konflik internal* (*konflik kejiwaan*) wonten ing pamanggih sanesipun inggih menika *konflik* ingkang kadadosan wonten ing manah, jiwaniipun salah satunggaling paraga utawi paraga-paraga wonten ing cariyos. Dados, *konflik* ingkang dipunlampahi dening manungsa kalihan dirinipun piyambak, upaminiipun *konflik* menika kadadosan amargi wontenipun *pertentangan* saking kalih pepenginan, kapitadosan pilihan ingkang beda, pangajeng-ajeng, utawi perkawis-perkawis sanesipun.

Wonten ing panaliten menika, ingkang dipunandharaken *konflik internal*. Amargi *konflik internal* inggih menika *konflik* ingkang kadadosan wonten ing manah, jiwaniipun salah satunggaling paraga. Dados *konflik* ingkang kadadosan wonten ing paraga menika piyambak. Wujud saking *konflik internal* antawisipun awujud dredah antawisipun kalih pepenginan, kapitadosan saha

pilihan ingkang beda, pangajeng-ajeng saha perkawis ingkang dipunlampahi dening paraga saha minangka perkawis *intern* saking manungsa.

Saking sedaya *konflik* menika, antawisipun *konflik* satunggal kalihan sanesipun gadhahi gayutan. *Konflik-konflik* menika saged kalampahan sesarengan saha dipunlampahi dening paraga cariyos wonten ing wekdal sesarengan ugi nanging *tingkat intensitas*-ipun boten sami. *Tingkat kompleksitas konflik* ingkang wonten ing karya *fiksi* dipundadosaken kangge nemtokaken *kualitas, intensitas* saha narik kawigatosan karya menika.

B. Nalaring Panaliten

Karya *fiksi psikologis* inggih menika salah satunggaling *istilah* ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken salah satunggaling novel ingkang gayutanipun kalihan *spiritual, emosional* saha *mental* saking para paraga kanthi cara nganalisis *konflik psikologis* ingkang dipunlampahi wonten ing cariyos. *Psikologi sastra* nganalisis *teks* kanthi ngginakaken *teori psikologi*. Dipunfokusaken wonten ing *perwatakan* paragatama saha *konflik batin* utawi *konflik psikis*-ipun ingkang dipunlampahi dening paragatama.

Wonten ing panaliten menika nliti bab *konflik psikologis* saking paragatama, Wimbadi menika minangka paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*. Kanthi nliti bab *konflik psikologis*, samangke saged dipunmangertosi kadospundi *perwatakan* saking paragatama saha *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama. Gayutan antawisipun *perwatakan* kalihan *konflik* inggih menika watak ingkang wonten ing salah

satunggaling paraga saged mangaribawani dadosipun *konflik* ingkang dipunlampahi dening paraga menika.

C. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken dening Prima Rafik Mustafa angkatan 2007 kanthi irah-irahan “*Perwatakan Tokoh Utama dalam Novel Garuda Putih Karya Suparto Brata*”. Lajeng sanesipun inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken dening Ani Dessy Arifianie angkatan 2007 kanthi irah-irahan “*Konflik Batin Tokoh Utama Dalam Novel Katresnan Lingsir Sore Karya Yunani*”.

Panaliten menika jumbuh kalihan panaliten ingkang dipuntindakaken Prima kalihan Ani amargi wosing prakawis saking panaliten kakalihipun sami. Sami-sami ngrembag bab *perwatakan* saha *konflik psikologis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing salah satunggaling novel. Bedanipun wonten ing novel ingkang dipunginakaken kangge *sumber data*. Panaliten ingkang dipunlampahi dening Prima, novel ingkang dipunginakaken inggih menika novel *Garuda Putih* anggitanipun Suparto Brata. Lajeng Panalitenipun Ani ngginakaken novel *Katresnan Lingsir Sore* anggitanipun Yunani. Ananging wonten ing panaliten menika ngginakaken novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata minangka *sumber data*-nipun.

BAB III CARA PANALITEN

A. Pendekatan Panaliten

Panaliten bab *konflik psikologis* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata ingkang dipunfokusaken dhateng *perwatakan* kalihan *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatamanipun kanthi ngginakaken teorinipun Sigmund Freud. Dados *pendekatan* panalitenipun inggih menika *pendekatan psikologi* sastra. Wonten ing Ratna (2004: 342) ngandharaken bilih ancasipun *psikologi* sastra inggih menika kangge mangertosi *aspek-aspek kejiwaan* ingkang wonten ing salah satunggaling karya sastra.

Wonten ing panaliten menika ugi mbetahaken *metode, metode* ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken bab *perwatakan* kalihan *konflik psikis* ingkang dipunpirsani saking *aspek psikis* paraganipun inggih menika *metode deskriptif*. *Metode deskriptif* gadhah ancas supados damel *deskripsi* utawi andharan kanthi *sistematis, faktual* utawi *akurat* wonten ing gayutanipun kalihan *sumber data*. Panaliti ngandharaken asiling panaliten awujud data *deskriptif* inggih menika asiling nganalisis novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.

B. Data saha Sumbering Data

Data wonten ing panaliten menika arupi *perwatakan* paragatama, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama saha wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing

novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata ingkang dipuntliti mawi kajian *psikologi* Sastra. Sumber data wonten ing panaliten awujud novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata ingkang dipunterbitaken dening Penerbit Narasi Yogyakarta taun 2012, cetakan kaping sepisan.

C. Caranipun Ngempalaken Data

Cara kangge ngempalaken data wonten ing panaliten menika wonten kalih, maos kalihan nyathet. Lampahing kangge ngempalaken data ingkang sepisanan inggih menika *teknik* maos, lampahipun dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Maos sedaya wosing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata kanthi *cermat*.
2. Maos novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* kanthi mangertosi *kutipan* ingkang awujud tembung, ukara, *paragraf* saha pacelathon ingkang ngandharaken bab *perwatakan* kalihan *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatamanipun.
3. Ngandharaken data ingkang sampun dipunangsali. Sasampunipun maos kanthi *cermat* dhateng wacana bab *perwatakan* kalihan *konflik psikis* saking data ingkang sampun wonten ing novel utawi saking teori sanesipun ingkang dados panjurung.

Sasampunipun nglampahi *teknik* maos, *teknik* ingkang kaping kalih inggih menika nyathet. Lampahipun dipunandharaken ing ngandhap menika.

1. Nyathet andharan babagan paragatama ingkang awujud *perwatakan* kalihan *konflik psikis*. Salajengipun data dipun-klasifikasikaken adhedhasar *aspek-aspek* ingkang badhe dipuntliti saha dipun-kaji ngginakaken *psikologi* sastra.
2. Nglebetaken data menika wonten ing *kartu data* (alat bantu panaliten) saha nyathet *deskripsi* data menika. Data ingkang dipuncathet bab *perwatakan* paragatama kalihan wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.

D. Pirantining Panaliten

Piranti panaliten wonten ing panaliten menika awujud *kartu data*. *Kartu data* menika dipunginakaken kangge nyerat data-data ingkang dipunpanggihi wonten ing pamaosan novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* menika. Wujud saking kartu datanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Tabel.1 *Perwatakan* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking Paragatama	Struktur Kapribaden			Kat
				<i>Id</i>	<i>Ego</i>	<i>Superego</i>	

Tabel. 2 Wujud *konflik psikis* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud <i>konflik Psikis</i>	Struktur Kapribaden			Kat
				<i>Id</i>	<i>Ego</i>	<i>Superego</i>	

E. Caranipun Nganalisis Data

Teknik analisis data ingkang dipunlampahi wonten ing panaliten menika *teknik deskriptif*. Lampahipun wonten ing *teknik deskriptif* dipunandharaken ing ngandhap menika.

1. *Kategorisasi* inggih menika data dipunpontho-pontho adhedhasar *kategori* utawi *aspek-aspek* ingkang dipuntliti jumbuh kalihan *fokus* panaliten dhateng *kartu data-nipun*.
2. *Tabulasi* inggih menika *menyajikan* data ingkang badhe dipuntliti awujud *tabel*. Data menika minangka asil *kategori* bab *aspek-aspek* ingkang badhe dipuntliti dipun-lajengaken kanthi *analisis deskriptif*. *Analisis* menika dipunlampahi kanthi cara *menginterpretasikan* menapa kemawon ingkang dipunlampahi dening paragatama mawi *aspek-aspek* ingkang badhe dipuntliti.
3. *Menginterpretasikan* asiling *kategorisasi tahap* saderengipun kanthi teori Sigmund Freud.
4. *Inferensi* inggih menika damel dudutan saking data-data ingkang sampun wonten. *Inferensi* inggih menika negesi data ngginakaken *konsep teori* ingkang dados panjurung.

F. Caranipun Ngesahaken Data

Data wonten ing panaliten menika kedah leres saha *valid*. Kangge ngecek kaleresan data, caranipun inggih menika ngginakaken *validitas* kalihan *reliabilitas*. *Validitas* wonten ing panaliten menika *validitas semantik* ingkang dipunlampahi kanthi ngamati data-data ingkang kalebet *perwataan* paragatama saha *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama dipuntegesi jumbuh kalihan *konteks*-ipun. Tuladhanipun :

Aku mikir-mikir. “Aku ora nduwe kertas sing memper, ki yen kanggo ngono.”

*“Mengko dakgoleke kertas,” wangsulane Dasiyun, **marakake kenceng maneh karepku nggregik katresnane Kingkinarti.***

Tuladha ing nginggil menika ngandharaken bilih Wimbadi gadhah watak niyat ingkang kenceng.

Selajengipun, kangge pikantuk data ingkang *valid*, asil panaliten menika ugi dipun-konsultasikaken kalihan ahli wonten ing bidang sastra (*expert judgment*) inggih menika dosen pembimbing. *Reliabilitas* data ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas intrarater* inggih menika kanthi cara maos saha *mengkaji ulang* ngantos pikantuk data ingkang *konsisten*. Panaliten menika ugi ngginakaken *reliabilitas interrater* inggih menika dipunlampahi kanthi cara *konsultasi* utawi nyuwun pirsa dhateng dosen pembimbing utawi pihak sanesipun ingkang mangertosi bab menika.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten inggih menika *perwatakan* paragatama, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama saha wataking paragatama wonten salebeting *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*. Asiling panaliten menika dipunandharaken kanthi ngginakaken *tabel* lajeng supados langkung *detail/rinci* samangke dipunandharaken malih wonten ing pirembagan. Wonten ing panaliten menika ngginakaken *pendekatan psikologi* sastra ingkang dipunandharaken dening Sigmund Freud. *Psikologi* inggih menika *unsur intrinsik* saking karya sastra, dados *psikologi* kalihan sastra gadhah gayutan ingkang raket. Wonten ing *pendekatan psikologi* sastra samangke ngginakaken *teori psikoanalisis* ingkang wonten gayutanipun kalihan fungsi saha mindhakipun *mental* manungsa, dados *psikoanalisis* minangka perangan saking *psikologi*. Miturut Sigmund Freud, *Psikoanalisis* inggih menika sadaya *gejala* ingkang asipat *mental*, asipat boten *sadar* ingkang katutup dening *alam kesadaran*. Wonten ing *psikologi* sastra, dipunandharaken bilih *psikoanalisis* wonten *unsur kejiwaan/struktur* kapribaden ingkang dipunperang dados tigang unsur inggih menika *id*, *ego* saha *superego*.

1. *Sinopsis Novel Kadurakan ing Kidul Dringu*

Wimbadi pemudha asli saking Sala, amargi padamelanipun dipunpindhah dhateng Probolinggo, lajeng Wimbadi pindhah wonten ing kutha Probolinggo.

Wimbadi mapan wonten ing desa Dringu, wonten ing dalemipun Mbakyu Pandam kalihan Mas Pandam. Mas Pandam piyambakan amargi garwanipun inggih menika Mbakyu Pandam, mapan wonten ing Sala. Wimbadi kalihan Mas Pandam gadhah kewan ingon-ingonan segawon ingkang dipunjenengi Tambur. Desa Dringu, desa alit ingkang wonten ing sisih wetanipun kitha Probolinggo.

Tanggal 21 Juli 1947, desa Dringu dipunserang tentara Walandi, kitha Probolinggo ugi kitha-kitha ing Jawa Timur sanesipun ugi dipunjajah dening Walandi. Wimbadi kalihan Mas Pandam medal saking desa Dringu kanthi niyat badhe ngungsi, ananging rikala Wimbadi kalihan Mas Pandam mlajar, Mas Pandam kenging tembak mustakanipun lajeng seda. Wimbadi nglajengaken mlajar nilar jisimipun Mas Pandam supados piyambakipun slamet saengga Wimbadi ngantos dumugi desa sakidulipun Dringu.

Wonten ing salah satunggaling dinten, Wimbadi dipunbiyantu dening masarakat desa kidul Dringu mendhet jisimipun Mas Pandam lajeng dipunsarekaken. Tiyang ingkang ngungsi wonten ing desa kidul Dringu boten namung Wimbadi, nanging ugi kathah tiyang saking pundi kemawon papanipun ingkang ngungsi ing desa kidul Dringu. Wonten ing desa kidul Dringu, wonten ing ngriku Wimbadi kepanggih kalihan kanca ingkang asalipun saking Surabaya inggih menika Dulmanan. Wimbadi ugi kepanggih kalihan wanudya sulistya ingkang dados pepujaning ati inggih menika Kingkinarti. Amargi wontenipun Kingkinarti, Wimbadi ngraos boten kasepen malih ngungsi ing desa kidul Dringu.

Wonten ing desa kidul Dringu, pemudha pengungsi boten mendel kemawon. Pemudha-pemudha ingkang ngungsi sami nyusun kekiyatan kangge damel dredah dhateng tentara Walandi, lajeng wonten ing salah satunggaling ndalu sadaya pemudha pejuwang sarujuk badhe ngawontenaken serangan. Serangan dipunpimpin dening Mas Adi Waluya minangka kepala regu. Nalika ngawontenaken serangan dhateng tentara Walandi, wonten kanca pejuwang ingkang kenging tembak, inggih menika Dulmanan utawi kasebat Dul Genuk. Dulmanan ingkang kenging tembak dipunbekta wangsul malih dhateng pengungsan, lajeng dipunpapanaken wonten ing langgar.

Dinten salajengipun, Pak Kamituwa rawuh wonten ing langgar kalihan dhukun ingkang badhe ngobati Dulmanan. Pak dhukun ngginakaken jampajampi mantra, ananging dhukun menika boten sanggup ngobati Dulmanan, amargi kedah dokter ingkang ngobati. Dasiyun dados kanca ingkang tansah bekti mbiyantu Dulmanan, inggih menika kanthi mangku gigiripun Dulmanan. Kingkinarti ugi ingkang dados jururawatipun Dulmanan.

Dulmanan ingkang sekarat, tutukipun medalaken swanten “Azizziss-ziss! Azizziss-ziss!”. Swantenipun Dulmanan ndadosaken wontenipun kadadosan-kadadosan aneh. Kados ta, Kusman ingkang anyang-anyangen, Wimbadi asring mutah-mutah, ugi kathah kadadosan sanesipun ingkang ndadosaken swasana desa kidul Dringu boten tenang. Swanten menika ingkang ngengiris manah saha ndadosaken siksaniipun dhateng tiyang ingkang mireng. Kanca pejuwang rumaos boten betah, boten tenang saha ngraos dipunsiksa amargi mireng

swantenipun Dulmanan. Mambetipun Dulmanan ugi sampun boten sekeca amargi Dulmanan sampun bebuang wonten ing ngriku.

Saengga wonten ing salah satunggaling ndalu, kanca pemudha pejuwang kempal wonten ing langgar saperlu badhe ngawontenaken rembagan bab Dulmanan. Asiling rembagan inggih menika Dulmanan dipuntembak ngginakaken pistulipun Wimbadi, sinten ingkang kedah nembak dipunpilih kanthi cara lotre. Miturut sadaya pemudha pejuwang, cara menika ingkang prayogi katimbang ndedawa lara saha nyiksa kanca ingkang waras amargi mireng swantenipun Dulmanan. Ananging wonten prejanjen ingkang wosipun bilih sampun ngantos wonten tiyang sanes ingkang mangertosi sedanipun Dulmanan ingkang dipuntembak kajaba kanca pemuda pejuwang ingkang ndherek rembagan.

Sasampunipun sadaya kanca pemudha pejuwang mendhet kertas lotre, Dasiyun dados tiyang ingkang kedah nembak Dulmanan, amargi Dasiyun pikantuk kertas lotre ingkang wonten seratan “tembak”. Saderengipun nglampahi kewajiban nembak Dulmanan, Dasiyun dipunsinaoni caranipun ngginakaken pistul.

Sasampunipun Dulmanan seda, dinten-dinten salajengipun Dasiyun dados asring nangis amargi sampun nglampahi prentah nembak Dulmanan. Pemudha pejuwang ugi awis-awis kempal wonten ing langgar, ingkang kempal ing langgar namung Wimbadi, Martimbang saha Martimbul. Wonten ing salah satunggaling ndalu, Dasiyun rawuh wonten ing dalemipun Pak Guru Bakir badhe kepanggih kalihan Wimbadi. Dasiyun ngendika menawi piyambakipun

badhe ngawontenaken pembalasan, lajeng Dasiyun ngampil pistulipun Wimbadi.

Enjing-enjing kathah tiyang wonten ing ngajeng langgar, pranyata Dasiyun seda bunuh dhiri ngginakaken pistulipun Wimbadi, pistol ingkang dipunampil ing ndalunipun. Lajeng jisimipun Dasiyun dipunsarekaken. Ananging boten wonten kanca pemudha pejuwang ingkang ndherek ngopeni, kajaba Wimbadi, Martimbang saha Martimbul.

Kathah kadadosan-kadadosan sanesipun ingkang boten limrah bibar Dulmanan seda dipuntembak dening kanca piyambak, kados dene Kusman nginglung, Dasiyun bunuh dhiri, Narwata tiwas dening tentara Walandi, saha Ananta kecekel tentara Walandi. Awit wontenipun kadadosan-kadadosan menika, Wimbadi ngrumaosi menawi tumindak nembak Dulmanan menika dados tumindak duraka. Kanca pejuwang ingkang waras namung Martimbang saha Martimbul, sanesipun sampun ketaman lelara siksane. Kanthi gadhah niat ingkang kenceng Wimbadi medal saking desa kidul Dringu amargi rumaos duraka saha licik.

Desa kidul Dringu dipuntilar, lajeng Wimbadi kondur malih dhateng Sala, amargi piyambakipun pancen priyantun asli saking Sala. Wonten ing salah satunggaling dinten nalika ing Sala Wimbadi kepanggih malih kalihan Kingkinarti, wanudya ingkang dipuntresnani Wimbadi nalika ing desa kidul Dringu. Lajeng Wimbadi badhe kepanggih kalihan Kingkinarti, ananging Kingkinarti boten kersa kepanggih kalihan Wimbadi. Sampun kopang-kaping Wimbadi badhe kepanggih kalihan Kingkinarti, nanging Kingkinarti boten

kersa kepanggih kalihan Wimbadi. Nembe kaping gangsalipun, Kingkinarti kersa kepanggih kalihan Wimbadi.

Wimbadi ngandharaken sadaya kekajenganipun ingkang badhe palakrama kalihan Kingkinarti. Kingkinarti sarujuk pangajakipun Wimbadi, lajeng Wimbadi kalihan Kingkinarti palakrama. Sanajan Kingkinarti sampun ngandhut, nanging Wimbadi tetep nrima kanthi eklas kadospundi kemawon kahananipun Kingkinarti. Kingkinarti ingkang sampun dados garwanipun Wimbadi, dipunboyong ing dalemipun wonten ing Kampung Kalitan.

Sonten-sonten rikala Wimbadi kalihan Kingkinarti lungguhan ing ngajeng dalemipun, kekalihipun gineman babagan sadaya ingkang kalampahan rikala ngungsi ing desa kidul Dringu. Kingkinarti ngendika menawi masarakat desa kidul Dringu ingkang duka dhateng pemudha perjuwangan lajeng dipunusir saking desa kidul Dringu, kados dene Basuki, Martimbang saha Martimbul lan sanesipun. Miturut masarakat desa kidul Dringu, sadaya kadurakan ingkang kalampahan ing desa kidul Dringu menika amargi Wimbadi.

Inkang sepisanan amargi Wimbadi gadhah kewan ingon-ingonan segawon, lajeng amargi pistulipun Wimbadi saengga ndadosaken sedanipun Dulmanan kalihan Dasiyun. Wimbadi ugi sampun tumindak degsiya dhateng Naraindras kanthi nyentak-nyentak Naraindras, pranyata Naraindras menika kepranan dhateng Wimbadi. Saengga amargi Naraindras kelaran manahipun, lajeng Naraindras ngandharaken tumindak-tumindak ingkang boten becikipun Wimbadi dhateng masarakat desa kidul Dringu. Saengga masarakat desa kidul Dringu tambah duka dhateng Wimbadi.

Kingkinarti ugi ngendika kenging menapa piyambakipun ngantos ngandhut, Kingkinarti ngakoni urun kadurakan ing desa kidul Dringu. Kingkinarti bandrek jinah kalihan Dulmanan, saengga ndadosaken Kingkinarti ngandhut. Sanalika Wimbadi kaget, Wimbadi nginten menawi bapak ingkang dipunkandhut dening Kingkinarti menika Dasiyun. Sadaya ingkang dipunandharaken dening Kingkinarti menika warta ingkang enggal kangge Wimbadi. Wimbadi boten nginten sampun nglampahi kadadosan-kadadosan ingkang kados makaten. Ananging sadaya kadurakan ingkang sampun kalampahan ing desa kidul Dringu rikala jaman penjajahan sampun kliwat, samenika Wimbadi kalihan Kingkinarti sampun gesang bebrayan.

Paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* inggih menika Wimbadi. Wonten ing nginggil Wimbadi dados paraga ingkang langkung kathah panyariyosanipun katimbang paraga sanesipun, kados dene Kingkinarti, Dasiyun, Dulmanan lan sanesipun. Wonten ing cariyos ing nginggil menika ugi dipunandharaken menawi Wimbadi dados paraga ingkang kathah nglampahi kadadosan-kadadosan ingkang wonten ing cariyos. Saben kadadosan-kadadosan ingkang dipunlampahi dening paraga, Wimbadi dados paraga ingkang tansah gegayutan kalihan paraga-paraga sanes nalika nglampahi kadadosan saha *konflik*. Wimbadi nemtokaken ngrembakanipun cariyos kanthi sedayanipun saking wiwitan ngantos pungkasan.

Wonten ing salebetipun novel ingkang kaperang dados wolu bab, Wimbadi asring wonten ing cariyosipun minangka paraga. Kados dene wonten ing bab sepisanan, nyariosaken kawontenanipun Wimbadi rikala desa dringu

dipunserang dening Walandi. Wonten ing bab kalih nyariosaken Wimbadi ingkang gadhah kekendelan saengga wantun ngrebut pistol ingkang dipunasta dening tentara Walandi. Lajeng wonten ing bab tiga kaca 29, nyariosaken Wimbadi ingkang kepanggih kalihan wanudya sulistya inggih menika Kingkinarti, saengga ndadosaken Wimbadi tresna kalihan Kingkinarti. Ugi wonten ing bab-bab salajengipun ngantos pungkasan, sadaya nyariosaken Wimbadi.

Wimbadi minangka paragatama pikantuk *peran* utawi perangan ingkang kathah ing cariyosipun. Wimbadi langkung kathah nindakaken sambung ginem saha gegayutan kalihan paraga sanesipun. Sanesipun paragatama kasebut, wonten paraga tambahan ingkang gegayutan kalihan paragatama. Paraga tambahan kasebut njurung lelampahipun cariyosipun paragatama.

Adhedhasar menika, sampun nedahaken bilih Wimbadi menika dados paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*. Saengga wonten ing panaliten menika nliti paragatama kangge dipuntliti *konflik psikologis*-ipun. Asiling panaliten *perwatakan* paragatama saha *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata adhedhasar *teori psikoanalisis* Sigmund Freud dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

2. *Perwatakan* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*

Saben-saben *tokoh*/paraga wonten ing karya sastra gadhah *watak* ingkang beda. Kangge nemtokaken *perwatakan* paragatama wonten ing panaliten

menika ngginakaken *teori psikoanalisis* mawi *teori kepribadian* inggih menika *id, ego* saha *superego*, ingkang dipunandharaken dening Sigmund Freud.

Wonten ing panaliten menika nлити paragatama inggih menika Wimbadi. Amargi Wimbadi minangka paraga ingkang langkung asring dipuncariyosaken, Saben-saben cariyos ingkang wonten ing novel, wonten panyariyosanipun Wimbadi ingkang tansah gegayutan kalihan paraga-paraga sanesipun. Wimbadi ugi dados paraga ingkang langkung kathah nglampahi prastawa-prastawa wonten ing cariyos.

Paragatama dados paraga ingkang dipunutamakaken panyariyosipun wonten ing novel. Paragatama minangka paraga ingkang ndadosaken perkawis utawi paraga ingkang nglampahi perkawis. Amargi paragatama langkung asring dipuncariyosaken saha wonten gayutanipun kalihan paraga sanesipun, sanget nemtokaken ngrembakanipun *plot* wonten ing cariyos. Paragatama wonten minangka paraga ingkang nglampahi *konflik*.

Kangge nganalsis *perwatakan* saking salah satunggaling paraga wonten ing karya sastra kedah adhedhasar saking teori saha *hukum-hukum psikologi* ingkang ngandharaken solah bawa saha *karakter* manungsa. Adhedhasar saking *segi psikologis*-ipun, wonten gayutan antawisipun *perwatakan* kalihan *psikologi*, amargi wonten ing cariyos novel limrahipun dipuncariyosaken langkung jangkep, upaminipun ingkang wonten gayutanipun kalihan solah bawa, sipat saha *kebiasaan*.

Watak paraga saged dipungambaraken saking pangandikanipun paraga saha solah bawanipun. Watak ugi saged dipunpirsani saking *narasi* saha

pacelathon ingkang dipunlampahi dening paraga wonten ing cariyos. Kangge nggambaraken watak salah satunggaling paraga wonten ing cariyos saged dipunpirsani saking pamikiran, saha tumindakipun paraga. Sanesipun menika, *watak* saking salah satunggaling paraga ugi saged dipunpirsani saking gambaran *lingkungan*-ipun, pamanggih saking paraga sanes ugi saged dados gambaran saking paraga sanesipun.

Wonten ing ngandhap menika dipunandharaken watak paragatama Wimbadi wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata adhedhasar *teori psikoanalisis* Sigmund Freud.

Tabel.3 Perwatakan paragatama wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*

No	Struktur kapribaden Sigmund Freud	Wataking paragatama	No. Data
1.	<i>Id</i>	a. Kendel b. Pinter ethok-ethok c. Welas asih d. Gumunan e. Gampil duka	8,10 11 12,18 17,20,36 23,25,29,33,34
2.	<i>Ego</i>	a. Semangat b. Gampil nyepelkaken c. Gumunan d. Ngatos-atos e. Niyat ingkang kenceng	1 3 4, 6,16,19,27,37,39 9, 30 14, 32
3.	<i>Superego</i>	a. Peduli b. Rumaos duraka c. Niyat ingkang kenceng d. Pangerten e. Welas asih f. Remen tetulung g. Subasita	2 5, 7 31 15, 35, 38 21, 24, 26 22 13,28

Saking *tabel* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih watak ingkang dipungadhahi dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata adhedhasar *Struktur* kapribaden ingkang dipunandharaken dening Sigmund Freud. Miturut Freud (lumantar Minderop 2011: 20) *Tingkah laku menurut Freud, merupakan hasil konflik dan rekonsiliasi ketiga sistem tersebut*. Freud ngandharaken *psikisme* manungsa ingkang dipunperang dados tiga inggih menika *id*, *ego* saha *superego*.

Saking andharan ing nginggil, watak paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* inggih menika kendel, pinter ethok-ethok, welas asih, gumunan, gampil duka, *semangat*, gampil nyepelaken, ngatos-atos, niat ingkang kenceng, *peduli*, rumaos duraka, pangerten, remen tetulung saha subasita.

3. Konflik psikis paragatama wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*

Konflik inggih menika kadadosan saking perkawis-perkawis ingkang dipunwontenaken dening pangripta wonten ing salah satunggaling karya sastra. *Konflik* saged awujud *konflik sosial*, *konflik psikis (batin)* saha *konflik-konflik* sanesipun. Wonten ing Ratna (2004: 350) *Dengan memusatkan perhatian pada tokoh-tokoh, maka dapat dianalisis konflik batin*. Watak kalihan *konflik* wonten gayutanipun, amargi watak saking paragatama saged mangaribawani dhateng dadosipun *konflik* ingkang dipunlampahi dening paragatama menika.

Adhedhasar *teori psikoanalisis* Sigmund Freud, *struktur* kapribaden manungsa dipunperang dados tiga inggih menika *id*, *ego* saha *superego*. *Id*

inggih menika *dorongan primitif* ingkang wonten ing dhirinipun manungsa ingkang gadhah pepenginan kedah dipunjangkepi. *Ego* dados *struktur* kapribaden ingkang tumindakipun dados *pengarah* dhateng *dunia obyek* saking kasunyatanipun, dados *prinsip* saking *ego* inggih menika adhedhasar saking *prinsip* kasunyatan. *Struktur* kapribaden ingkang kaping tiga inggih menika *superego*, *superego* sami kados *hati nurani* manungsa ingkang mangertosi *nilai-nilai* asipat *evaluatif* (*baik-buruk*).

Wonten ing ngandhap menika *tabel konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata adhedhasar *teori psikoanalisis* Sigmund Freud.

Tabel.4 Wujud Konflik psikis paragatama wonten ing Novel Kadurakan ing Kidul Dringu

No	Nama paraga	Wujud konflik psikis paragatama	No. Data	Indikator
1.	Wimbadi kalihan Mas Pandam	Bingung	1	Wimbadi bingung saking pangajakipun Mas Pandam.
			2	Wimbadi mirsani Mas Pandam seda, lajeng panjenenganipun bingung kadospundi samangke ngaturi pirsu dhateng Mbakyu Pandam.
	Wimbadi kalihan Kingkinarti		7	Wimbadi bingung mirsani solah bawanipun Kingkinarti.

Table Salajengipun

No	Nama paraga	Wujud konflik psikis paragatama	No. Data	Indikator
	Wimbadi kalihan Basuki Wimbadi kalihan Dasiyun. Wimbadi kalihan Kingkinarti		8	Wimbadi menggalih ngendikanipun Kingkinarti. Kingkinarti ngendika sampun gadhah pacangan, nanging Sejatosipun menapa ingkang dipunkajengaken Kingkinarti awit ngendika makaten.
			9	Wimbadi bingung nalika badhe nyerat layang kangge Kingkinarti amargi Wimbadi dereng wonten gagasan ingkang badhe dipunandharaken.
			11	Wimbadi ethok-ethok sare, lajeng menggalih ngendikanipun Basuki bab Kingkinarti.
			19	Wimbadi bingung saking tumindakipun Dasiyun ingkang tansah suka semangat dhateng Wimbadi supados nyaketi Kingkinarti.
			20	Wimbadi bingung amargi raos tresnanipun dhateng Kingkinarti.
			27	Wimbadi bingung sejatosipun sinten bapak saking jabangbayi ingkang dipunkandhut dening Kingkinarti.
2.	Wimbadi kalihan Kingkinarti	Duka	5	Wimbadi menggalih patrapipun Kingkinarti saengga ndadosaken

Table Salajengipun

No	Nama paraga	Wujud konflik psikis paragatama	No. Data	Indikator
	Wimbadi kalihan Basuki		12	Wimbadi anyel. Wimbadi anyel amargi Basuki nandhingaken Kingkinarti kalihan Naraindras.
3.	Wimbadi kalihan Dasiyun	Boten teganan	17	Wimbadi boten tega mirsani kahananipun Dasiyun ingkang sayah mangku Dulmanan.
			14	Wimbadi boten tega nilar Dasiyun ingkang saweg majeng madosi Dulmanan.
			21	Wimbadi boten tega menawi Dasiyun ingkang kedah nembak Dulmanan.
			27	Wimbadi gadhah kathah pitakenan kangge Dasiyun, ananging
				mirsani kahanan saha mireng swantenipun Dasiyun ingkang welas asih, ndadosaken sedaya pitakenanipun Wimbadi sirep.
4.	Wimbadi kalihan Dulmanan	Ajrih	19	Wimbadi ngraos ajrih mbok menawi piyambakipun ingkang kedah nembak Dulmanan.
	Wimbadi kalihan Mas Pandam		3	Wimbadi ngraos duraka menawi badhe nilar jisimipun Mas Pandam, lajeng ngraos ajrih menawi badhe nilar desa

Table Salajengipun

No	Nama paraga	Wujud konflik psikis paragatama	No. Data	Indikator
				kidul Dringu.
5.	Wimbadi kalihan Kingkinarti	Kaget	28	Wimbadi kaget rikala kepanggih malih kalihan Kingkinarti.
	Wimbadi kalihan Naraindras		18	Wimbadi kaget rikala mireng ngendikanipun Naraindras menawi Dasiyun menika pacanganipun Kingkinarti.
			26	Wimbadi kaget amargi ngendika dhateng Naraindras bab ingkang dipunpenggalih dening piyambakipun.
6.	Wimbadi kalihan Tambur	Gumun	7	Wimbadi gumun amargi masarakat desa kidul Dringu boten remen kalihan Tambur.
7.	Wimbadi kalihan Dulmanan	Kuwatos	20	Wimbadi kuwatos menawi piyambakipun ingkang kedah nembak Dulmanan.
8.	Wimbadi kalihan Dasiyun	Boten nginten	25	Wimbadi boten nginten menawi Dasiyun mapan wonten ing dalemipun Kingkinarti.
	Wimbadi kalihan Dulmanan		31	Wimbadi boten nginten menawi mistul Dulmanan menika dados tumindak ingkang duraka.

Table Salajengipun

No	Nama paraga	Wujud konflik psikis paragatama	No. Data	Indikator
9.	Wimbadi kalihan Kingkinarti	Kuciwa	10	Wimbadi kuciwa amargi kanthi boten dipunsengaja nyepengi astanipun Kingkinarti, lajeng Kingkinarti nyentak piyambakipun.
			22	Wimbadi kuciwa amargi boten mangertosi bab sambet rapetipun Kingkinarti kalihan Dasiyun, sanajan Wimbadi kekancan raket kalihan Dasiyun.
10.	Wimbadi kalihan Kingkinarti	Trenyuh	30	Wimbadi trenyuh nalika mirsani Kingkinarti nangis sesenggrukan.

4. Wataking paragatama wonten salebeting wujud konflik psikis saha struktur kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.

Watak ingkang dipungadhahi dening paragatama, tansah gegayutan kalihan konflik ingkang dipunlampahi dening paragatama. Amargi saking salah satunggaling watak, saged ndadosaken ngrembakanipun konflik ingkang dipunlampahi dening paraga. Watak ingkang dipungadhahi dening paragatama wonten ing salah satunggaling novel langkung kompleks katimbang watak ingkang dipungadhahi dening paraga-paraga sanesipun. Saengga watak ingkang kompleks menika saged ndadosaken konflik psikis ingkang dipunlampahi dening paragatama ugi langkung kompleks. Watak saha konflik

psikis ingkang dipunlampahi dening paragatama kadadosan saking tigang unsur struktur kapribaden inggih menika *id*, *ego* saha *superego*.

Wonten ing ngandhap menika dipunandharaken tabel wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.

Tabel. 5 Watak paragatama wonten salebeting wujud konflik psikis saha struktur kapribaden novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*

No	Wataking paragatama	No Data	Struktur kapribaden	Wujud konflik psikis paragatama	No Data	Struktur kapribaden			Indikator
						Id	Ego	Superego	
1.	Gampil nyepelekaken	3	<i>Ego</i>	Bingung	1	✓	✓		<i>Id</i> ndadosaken Wimbadi manut pangajakipun Mas Pandam. <i>Ego</i> boten ngertos kenging menapa kedah medal wingking.
	Rumaos duraka	5	<i>Superego</i>		2	✓	✓		<i>Id</i> ndadosaken Wimbadi nggali Mbakyu Pandam. <i>Ego</i> nggali kadospundi samangke ngaturi pirs dhateng Mbakyu Pandam ing Sala.
	Gumunan	27	<i>Ego</i>		7	✓	✓	✓	<i>Ego</i> ndadosaken Wimbadi nggali tumindakipun Kingkinarti. <i>Superego</i> Wimbadi bingung kalihan Kingkinarti.
	Gumunan	39	<i>Ego</i>		8	✓	✓	✓	<i>Sistem ego</i> ndadosaken Wimbadi nggali ngendikanipu Kingkinarti. <i>Superego</i> ndadosaken Wimbadi nggali menapa ngendikanipun Kingkin menika namung kangge dalih kemawon.

Tabel Salajengipun

No	Wataking paragatama	No Data	Struktur kapribaden	Wujud konflik psikis paragatama	No Data	Struktur kapribaden			Indikator
						Id	Ego	Superego	
	Niyat ingkang kenceng	14	<i>Ego</i>	Bingung	9		✓	✓	Sistem <i>ego</i> saking Wimbadhi bingung amargi dereng mantep badhe nyerat layang kangge Kingkin, nanging <i>superego</i> meksa Wimbadhi kedah nyerat amargi Dasiyun sampun mbekta dlancang.
	Pinter ethok-ethok	11	<i>Id</i>		11		✓	✓	<i>Dorongan ego</i> ndadosaken Wimbadhi nggali cariyosipun Basuki bab Kingkin. <i>Superego</i> Wimbadhi ndadosaken Wimbadhi ethok-ethok sare nanging nggali ngendikanipun Basuki.
	Welas asih	24	<i>Superego</i>		19		✓	✓	<i>Ego</i> bingung saking tumindakipun Dasiyun. <i>Dorongan superego</i> ndadosaken Wimbadhi nggali ugi menapa Kingkin sampun mangertosi tumindakipun Dasiyun dhateng Dulmanan.

Tabel Salajengipun

No	Wataking paragatama	No Data	Struktur kapribaden	Wujud konflik psikis paragatama	No Data	Struktur kapribaden			Indikator
						Id	Ego	Superego	
	Niyat ingkang kenceng	31	Superego	Bingung	20		✓	✓	<i>Ego</i> ndadosaken Wimbadhi manggalih bab katresnanipun dhateng Kingkin. <i>Superego</i> kedah dipunpanggalih menapa tresna kaliyan Kingkinarti, tresna ingkang saestu.
	Niyat ingkang kenceng	32	<i>Ego</i>		27	✓	✓		<i>Id</i> Wimbadhi boten ngertos sinten bapak saking jabang bayi ingkang dipunkandhut dening Kingkin, banjur piyambakipun gedheg. <i>Ego</i> ndadosaken Wimbadhi boten saged manggalih kanthi leres sejatosipun sinten bapak saking jabang bayi ingkang dipunkandhut.
2.	Gampil duka	34	<i>Id</i>	Duka	5	✓	✓		<i>Id</i> Wimbadhi manggalih kadadosan Kingkinarti ingkang kados srikandhi purik, <i>dorongan ego</i> ndadosaken Wimbadhi ngrumaosi menawi Kingkin nangepepi krenteging manahipun.
	Gampil duka	23	<i>Id</i>		12	✓	✓		<i>Id</i> ndadosaken Wimbadhi manthuk

Tabel Salajengipun

No	Wataking paragatama	No Data	Struktur kapribaden	Wujud konflik psikis paragatama	No Data	Struktur kapribaden			Indikator
						Id	Ego	Superego	
3.	Welas asih	21	Superego	Boten teganan	13	✓		✓	nanging manthuk anyel amargi Basuki ngendika bab Kingkin, sistem ego nggaling ngendikanipun Basuki.
	Gumunan	16	Ego		10	✓		✓	Id saking Wimbadi sejatosipun kanji caket kalihan Dulmanan. Superego boten tega kalihan Dasiyun ingkang sayah sanget.
	Welas asih	26	Superego		17	✓		✓	Dorongan id ndadosaken Wimbadi setya nengga wangsulipun Dasiyun, dorongan superego ndadosaken Wimbadi pengin oncat saking papan menika ananging boten tega nilar mitranipun, Dasiyun. Id ndadosaken manahipun Wimbadi kados dipunjuwing-juwing ngertos Dasiyun ingkang nglampahi kewajiban nembak, dorongan superego ndadosaken Wimbadi boten saged ndherek cawe-cawe amargi ajrih

Tabel Salajengipun

No	Wataking paragatama	No Data	Struktur kapribaden	Wujud konflik psikis paragatama	No Data	Struktur kapribaden			Indikator
						Id	Ego	Superego	
	Welas asih	24	Superego		23	✓		✓	kesangkut perkawis menika. <i>Id</i> Wimbadi gadhah pepenginan badhe nyuwun pirsu bab sandiwaranipun Dasiyun, <i>superego</i> ndadosaken Wimbadi boten tega mirsani Dasiyun saha mireng swanten ingkang welas.
4.	Kendel	10	<i>Id</i>	Ajrih	15	✓	✓		<i>Id</i> ndadosaken Wimbadi manahipun tratanan mireng ngendikanipun Kusman, <i>ego</i> ndadosaken wimbadi ajrih banjur minding menawi kedah nembak Dulmanan.
	Rumaos duraka	7	Superego		3		✓	✓	<i>Ego</i> ndadosaken Wimbadi ajrih badhe mendhet jisimipun mas Pandam. <i>Dorongan superego</i> ndadosaken Wimbadi ajrih menawi badhe nglajengaken tindakipun amargi ndadosaken piyambakipun rumaos duraka
5.	Niyat ingkang kenceng	31	Superego	Kaget	24	✓	✓		<i>Id</i> Wimbadi kaget lajeng piyambakipun namung saged

Tabel Salajengipun

No	Wataking paragatama	No Data	Struktur kapribaden	Wujud konflik psikis paragatama	No Data	Struktur kapribaden			Indikator
						Id	Ego	Superego	
	Welas asih	24	Superego		14	✓	✓		tudhang-tudhing kemawon. <i>Ego</i> saking Wimbadhi kaget amargi kepanggih malih kalihan Kingkinarti. Kaget minangka wujud saking <i>Sistem id</i> , <i>ego</i> ndadosaken Wimbadhi nggali bab layang saha Kingkin ingkang tansah caket kalihan Dasiyun.
	Gampil duka	29	<i>Id</i>		22	✓	✓		<i>Id</i> ndadosaken Wimbadhi kaget ngendika makaten, <i>ego</i> Wimbadhi kedah saged nutupi menawi sedanipun Dulmanan.
6.	<i>Peduli</i>	2	Superego	Gumun	4		✓	✓	<i>Ego</i> ndadosaken Wimbadhi eram kenging menapa tiyang-tiyang boten remen kalihan Tambur, dorongan <i>superego</i> ndadosaken Wimbadhi ngrumaosi bilih Tambur menika segawon ingkang njilma.
7.	Ngatos-atos	30	<i>Ego</i>	Kuwatos	16	✓	✓		Wimbadhi tratanan menawi badhe mendhet undian lotre menika kalebet <i>struktur kepribadian id</i> , <i>ego</i> saking Wimbadhi rumaos bilih

Tabel Salajengipun

No	Wataking paragatama	No Data	Struktur kapribaden	Wujud konflik psikis paragatama	No Data	Struktur kapribaden			Indikator
						Id	Ego	Superego	
8.	Gumunan	27	Ego	Boten nginten	21	√	√		piyambakipun ingkang nglampahi kewajiban nembak Dulmanan.
	Rumaos duraka	5	Superego		26		√	√	Wimbadi boten nginten menawi Dasiyun mapan wonten ing pondhokanipun Kingkarti, menika kalebet <i>energi psikis id</i> . Ego Wimbadi nggali menawi warta bab Dasiyun menika warta ingkang enggal kangge piyambakipun.
9.	Subasita	28	Superego	Kuciwa	6	√		√	Ego Wimbadi kelingan malih nalika ngungsi ing kidul Dringu, Saha Dasiyun ingkang nembak Dulmanan. <i>Superego</i> boten ngrumaosi menawi tumindak nembak Dulmanan menika boten dados solusi ingkang leres.
									<i>Id</i> ndadosaken Wimbadi nyepeng astanipun Kingkin kanthi boten dipunsengaja, <i>dorongan superego</i> ndadosaken Wimbadi rumaos kuciwa saking tumindak piyambakipun nyepeng astanipun

Tabel Salajengipun

No	Wataking paragatama	No Data	Struktur kapribaden	Wujud konflik psikis paragatama	No Data	Struktur kapribaden			Indikator
						Id	Ego	Superego	
	Pangerten	38	Superego		18	✓		✓	Kingkinarti. <i>Dorongan id</i> ndadosaken Wimbadhi kelingan ngendikanipun Basuki. <i>Superego</i> ngrumaosi isin, kekancan raket kalihan Dasiyun ananging Wimbadhi boten nggatosaken bab menika.
10.	Pangerten	35	Superego	Trenyuh	25	✓		✓	<i>Superego</i> saking Wimbadhi trenyuh awit mirsani Kingkin ingkang nangis sesenggukan ngojahaken nelangsanipun dhateng Wimbadhi.

Saking *tabel* ing nginggil saged dipunmangertosi kadospundi wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama (Wimbadi) wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata adhedhasar *teori psikoanalisis* Sigmund Freud. Ingkang ngginakaken tanda (✓) nedahaken *struktur* kapribaden ingkang *dominan*, lajeng tanda (√) nedahaken *struktur* kapribaden ingkang kirang *dominan*.

Konflik psikis ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* inggih menika duka, boten teganan, ajrih, kaget, boten nginten, gumun, bingung, kuwatos, kuciwa saha trenyuh. Wonten ing ngandhap menika dipunandharaken pirembagan asiling panaliten novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata, inggih menika bab *perwatakan* paragatama, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama saha wataking paragatama wonten salebeting

B. Pirembaganipun

Panaliten menika ngandharaken bab *perwatakan* paragatama, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama saha wataking paragatama wonten salebeting *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata adhedhasar *teori psikoanalisis* Sigmund Freud. Pirembagan bab *perwatakan* paragatama, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama saha wataking paragatama wonten salebeting *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* dipunandharaken ing ngandhap menika.

1. Andharan bab *perwatakan* paragatama wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*

Paraga-paraga ingkang wonten ing karya sastra ngandhut piwulang-piwulang, *amanat*, *moral* saha menapa kemawon ingkang badhe dipunandharaken dening pangripta dhateng pamaos. Saben-saben paraga beda panyariyosipun, *watak* saking paraga satunggal kalihan paraga sanesipun ugi beda. Kangge nggambaraken *watak* saking salah satunggaling paraga saged dipunpirsani saking pamikiranipun saha tumindakipun paraga. *Perwatakan* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* dipunandharaken ing ngandhap menika.

1.1 *Id*

Id inggih menika *energi psikis* ingkang ndadosaken manungsa tumindak kanthi *spontan*, adhedhasar *prinsip kenikmatan* awujud *insting* saha nepsu ingkang dereng mangertosi *nilai*. Wonten ing ngandhap menika dipunandharaken *perwatakan* paragatama ingkang kalebet dhateng *struktur kepribadian id*.

a. Kendel

Wonten ing Poerwadarminta (1939: 208) ngandharaken bilih kendel tegesipun duwe kawanen, ora jirih. Kendel inggih menika salah satunggaling watak tiyang ingkang gadhah kekendelan kangge ngadhepi salah satunggaling kadadosan. Wonten ing cariyos novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, Wimbadi gadhah watak kendel tumrap kawontenan nalika

wonten ing pengungsan. Bab menika dipunandharaken wonten ing pethikan data ngandhap menika.

*“Aku dhewe iya ora meneng dadi penonton. Aku dhewe ya banjur dadi lide warga mudha iku, lan **melu cawe-cawe ngindhik mungsuh.....**” (Data 8)*

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Wimbadi pemudha asli saking Sala, panjenenganipun nyambut damel wonten ing Probolinggo. Wonten ing salah satunggaling dinten, kutha Probolinggo dipunserang dening Walanda lajeng Wimbadi ngungsi wonten ing desa kidul Dringu. Nalika wonten ing pengungsan Wimbadi ndherek cawe-cawe dados pejuwang, kanthi ndherek cawe-cawe ngindhik mengsah. Kanthi ndherek cawe-cawe ngindhik mengsah menika katingal menawi Wimbadi menika kendel. Sanajan ngadhepi bebaya, nanging Wimbadi gadhah kekendelan kangge ndherek cawe-cawe ngindhik mengsah kados pemudha pejuwang sanesipun. *Id* ndadosaken Wimbadi ndherek cawe-cawe ngindhik mengsah kados pemudha-pemudha sanesipun. Watak kendel Wimbadi sanesipun inggih menika, kados ingkang wonten ing ngandhap menika.

*“.....Nanging kanthi karep tumama, **aku mlayu nubruk pistol kang gumlethak, dakgegem lunyune (merga kringetku) ora jamak. Dakgegem tangan loro kaya patrape wong nyekel iwak lele saka kali, lan pecat-pecat eling wulangane Dul Genuk, pistol dakacungake marang gegere kang mentas mungkur.....**” (Data 10)*

Wimbadi kalihan Martimbang saha Martimbul mlebet wonten ing desa Dringu, sawetawis wonten tentara Walandi lajeng Wimbadi ngumpet. Tentara Walandi tindak ing sisihipun Wimbadi ngasta pistol, kanthi gadhah

kajeng ingkang kendel piyambakipun mendhet pistol ingkang dipunasta dening tentara Walandi kalawau lajeng dipunacungaken dhateng tentara Walandi ingkang wonten ing ngajengipun, menika ingkang nedahaken menawi Wimbadi gadhah watak kendel. *Dorongan id* ndadosaken Wimbadi wantun mlajar mendhet pistol lajeng dipunacungaken dhateng pengkeranipun tentara walandi.

b. Pinter ethok-ethok

Pinter ethok-ethok inggih menika patrap ethok-ethok boten ngertos menapa-menapa ananging sejatosipun sampun mangertosi. Wimbadi ethok-ethok boten ngertos nalika kanca-kanca pemudha pejuwang saweg micanten bab Dasiyun, watak pinter ethok-ethok Wimbadi dipunandharaken ing ngandhap menika.

*“Koen ngertia Wim, apaa Dasiyun ngelet mbarek awak pena?”
sawijine dina Dulmanan nganggo tembung suroboyoan takon aku.
Kaya adat saben, yen ngumpul ngono iku padha bebanyol, nyek-nyekan, utawa nyritakake pengalamane dhewe-dhewe.
Aku gedheg, ethok-ethok ora ngerti.” (Data 11)*

Pethikan data ing nginggil menika ngandharaken kawontenan nalika wonten ing pengungsan. Sampun dados adat sabenipun, kanca-kanca pemudha kempal wonten ing ngajeng langgar. Nalika kempal menika kanca pemudha sami gegujengan, nyek-nyekan utawi nyariosaken pengalaman-pengalamanipun piyambak-piyambak. Wekdal semanten, kanca pemudha saweg micanten bab Dasiyun ingkang patrapipun kados priyantun estri. Nalika Dulmanan ngendika dhateng Wimbadi bab Dasiyun, Wimbadi ethok-ethok boten ngertos. Dulmanan paring pitakenan

dhateng Wimbadi ngginakaken tembung Suroboyonan, ananging wimbadi gedheg ethok-ethok boten ngertos menapa-menapa bab Dasiyun ingkang kados dipuncariyosaken dening Dulmanan. *Id* ndadosaken Wimbadi ethok-ethok boten ngertos menapa ingkang dipuncariyosaken kanca-kanca pemudha ing pengungsan.

c. Welas asih

Poerwadarminta (1939: 660) ngandharaken bilih welas tegesipun inggih menika rasa (kadununganake rasa) mesakake marang liyan. Welas asih inggih menika gadhah raos welas sarta asih. Welas asih inggih menika raos welas amargi mirsani kadadosan tartamtu ingkang dipunlampahi tiyang sanes. Wimbadi gadhah watak welas asih nalika mirsani Kingkinarti dipuncedhaki dening Tambur, kados wonten ing ngandhap menika.

“.....O, Kingkin, Kingkinku mangsa aku tegela ngejarake sliramu dicathek Tambur!” (Data 12)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken Nalika Wimbadi mirsani kenya ingkang dipuntresnani dipuncaketi dening Tambur, Tambur menika kewan segawon ingkang dados ingon-ingonanipun Wimbadi. Wimbadi boten tegel nalika mirsani Kingkinarti dipuncaketi dening Tambur, amargi kadosipun Kingkinarti ajrih saestu dhateng Tambur. Kingkinarti menika wanudya ingkang dipuntresnani dening Wimbadi, dados Wimbadi boten tegel menawi Kingkinarti dipuncathek dening Tambur, menika ingkang nedahaken watak welas asih saking Wimbadi. *Id* ndadosaken Wimbadi boten tega menawi Kingkin dicathek Tambur. Watak welas asih sanesipun saking Wimbadi inggih menika.

“...Tanpa mbukak mripat aku ngerti yen Dasiyun tetep njegreg mangku gegere Dul Genuk kang dhek wingi nyentak-nyentak dheweke.

“Genteni apa priye Das?” aku njenggelek lan takon daklirih-lirihake...” (Data 18)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken kahanan nalika Dulmanan ugi ingkang kasebat Dul Genuk sekarat amargi kening tembak padharanipun. Dulmanan ingkang kening tembak kapapanaken wonten ing langgar kalihan kanca-kanca pejuwang. Dasiyun dados kanca ingkang setya mbiyantu Dulmanan, panjenenganipun mangku gigiripun Dul Genuk. Wimbadi mangertosi bilih Dasiyun ingkang mangku Dul Genuk, sanajan Dasiyun ingkang kala wingi dipunsentak-sentak dening Dul Genuk. Mangertosi kawontenan ingkang kados makaten, lajeng Wimbadi badhe nggantosi Dasiyun mangku Dul Genuk. *Id* ndadosaken Wimbadi welas asih mirsani Dasiyun lajeng badhe nggantosi Dasiyun, mangku Dulmanan.

d. Gumunan

Wonten ing Poerwadarminta (1939: 155) gumun tegesipun eram. Wimbadi gumun nalika piyambakipun mirsani tumindakipun Dasiyun ingkang kendel, amargi adatipun Dasiyun ajrih nalika serangan. Watak gumunan Wimbadi dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

“Kanca-kanca wis nglumpuk ing cakruk kana. Bedhile Dul Genuk diasta dhisik, Mas, aku dakmundhur sedhela, nglapurake.”

“Dadi kowe mengko bali?” pitakonku gumun banget.

“La iya mesthi. Ngajak kanca yen bisa. Dul Genuk kudu diusung mulih. Ben kelaran apa mati yen wis ana pangkone kanca-kanca dhewe, luwih kaje lan kopen!” (Data 17)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken kahanan nalika serangan. Dasiyun limrahipun ajrih dhateng bedhil, ananging wonten ing ndalu nalika serangan, panjenenganipun tansah kendel madosi Dulmanan ingkang dereng mundur. Sasampunipun Dasiyun manggihi Dulmanan ingkang kenging tembak, Dasiyun ugi ingkang gadhah prakarsa supados Dulmanan dipunbekta wonten ing pengungsan. Wimbadi gumun amargi mirsani tumindakipun Dasiyun, Dasiyun ugi badhe ndhawuhi kanca-kanca supados bekta Dulmanan mundur. Wimbadi gumun amargi mirsani Dasiyun ingkang gadhah kekendelan ingkang boten kados limrahipun. Watak gumunan saking Wimbadi saged dipunpirsani saking pitakenanipun Wimbadi dhateng Dasiyun. *Id* ndadosaken Wimbadi gumun kalihan prakarsanipun Dasiyun ugi menapa ingkang badhe dipuntindakaken dening Dasiyun. Watak gumunan sanesipun saking Wimbadi inggih menika.

*“Oleh pondhokan, Wim?” pitakone
 Aku gumun, dheweke kok ngerti yen aku golek pondhokan. (Data
 20)*

Pethikan data ing nginggil ngandharaken, kanca-kanca boten betah mapan wonten ing langgar amargi mireng swantenipun Dulmanan. Kanca-kanca pejuwang ngrumaosi menawi swanten ingkang medal saking tutukipun Dulmanan dados siksani dhateng tiyang ingkang mireng. Wimbadi lajeng pados pondhokan wonten ing dalemipun Pak Bakir, sasampunipun madosi pondhokan Wimbadi kepanggih kalihan Basuki. Lajeng Basuki nyuwun pirsani dhateng Wimbadi menapa sampun manggihi

pondhokan. Wimbadi boten ngendika dhateng Basuki menawi panjenenganipun badhe pados pondhokan, ananging Basuki malah sampun mangertosi menawi Wimbadi nembe kemawon pados pondhokan. *Dorongan id* ndadosaken Wimbadi gumun kenging menapa Basuki ngertos menawi piyambakipun madosi pondhokan. Watak gumunan sanesipun saking Wimbadi inggih menika.

“Ngono lo, mas, sing dicritakake larane atine marang aku. Mas Wim kuwi jan nyepelekake banget marang Naraindras!” critane Dhik Kingkin weteng gedhe ing sawenehing wektu.

“Kena apa Dhik Kingkin kok isin banget ketanggor lan konangan kanthi tekane Naraindras?” pitakonku gumun. (Data 36)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken nalika Kingkinarti ngendika kadadosan nalika wonten ing kidul Dringu. Kingkinarti nyariosaken bab Naraindras ingkang ketaton manahipun dhumateng Wimbadi, amargi raos tresna Naraindras dhateng Wimbadi boten pikantuk piwales. Nalika ing kidul Dringu, Kingkinarti ngraos isin amargi nalika saweg kalihan Wimbadi, Naraindras mirsani Kingkinarti saweg lenggahan kalihan Wimbadi. Lajeng Wimbadi kelingan kadadosan menika, lajeng Wimbadi paring pitakonan kanthi gumun amargi tumindakipun Naraindras menika. *Id* ndadosaken Wimbadi paring pitakenan dhateng Kingkin kanthi gumun kenging menapa Kingkinarti ngraos isin amargi dipunpirsani dening Naraindras.

e. Gampil duka

Gampil duka inggih menika watak saking salah satunggaling tiyang ingkang duka amargi nglampahi kadadosan ingkang boten jumbuh kalihan pepenginanipun. Gampil duka (*pemarah*) wonten ing KBBI (2001: 715) gadhah pangertosan tiyang ingkang gampil duka. Wimbadi gadhah watak gampil duka ingkang dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

“Basuki ngingeti aku. Banjur mesem “Upama zaman aman ngono, dakwanekake atiku nemoni pak Sundara. Kingkinarti daksuwun, Elek ritek ora dadi ngapa, nyatane kasetyane kena dijago!”
Aku ora sabar. Dheweke dakcandhak gulune, terus dak oyong-oyong!
“Kowe aja edan! ayo, kandhaa, kowe ngerti apa?” ujarku. (Data 23)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken nalika Wimbadi duka dhateng Basuki. Basuki ngendika bab Kingkinarti kalihan Wimbadi, ingkang ngandharaken kekarepanipun badhe nyuwun Kingkinarti dhateng Pak Sundara. Mireng ngendikanipun Basuki ndadosaken Wimbadi duka, amargi Kingkinarti menika wanudya ingkang dipuntresnani Wimbadi. Wimbadi nginten menawi Basuki ngertos bab Wimbadi ingkang tresna dhateng Kingkinarti, ugi bab layang ingkang dipunaturaken dhateng Kingkinarti. Lajeng Wimbadi duka, Wimbadi boten sabar lajeng gulunipun Basuki dipuncandhak, dipunoyong-oyong, lajeng Wimbadi paring pitakenan dhateng Basuki. *Dorongan id* ndadosaken Wimbadi boten sabar nalika Basuki ngendika bab Kingkin lajeng Basuki dipuncandhak jangganipun dening Wimbadi. Watak gampil duka Wimbadi sanesipun inggih menika.

“Crita kapatriotan kaya mengkono ora perlu dicritakake ing kene Wim. Ora bakal ngudhari karuwetane kene,” ujare Narwata pedhes.

“Aku ya mung kandha!” wangsulanku semu njengek jengkel.
(Data 25)

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Wonten ing salah satunggaling ndalu sedaya pemudha pejuwang kempal wonten ing langgar, ngrembag bab Dulmanan. Kanca pemudha pejuwang sampun boten kiyat mireng swantenipun Dulmanan ingkang dados siksane. Nalika saweg rembagan, wonten kanca pemudha ingkang nyuwun pirsane bab kulawarganipun Dulmanan, lajeng Wimbadi nyariosaken bab Dulmanan ingkang piyambakan ing desa kidul Dringu, boten gadhah sanak kadang. Ananging Narwata ngendika menawi cariyosipun Wimbadi menika boten saged ngudhari karuwetan. Mireng ngendikanipun Narwata Wimbadi duka, lajeng Wimbadi mangsuli kanthi njengek jengkel. *Id* ndadosaken Wimbadi mangsuli malih kanthi semu duka nalika mireng wangsulanipun Narwata. Watak gampil duka Wimbadi sanesipun inggih menika.

“Iya mas?” pitakone Naraindras ndheseg. Ndheseg omonge, ya ndhesegake kulit lengene marang lengenku karo ulate ngadi-adi. Wah! pakewuh banget!

“Dhik Indras! kowe ki ngomong apa? sapa kandha kaya ngono?! heh?!”

Ora dakkira! Daksentak mengkono iku Naraindras Kaget banget.(Data 29)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken nalika Wimbadi saweg lenggahan kalihan Naraindras. Naraindras nyuwun pirsane bab sedanipun Dulmanan dhateng Wimbadi, kanthi ngginakaken tembung “*Iya mas?*” Naraindras ndheseg Wimbadi supados ngandharaken bab sedanipun

Dulmanan, ananging Wimbadi sampun janji boten badhe ngandharaken bab sedanipun Dulmanan amargi sampun wonten prejanjen kalihan pemudha pejuwang. Mireng pitakenanipun Naraindras, Wimbadi duka lajeng nyentak-nyentak Naraindras. *Id* ndadosaken Wimbadi nyentak-nyentak Naraindras amargi nyuwun pirsaa kalihan Wimbadi bab sedanipun Dulmanan. Watak gampil duka ingkang dipungadhahi Wimbadi sanesipun inggih menika.

“Sing kae apa?”

Saiki iki aku lagi weruh Dhik Kingkin mesem, ngempet guyu. Lagi iki nalika crita-crita bab kadurakan iku dheweke bisa mesem. Adate mung mrengut wae.

“Bab Naraindras.”

“Naraindras? kena apa Naraindras?!” ujarku nyentak. (Data 33)

Nalika Wimbadi saweg kalihan Kingkinarti ingkang nyariosaken babagan kadadosan-kadadosan nalika ing kidul Dringu, kadadosan ingkang dados kadurakan wonten ing desa kidul Dringu. Wonten bab sanesipun ingkang dereng dipunmangertosi dening Wimbadi, lajeng wimbadi nyuwun priksa dhateng Kingkinarti. Nalika cariyos bab kadurakan ingkang kalampahan ing desa kidul Dringu adatipun Kingkinarti mrengut kemawon, ananging samenika Wimbadi mirsani Kingkinarti mesem ngempet ngguyu. Pranyata bab ingkang dereng dipunmangertosi Wimbadi menika bab Naraindras. Mireng wangsulanipun Kingkinarti *“Bab Naraindras.”*, Wimbadi duka lajeng Wimbadi nyentak Kingkinarti. *Dorongan id* ndadosaken Wimbadi nyentak Kingkin amargi

ngendika bab Naraindras nalika wonten ing desa kidul Dringu kala biyen.

Watak gampil duka Wimbadi sanesipun inggih menika.

“Ya merga blakane Naraindras marang aku bab tresnane marang njenengan kuwi, aku kudu ngomberi papan lan wektu tumrap dheweke yen ngrembug bab pemudha sing jeneng Wimbadi! Naraindras kuwi ora mung kepincut, Naraindras kuwi kedanan panjenengan, Mas! mula atine lara banget nalika panjenengan benci banget karo dheweke.”

“Ah uwis! aja omong bab kuwi!” sentakku. (Data 34)

Kingkinarti ngandharaken malih bab Naraindras tresna dhateng Wimbadi. Amargi Naraindras menika kancanipun Kingkinarti, lajeng Kingkinarti nglodhangaken papan saha wekdal kangge Naraindras supados caket kalihan Wimbadi. Naraindras boten namung kepincut dhateng Wimbadi nanging ugi kedanan. Ananging wonten ing salah satunggaling dinten ing desa kidul Dringu, Naraindras dipunsentak-sentak dening Wimbadi. Amargi dipunsentak-sentak menika ndadosaken Naraindras ketaton manahipun lajeng srengen dhumateng Wimbadi. Mireng cariyosipun Kingkinarti bab Naraindras, lajeng Wimbadi nyentak Kingkinarti supados sampun ngendika bab menika malih. *Id* ndadosaken Wimbadi nyentak Kingkinarti supados sampun ngendika malih bab Naraindras ingkang tresna dhumateng Wimbadi.

1.2 Ego

Ego wonten gayutanipun kalihan kasunyatanipun gesang, dados *ego* inggih menika *sistem* kapribaden ingkang tumindak minangka *pengarah individu* dhateng *dunia obyek* saking kasunyatan. *Ego* ingkang ngontrol *id*, *sifat id* ingkang *abstrak* dipundadosaken *hal-hal* ingkang adhedhasar saking *prinsip*

kasunyatan. Wonten ing ngandhap menika *perwatakan* paragatama ingkang kalebet *struktur kepribadian ego*.

a. *Semangat*

Semangat inggih menika salah satunggaling patrap ingkang greget kangge nindakaken salah satunggaling tumindak. Wimbadi tansah semangat tindak wonten ing kantoripun nitih sepedhah, watak *semangat* saking Wimbadi dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

“....Banjur klakon saben dina ngengkol sepedhah Dringu-Probolinggo bolak-balik. Aku ora abunemen trem marga rumangsaku kantorku ora adoh-adoh nemen yen dilanjo nganggo sepedhah.”(Data 1)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken makaten. Wimbadi nyambut damel wonten ing kantor Listrik lan Gas wonten ing Probolinggo. Saben dinten piyambakipun nitih sepedhah dipunlaju Dringu-Probolinggo amargi piyambakipun ngraos kantoripun boten tebih. Sanajan wonten trem, ananging Wimbadi tetep semangat tindak dhateng kantoripun nitih sepedhah tindak saben dinten. *Dorongan ego* ndadosaken Wimbadi tetep ngengkol sepedhah anggenipun tindak dhateng kantoripun amargi dipunraos boten tebih.

b. *Gampil nyepelekaken*

Nyepelikaken inggih menika salah satunggaling patrap manungsa ingkang boten nanggapi dhateng kawontenan utawi kadadosan ingkang saweg kalampahan menapa ingkang dereng kalampahan. Kados dene watak saking Wimbadi ing ngandhap menika.

“...Wis suwe, saploke aku pindhah Probolinggo, ora tau krungu kabare ana bebaya nggegana apadene anane montormabur mungsuh. Mula aku rada nyepelekake unine suling bebaya nggegana iku.” (Data 3)

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten, Wimbadi nyambut damel dados juru tulis ing kantor Listrik&Gas wonten ing kutha Probolinggo. Wimbadi pemudha asli saking Sala, ananging padamelanipun dipunpindhah dhateng Probolinggo, lajeng Wimbadi mapan wonten ing dalemipun sedherek saking Sala ingkang wonten ing Probolinggo. Salaminipun ing kutha Probolinggo Wimbadi dereng nate mireng pawarta wontenipun bebaya menapa dene wontenipun montor mabur mengsah. Dados dinten menika swanten saking montormabur dipunsepelekaken dening Wimbadi. *Dorongan ego* ndadosaken Wimbadi nyepelekake wontenipun bebaya, amargi salaminipun wonten ing desa Dringu dereng nate wonten kadadosan ingkang kados makaten.

c. Gumunan

Wonten ing Poerwadarminta (1939: 155) gumun tegesipun eram. Dados gumunan inggih menika eram menawi mirsani salah satunggaling kadadosan ingkang boten kados limrahipun. Watak gumunan saking Wimbadi inggih menika.

“Mung aku gumun, kenapa lasykar sing diangkut prahoto kuwi tumuju ngetan? yen pancen mungsuh Walanda, tentara Walandane ana ing Gedangan Sidoarjo, pernahe ngulon yen saka Dringu lan Probolinggo.” (Data 4)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken kawontenan nalika Wimbadi saweg gineman ing ngajeng pendhopo kalihan Mas Pandam. Wimbadi

mirsani arah prahoto ingkang tumuju ngetan, mirsani prahoto ndadosaken Wimbadi gumun amargi menawi mengsahipun tentara Walanda kedahipun ngilen. Lasykar ingkang dipunangkut dening prahoto menika arahipun mangetan, menawi mengsah saking Walandi kedahipun mangulon. *Dorongan ego* ndadosaken Wimbadi gumun amargi arah saking prahoto ingkang ngangkut lasykar arahipun mangetan, ingkamangka arahipun Walandi menika ngilen wonten ing Gedangan Sidoarjo. Watak gumunan Wimbadi sanesipun inggih menika, kados wonten ing ngandhap menika.

“Aku sok-sok gumun priye wong-wong iku kok terus oleh kabar Malang dibroki Landa, wong nganti saprene ora ana wong kono sing bisa hubungan karo Malang.” (Data 6)

Pethikan data ing ngginggil ngandharaken kahanan nalika kutha Probolinggo dipunserang dening tentara Walandi. Kathah papan pundi kemawon ingkang sampun dipunkawaosi dening Walandi, kados ta kutha Malang. Wimbadi ingkang ngungsi wonten ing desa kidul Dringu, boten ngertos saking pundi tiyang ingkang wonten ing desa kidul Dringu menika pikantuk pawarta bab kahanan Malang, amargi wekdal samenika sampun boten saged gayutan kalihan Malang. *Ego* Wimbadi gumun kadospundi tiyang-tiyang saged pikantuk warta bab Malang. Watak gumunan Wimbadi sanesipun inggih menika.

“Dasiyun wis ndlosor mepet aku. Aku rada lega. Aku rada gumun dene Dasiyun kang adate nyekel bedhil mejen wae wedine kepati saiki ora duwe rasa wedi-giris kaya aku.” (Data 16)

Pethikan data menika ngandharaken bilih Wimbadi gumun kalihan tumindakipun Dasiyun. Nalika ngawontenaken serangan, Dasiyun ingkang

limrahipun ajrih dhateng bedil, wonten ing ndalu nalika serangan Dasiyun ndherek serangan. Dasiyun gadhah kekendelan ingkang boten kados adat ing padintenan, panjenenganipun ndherek serangan. Dasiyun ugi ingkang majeng madosi Dulmanan, sasampunipun madosi Dulmanan lajeng Dasiyun mundur malih nyaketi Wimbadi. Wimbadi boten nate mirsani tumindakipun ingkang kados makaten, saengga mirsani semangat saha kekendelanipun Dasiyun ing ndalu menika ndadosaken Wimbadi gumun. *Ego* ndadosaken Wimbadi gumun, dene Dasiyun ingkang limrahipun ajrih dhateng bedhil samenika boten gadhah raos ajrih malih, Dasiyun samenika kendel. Wimbadi gadhah watak gumunan sanesipun inggih menika.

*“Leren sedhela. Dakbukak raiku, dakinguk Dasiyun katon nggethu ngelapi kringete pasienene. **Gumun aku! wong iku dhek wingi medoki, tingkah lakune sarwa dadi poyokan, kok saiki semono bektine marang kancane kang kelaran..**” (Data 19)*

Pethikan data ing nginggil kaandhaaken makaten. Dening kanca pemudha pejuwang ing desa kidul Dringu, Dasiyun tansah dados poyokan ugi dados nyek-nyekan amargi tumindakipun Dasiyun ingkang kados priyantun estri. Ananging ing wekdal nalika Dulmanan bibar kenging tembak, Dasiyun ingkang setya mbiyantu Dulmanan. Sanajan ing adat saben Dulmanan ingkang tansah ngenyek Dasiyun kanthi kalangkung-langkung, ananging samenika Dasiyun mbiyantu Dulmanan kanthi saestu. Wimbadi gumun mirsani bektinipun Dasiyun ingkang mbiyantu Dulmanan, Dasiyun mbiyantu Dulmanan kanthi saestu. *Ego* ndadosaken Wimbadi gumun mirsani tumindakipun Dasiyun dhumateng kanca ingkang

kelaran, Dulmanan. Watak gumunan sanesipun saking Wimbadi inggih menika.

“Aku isih gumun banget karo sikepe Kingkinarti. Kena apa dheweke sajak ora maelu aku, lan olehe bandrek karo Dasiyun demonstratip? Apa tenan Kingkinarti duweke Dasiyun? Apa ucapane ‘kayu ada apinya, aku ada yang punya’ kae sing dikarepake dheweke duweke Dasiyun?” (Data 27)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken Wimbadi ingkang gumun dhateng Kingkinarti, amargi patrapipun Kingkinarti ingkang boten nyegah tumindakipun Wimbadi ingkang nyaketi Kingkinarti. Pranyata Dasiyun menika pacanganipun Kingkinarti. Lajeng Wimbadi menggali ngendikanipun Kingkinarti ‘kayu ada apinya, aku ada yang punya’, menapa ingkang sampun gadhah Kingkinarti menika Dasiyun. *Dorongan ego* ndadosaken Wimbadi gumun kalihan patrapipun Kingkinarti. Watak gumunan Wimbadi sanesipun inggih menika.

“Aku ora kelingan kedadean nyentak-nyentak Naraindras kang mengkono. Apa iya, ya? prekarane, apa aku tau srengen marang Naraindras, ya? Apa maneh kok aku nganti disebut ‘wong sing degsiya banget’. Aku jan gumun tenan! Ora ngrasa.” (Data 37)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken nalika Wimbadi kalihan Kingkinarti saweg gineman. Kingkinarti kalihan Wimbadi guneman bab Naraindras, Kingkinarti nyariosaken Naraindras kelaran manahipun amargi dipunsentak-sentak dening Wimbadi nalika ing desa kidul Dringu. Nanging Wimbadi boten ngrumaosi menawi piyambakipun nate nyentak-nyentak Naraindras, Wimbadi ugi boten ngrumaosi dados tiyang ingkang degsiya. Sedaya menika ndadosaken Wimbadi gumun, amargi Wimbadi ugi ngraos boten nate tumindak ingkang kados makaten dhateng

Naraindras. *Ego* ingkang ndadosaken Wimbadi gumun amargi boten rumaos degsiya utawi nyentak-nyentak Naraindras nalika ing desa kidul Dringu. Wimbadi gadhah watak gumunan sanesipun inggih menika.

“Mas Wim ki ora pirsani tenan?”

*Aku gedheg, sasmita ora ngerti tenan. Sumpah. Aku ora ngerti tenan! Yen dudu Dasiyun..., sapa?! sapa bapak jabang bayi ing wetenge bojoku kuwi?! **aku gumun. Pikiranku blong...**” (Data 39)*

Pethikan data ing nginggil ngandharaken babagan Kingkinarti ingkang ngandhut, nanging Wimbadi boten ngertos sinten bapak saking jabangbayi ingkang dipunkandhut dening Kingkinarti. Nalika kepanggih malih kalihan Kingkinarti, Wimbadi sampun nginten menawi bapak saking jabangbayi ingkang dipunkandhut dening Kingkinarti menika Dasiyun, amargi nalika wonten ing desa kidul Dringu kekalihipun tansah raket. Ananging Wimbadi boten mangertosi sejatosipun sinten bapak saking jabangbayi ingkang dipunkandhut dening Kingkinarti, panjenenganipun boten ngertos saestu. *Dorongan ego* ndadosaken Wimbadi gumun amargi boten ngertos sinten bapak saking jabang bayi ingkang dipunkandhut dening Kingkinarti.

d. Ngatos-atos

Wonten ing Poerwadarminta (1993: 381) Ngatos-atos tegesipun kanthi weweka, ora sembrana. Wimbadi gadhah pepenginan badhe mlebet ing Probolinggo madosi barang-barang ingkang dipuntilar ngungsi, kanthi ngatos-atos supados boten dipunpirsani dening tentara Walandi, watak menika dipunandharaken ing ngandhap menika.

“Yen bisa mlebu ora nganti konangan patroli prajurit Walanda, arep nggoleki barang-barangku sing daktinggal dadakan ngungsi,

*e mbokmenawa ana barang sing isih bisa dakpigunakake ing pengungsan. **Sidane, pancen gampang nglimpe aja nganti konangan Walanda** nganglang ing pinggir lurung kono mlebu menyang dalem dhinese Mas Pandam...” (Data 9)*

Wimbadi gadhah pepenginan badhe mlebet ing kutha Probolinggo badhe madosi barang-barang ingkang ingkang dipuntilar ngungsi wonten ing desa kidul Dringu, mbok menawi saged dipunginakaken ing pengungsan. Kanthi ngatos-atos Wimbadi wimbadi mlebet sampun ngantos dipunpirsani dening tentara Walandi, Wimbadi mlebet wonten ing dalem dhinesipun Mas Pandam ingkang wonten ing sisih lurung. Kutha Probolinggo sampun dipunkuwaosi dening tentara Walandi, saengga Wimbadi mlebet wonten ing kutha Proolinggo. *Ego* ndadosaken Wimbadi madosi barang-barang ingkang dipuntilar ngungsi kanthi ngatos-atos supados tentara Walanda boten pirsia piyambakipun. Watak ngatos-atos Wimbadi sanesipun inggih menika.

*“...Aku enggal gumregah lan siyap waspada. Rada mokalake, nanging ora kena ninggal kaprayitnan, aku ngira yen ana patroli Landa mlebu desa kene. “Thorrr!” mau genah unine pistol! **kanthi ngati-ati aku mlebu desa..**” (Data 30)*

Pethikan data ing nginggil ngandharaken nalika Wimbadi mireng swantenipun pistol. Wimbadi Mireng uninipun pistol, lajeng panjenenganipun enggal gumregah saha siyap waspada. Wimbadi nginten menawi uninipun pistol kala wau saking patroli Landi ingkang mlebet desa. Mireng uninipun bedhil ndadosaken Wimbadi enggal waspada, lajeng kanthi ngatos-atos piyambakipun tindak wonten ing salebeting desa.

Ego ndadosaken Wimbadi mlebet desa kanthi ngatos-atos amargi mireng uninipun bedhil kalawau.

e. Niyat ingkang kenceng

Niyat ingkang kenceng inggih menika watak saking salah satunggaling tiyang menawi gadhah niat piyambakipun dipunlampahi kanthi saestu saha mantep. Wimbadi badhe ngandharaken raos tresnanipun dhateng Kingkinarti ingkang dipunbiyantu dening Dasiyun, Dasiyun madosaken dlancang kangge nyerat layang saengga ndadosaken Wimbadi gadhah niat ingkang kenceng. Watak niat ingkang kenceng Wimbadi dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

Aku mikir-mikir. "Aku ora nduwe kertas sing memper, ki yen kanggo ngono."

*"Mengko dakgolekake kertas," wangsulane Dasiyun, **marakake kenceng maneh karepku nggregik katresnane Kingkinarti.** (Data 14)*

Wimbadi nyariosaken dhateng Dasiyun menawi badhe ngandharaken raos tresnanipun mawi layang. Sejatosisipun Wimbadi sampun ngandharaken raos tresnanipun dhateng Kingkinarti nanging dereng pikantuk wangsulan, lajeng Wimbadi badhe ngandharaken raos tresnanipun malih dhateng Kingkinarti mawi layang. Piyambakipun boten gadhah dlancang. Lajeng Dasiyun ngendika *"Mengko dakgolekake kertas"*, menika ngendikanipun Dasiyun ingkang badhe mbiyantu madosaken dlancang kangge nyerat layang. Mangertosi badhe dipunbiyantu dening Dasiyun badhe madosaken dlancang, saengga niyatipun Wimbadi damel layang kangge Kingkinarti tambah kenceng.

Dorongan ego ndadosaken Wimbadi gadhah niat ingkang kenceng badhe ngandharaken pepenginanipun kanthi dipunbiyantu dening Dasiyun kanthi madosi dlancang kangge damel layang. Watak niat ingkang kenceng sanesipun saking Wimbadi inggih menika.

“Mas Wim apa wis karep tenan? lan wis ngerti kahananku kaya ngene?”

“Aku ora tekan kene sore iki lan sore-sore wingi-wingi kae yen ora duwe karep kang kenceng!” (Data 32)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken Wimbadi ingkang kepanggih malih kalihan Kingkinarti. Sampun kopang-kaping Wimbadi manggihi Kingkinarti, ananging Kingkinarti boten kersa kepanggih kalihan Wimbadi. Ngantos kaping gangsal, nembe kemawon Kingkinarti kersa manggihi Wimbadi. Wimbadi ngandharaken menawi Piyambakipun gadhah niat badhe dhaup krama kalihan Kingkinarti. Nanging wekdal semanten Kingkinarti sampun ngandhut, lajeng Kingkinarti paring pitakenan menapa niat saking Wimbadi menika saestu amargi kahanipun Kingkinarti sampun beda, boten kados nalika ing desa kidul Dringu. Nanging Wimbadi sampun gadhah niat ingkang kenceng gadhah pepenginan ingkang makaten. *Dorongan ego* ndadosaken Wimbadi tetep nrima kahanipun Kingkinarti ingkang makaten, amargi Wimbadi niyatipun sampun mantep.

1.3 *Superego*

Superego gayutanipun kalihan *nilai-nilai moral* saking manungsa, dados *superego* wosipun inggih menika *nilai-nilai* saha aturan ingkang asipat

evaluatif. Wonten ing ngandhap menika dipunandharaken *perwatakan* paragatama ingkang kalebet *struktur kepribadian superego*.

a. *Peduli*

Wonten ing KBBI (2001: 841) *peduli* tegesipun *mengindahkan, memperhatikan*. Dados *peduli* inggih menika patrap ingkang tansah nggatosaken tiyang sanes. Wimbadi gadhah watak *peduli* dhateng tiyang sanes, kados dhateng kewan ingon-ingonipun. Watak menika dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

*“Aku wis terang mangan ing kantor. Bareng Tambur? Tambur malah dadi reksan. Nanging Tambur sajak ngerti, **Mula Mas Pandam apadene aku ora padha duwe niat mbuwang asu iku.** Malah kepara merlokake ngopeni. Ajeg dipakani dening Mas Pandam apa aku, ditukokake balungan khusus.” (Data 2)*

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Wimbadi kalihan Mas Pandam gadhah kewan ingon-ingonan segawon, inggih menika Tambur. Sanajan Wimbadi kalihan Mas Pandam nyambut damel nanging Wimbadi tetep ngopeni Tambur. Tambur, kewan segawon ingon-ingonan tetep diopeni dening Wimbadi kalihan Mas Pandam. Amargi Wimbadi kalihan Mas Pandam nyambut damel, lajeng Tambur dipuntumbasaken balungan khusus supados Tambur tetep wonten pakanipun. Sanajan Wimbadi nyambut damel, nanging Wimbadi tetep peduli dhateng kewan ingon-ingonanipun inggih menika Tambur. *Dorongan superego* ndadosaken Wimbadi kersa ngopeni Tambur kanthi numbasaken balungan khusus kangge Tambur.

b. Rumaos duraka

Duraka wonten ing Poerwadarminta (1939: 72) tegesipun inggih menika nglakoni dosa, kadosan marang, mbangkang ing prentah, ngraman. Wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* nyariosaken kawontenan nalika kitha Probolinggo dipunserang dening tentara Walandi. Wimbadi gadhah watak rumaos duraka nalika Mas Pandam seda kenging tembak mustakanipun, watak rumaos duraka Wimbadi dipunandharaken ing ngandhap menika.

*“Upama wektu iku aku bisa ngukup jisime Mas Pandam, saora-orane ya ana sing dakpasrahi genah, dakkira aku ora bakal mandheg ing desa kono. Bisa uga aku wis budhal mulih menyang Sala, nylinthut-nylinthut liwat gunung-gunung. **Nanging rumangsa duraka ninggal wong ora bisa ngrumat jisime dhewe iku marakake aku ora nutugake laku ngili nubras-nubras menyang Sala.** Playuku mandheg ing desa sakidule Dringu. (Data 5)*

Pethikan data ing nginggil ngandharaken kahananipun Wimbadi sasampunipun Mas Pandam seda. Mas Pandam seda kenging tembak mustakanipun, ananging Wimbadi rumaos duraka amargi boten saged ngukup jisimipun Mas Pandam. Wimbadi ugi rumaos duraka menawi nilar desa kidul Dringu amargi menawi nilar desa kidul Dringu ugi nilar jisimipun Mas Pandam. Menawi Mas Pandam boten seda, Wimbadi boten mapan ing desa kidul Dringu, Wimbadi saged tindak dhateng Sala. Wimbadi boten nglajengaken tindak dhateng Sala amargi Mas Pandam nembe kemawon seda, jisimipun taksih wonten ing galengan sabin. Saengga ndadosaken Wimbadi rumaos dosa menawi badhe nilar jisimipun Mas Pandam ingkang dereng dipunrumat. *Dorongan saking superego*

ndadosaken Wimbadi manggon wonten ing desa sakidulipun Dringu, amargi rumaos duraka menawi badhe nilari jisimipun Mas Pandam. Watak rumaos duraka sanesipun saking Wimbadi inggih menika.

*“Dadi dina iku aku ora wani njupuk jisime Mas Pandam. Kang mengkono njalari pepeting atiku. **Rumangsa duraka engatase sedulur kok ora bisa ngrumat...**” (Data 7)*

Nalika Mas Pandam seda, jisimipun dipuntilar dening Wimbadi. Wimbadi nilar jisimipun Mas Pandam supados slamet amargi nalika samanten tentara Walandi anggenipun nyerang kutha Probolinggo boten mandheg. Ing salah satunggaling dinten, Wimbadi badhe mendhet jisimipun Mas Pandam nanging Wimbadi ajrih. Wimbadi ajrih menawi badhe mendhet jisimipun Mas Pandam, Wimbadi ugi boten saged ngrumat jisimipun Mas Pandam saengga ndadosaken Wimbadi rumaos duraka. Wimbadi ngrumaos duraka amargi Wimbadi menika sanak kadang saking Mas Pandam, nanging Wimbadi boten saged ngrumat. *Superego* ndadosaken Wimbadi rumaos duraka amargi ajrih menawi badhe mendhet jisimipun Mas Pandam.

c. Niyat ingkang kenceng

Niyat ingkang kenceng ingkang dipungadhahi dening Wimbadi inggih menika nalika Wimbadi gadhah pepenginan kepanggih kalihan Kingkinarti. Niyat ingkang kenceng inggih menika watak saking salah satunggaling tiyang ingkang dipunlampahi kanthi saestu saha mantep. Kados watak niyat ingkang kenceng saking Wimbadi ing ngandhap menika.

“Let sedina aku jumangkah menyang omahe Kingkinarti sangu niyat kang luwih kenceng. Nanging sing nemoni aku mung Lilik. Kingkinarti emoh nemoni. Mula aku bali lan ninggali layang maneh, “Dhik Kingkin, mbok aku ditemoni. Aku arep ngrembug bab kang wigati banget. Bab aku lan sliramu!” Sorene maneh aku mrono maneh, lan ketemu sepi maneh.” (Data 31)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken kahanan nalika Wimbadi kepanggih malih kalihan Kingkinarti. Wimbadi gadhah pepenginan badhe manggihi Kingkinarti, ananging Kingkinarti boten kersa kepanggih kalihan Wimbadi. Lajeng Wimbadi damel layang ingkang dipuntitipaken kalihan Lilik. Sampun kopang-kaping Wimbadi rawuh ing dalemipun Kingkinarti, nanging Kingkinarti boten kersa kepanggih kalihan Wimbadi. Sanajan Kingkinarti boten kersa kepanggih kalihan Wimbadi, kanthi sangu niyat ingkang kenceng Wimbadi tetep gadhah pepenginan manggihi Kingkinarti. Kingkinarti tetep boten kersa manggihi Wimbadi, ananging Wimbadi ingkang gadhah kekajengan ingkang kenceng boten nyerah, panjenenganipun tetep badhe manggihi Kingkinarti. Saking tumindakipun Wimbadi menika katingal menawi Wimbadi gadhah niyat ingkang kenceng utawi mantep. *Dorongan superego* ndadosaken wimbadi boten nyerah kangge manggihi Kingkinarti, kanthi gadhah niat ingkang kenceng Wimbadi tetep badhe manggihi Kingkinarti.

d. Pangerten

Pangerten inggih menika watak ingkang saged mangertosi saking kahanipun tiyang sanes. Watak pangerten Wimbadi wonten nalika panjenenganipun mirsani kahanan ingkang sajak wigati sanget saengga

Wimbadi saged mangertosi kahanan menika. Watak pangerten saking

Wimbadi dipunandharaken ing ngandhap menika.

“.....Dhisike arep nyapa aruh, nanging sabrebetan bareng weruh wandane sing lagi padha omong-omongan, karepku dakpenggak. Tambur dakcandhak, terus dakkekep, ing pamrih supaya aja nganti kluyuran dikonangi wong loro iki mau...” (Data 15)

Wonten ing salah satunggaling dinten nalika Wimbadi badhe tindak dhateng lepen, Wimbadi mirsani Dasiyun kalihan Dulmanan saweg guneman sajak wigati sanget. Wimbadi gadhah niat badhe nyapa aruh, ananging mirsani Wimbadi mirsani Dasiyun kalihan Dulmanan saweg rerembungan niat menika dipunpenggak. Tambur ingkang wonten ing sisihipun Wimbadi dipunkekep, supados boten kluyuran. Saking tumindakipun Wimbadi ingkang boten nyapa aruh Dasiyun kalihan Dulmanan, ugi Tambur ingkang dipuncandhak lajeng dipunkekep saged katingal menawi Wimbadi pangerten dhateng kahananipun ingkang saweg dipunlampahi dening Dasiyun kalihan Dulmanan. *Superego* ndadosaken Wimbadi ngandheg kekarepanipun kangge nyapa aruh kekalihipun. Watak pangerten sanesipun Wimbadi inggih menika.

“....Aku wis pancen emoh yen rembugan prekara wong wadon liya sing ngesiri aku, mengko mundhak gawe gigrige atine Dhik Kingkin. Gempil atine merga kuwi....” (Data 35)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken menawi Kingkinarti sampun dados garwanipun Wimbadi. Wimbadi sampun mangertosi bab Naraindras ingkang tresna dhateng piyambakipun ananging kangge njagi manahipun Kingkinarti supados boten ketaton dados bab tiyang estri sanesipun boten dipungunem dening Wimbadi. Watak pangerten saking Wimbadi katingal

saking patrapipun ingkang boten badhe rembugan perkawis tiyang estri sanes, amargi mbok menawi sisihanipun inggih menika Kingkinarti ketaton manahipun. *Superego* ingkang wonten ndadosaken Wimbadi boten kersa rembugan perkara tiyang estri sanes ingkang katresnan marang piyambakipun. Watak pangerten sanesipun saking Wimbadi inggih menika.

“Kingkin kuwi meteng! lan banjur salawase dadi garwaku, bab metenge karo Dasiyun kuwi ora tau daksenggol-senggol ing omongku bebrayan karo Dhik Kingkin, merga wis dakanggep kasilep kanthi sirep tanpa masalah.” (Data 38)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken menawi Wimbadi nrima Kingkinarti dados sisihanipun kanthi eklas. Bab Kingkinarti ngandhut sampun boten dipunsenggol-senggol malih dening Wimbadi sasampunipun Kingkinarti dados sisihanipun Wimbadi. Wimbadi boten nggunem bab menika amargi ajrih mbok menawi Kingkinarti ketaton manahipun amargi perkawis ingkang sampun kalampahan menika. Watak pangerten Wimbadi katingal saking tumindakipun ingkang boten badhe ngurus perkawis bab ngandhutipun Kingkinarti, amargi Wimbadi sampun nrima kanthi eklas kahananipun Kingkinarti. *Dorongan superego* ndadosaken Wimbadi boten nguthik-uthik cariyos Kingkinarti kalihan Dasiyun ingkang ngantos Kingkin ngandhut.

e. Welas asih

Welas asih inggih menika raos welas amargi mirsani kadadosan tartamtu ingkang dipunlampahi tiyang sanes. Wimbadi welas asih nalika

mirsani kawontenanipun Dasiyun rikala mbiyantu mangku Dulmanan.

Watak welas asih Wimbadi ingkang kalebet *superego* inggih menika.

“Sanajan atiku satemene kanji cedhak karo wong kelaran iku, nanging weruh Dasiyun kang kucem sajak sayah banget iku aku ora tega. Mula aku mara. (Data 21)

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Nalika serangan, Dulmanan kenging tembak padharanipun. Dulmanan sekarat banjur ingkang tansah mbiyantu inggih menika Dasiyun, Dasiyun tansah setya mangku Dulmanan. Dasiyun ingkang limrahipun tumindak kados tiyang estri, samenika tumindak kados menika boten katingal. Wimbadi boten tega mirsani Dasiyun ingkang sayah, sanajan kanji caket kalihan Dulmanan nanging Wimbadi tetep nyaketi Dasiyun. Watak welas asih Wimbadi katingal nalika Wimbadi nyaketi Dasiyun, sanajan panjenenganipun kanji caket kalihan Dulmanan. *Dorongan superego* ndadosaken Wimbadi boten tega mirsani Dasiyun ingkang kadosipun sayah sanget. *Watak* welas asih Wimbadi sanesipun inggih menika.

“.....Nonton nggethune Dasiyun anggone mbelani kanca lara iku, ora tega aku ngurus prekara layangku marang Kingkin. Ora tega nyereng ngurus prekara pribadi!” (Data 24)

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Wimbadi mangertosi menawi Dasiyun menika pacanganipun Kingkinarti, lajeng Wimbadi menggalih bab layang kangge Kingkinarti ingkang dipuntitipaken dhateng Dasiyun. Pantès menawi ngantos samenika boten wonten piwales layang saking Kingkinarti. Wimbadi ingkang mirsani Dasiyun saweg mbiyantu Dulmanan, boten tega menawi piyambakipun

badhe ngurus perkawis pribadhi inggih menika bab layang. Wimbadi ingkang boten tega ngurus perkawis layang amargi mirsani kahananipun Dasiyun, nedahaken menawi piyambakipun welas asih dhateng Dasiyun. *Dorongan superego* ndadosaken Wimbadi boten tega badhe ngurus perkara layangipun kalihan Dasiyun, amargi mirsani Dasiyun saweg ngurus Dulmanan kanthi tumama. *Watak* welas asih sanesipun saking Wimbadi inggih menika.

“....Nangise Dasiyun iki mengku patrap liya. Ora merga medoki. Atiku rasane malah kaya dijuwing-juwing ngerti Dasiyun ketiban apes.....” (Data 26)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken nalika Dasiyun ingkang kedah nembak Dulmanan. Swantenipun Dulmanan ingkang dados siksaniipun kanca pejuwang, swantenipun Dulmanan ingkang dados dredhahipun kahanan desa kidul Dringu. Banjur Pemudha pejuwang ing desa kidul Dringu sarujuk menawi Dulmanan dipuntembak kemawon. Kanthi cara lotre, dipuntemtokaken sinten ingkang kedah nembak Dulmanan. sasampunipun mendhet lotre, Dasiyun ingkang kedah nembak Dulmanan amargi Dasiyun pikantuk kertas lotre ingkang wonten seratan ‘tembak’. Mangertosi kancanipun inggih menika Dasiyun ingkang kedah nembak Dulmanan ndadosaken manahipun Wimbadi kados dipunjuwing-juwing, amargi Dasiyun menika kanca raketipun Wimbadi. Welas asih Wimbadi katingal amargi piyambakipun mangertosi Dasiyun ingkang kedah nembak Dulmanan lajeng piyambakipun ngraos dipunjuwing-

juwing manahipun. *Dorongan superego* ndadosaken Wimbadi gadhah raos welas nalika mangertosi Dasiyun ketiban apes kedah nembak Dulmanan.

f. Remen tetulung

Tetulung wonten ing Poerwadarminta (1939: 612) tegesipun aweh pambantu (pasumbang, kekuatan lsp) marang liyan. Wimbadi remen tetulung rikala mangertosi Kingkinarti perlu dipunbiyantu, lajeng Wimbadi mlebet wonten ing langgar malih. Watak remen tetulung saking Wimbadi inggih menika.

“Aku mung gedheg-gedheg. Mripatku kaca-kaca, merga bubar mutah-mutah iku. Nanging aku meksa arep bali mlebu langgar, marga Kingkin mau sajak uwet anggone ngresiki tatune Dul. Kingkin perlu bantuan.” (Data 22)

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Mambet ing salebeting langgar boten sekeca, banjur Wimbadi medal saking langgar mutah-mutah. Nanging Wimbadi tetep meksa mlebet langgar malih sanajan bibar mutah-mutah, amargi Wimbadi mirsani Kingkinarti ingkang kedah dipunbiyantu. Wimbadi mlebet wonten ing langgar malih badhe mbiyantu Kingkinarti. Tumindakipun Wimbadi ingkang meksa badhe mlebet ing langgar kanthi badhe mbiyantu Kingkinarti nedahaken menawi Wimbadi remen tetulung kalihan tiyang sanes. *Dorongan superego* ndadosaken Wimbadi tetep meksa mlebet malih amargi badhe biyantu Kingkin.

g. Subasita

Wonten ing Poerwadarminta (1939: 569) subasita inggih menika tata kramaning pasrawungan. Watak subasita dipungadhahi Wimbadi nalika

Naraindras paring panantang dhateng Wimbadi. Watak subasita Wimbadi inggih menika.

“La mbok iya!” Naraindras nantang lan masang pasuryane ngadhepi aku, tetep mlengoh ngguyu seneng. Anggone pasang pasuryan ora mung guyon nglelipur, nanging sarana grengseng sembranan.

***Aku mlaku isin banget rumangsa dilulu dikon ngayoni penantang kang ndhemenake ngumbar nafsu. Aku mundhur, usaha misahake awak, nyegah kasembranan.”**(Data 13)*

Pethikan data ing nginggil ngandharaken kadadosan nalika lathinipun Wimbadi kejedhot kalihan palarapanipun Naraindras, ananging Naraindras ngendika supados dipunambali malih. Naraindras masang pasuryanipun boten guyon nglelipur, nanging sarana grengseng sembranan. Wimbadi rumaos isin amargi pangajakipun Naraindras ingkang ngumbar nepsu. Subasita Wimbadi katingal saking Wimbadi ingkang ngraos isin amargi panantangipun Naraindras, ananging Wimbadi lajeng mundur kangge nyegah kasembranan. *Dorongan superego* ndadosaken Wimbadi supados nyegah kasembranan lajeng piyambakipun mundur. Watak subasita sanesipun saking Wimbadi inggih menika.

“Dakkancani ya mas. Ben ora ijen. Ora kasepen lan nemu kanca.”

“Mengko yen konangan wong kampung priye? kene kampung santri lo!”

“La ya wis ben, wong ora apa-apa we kok. Yen diterka sir-siran ya ora papa ta, wong mung sir-siran.”

*“Kampung kene keras ki, adate prekara sesrawungane jalu lan wanita,” **kandhaku tetep njaga kabecikane tata cara masyarakat kidul Dringu kana.** (Data 28)*

Pethikan data ing nginggil ngandharaken menawi Wimbadi gadhah subasita amargi nalika Wimbadi saweg lenggah piyambakan lajeng

Naraindras lenggah ing sisihipun, ananging Wimbadi ajrih mbok menawi wonten masarakat desa kidul Dringu ingkang mirsani Wimbadi kalihan Naraindras. Wimbadi ajrih mbok menawi masarakat desa kidul Dringu nginten menawi Wimbadi kalihan Naraindras menika saweg sir-siran. Lajeng Wimbadi ngendika dhateng Naraindras supados tetep saged njagi kabecikan tata cara masarakat desa kidul Dringu. Watak subasita saking Wimbadi katingal saking ngendikanipun Wimbadi dhateng Naraindras supados boten caket-caket lenggahipun kalihan Wimbadi. *Superego* ndadosaken Wimbadi tetep njagi tata krama sesrawungan priyantun kakung kalihan priyantun estri saha kedah njagi tata cara masarakat kidul Dringu.

Saking andharan bab *perwatakan* paragatama wonten ing nginggil saged dipunmangertosi menawi Wimbadi dados paraga ingkang gadhah *watak ingkang kompleks*. *Perwatakan* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* dipungambaraken dening pangripta mawi pangandikan paraga saha solah bawa. *Perwatakan* ugi saged dipunpirsani saking *narasi*, *dialaog* menapa dene *monolog*. Kangge nemtokaken *perwatakan* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* ngginakaken *teori psikoanalisis* Sigmund Freud mawi *struktur kepribadian*-ipun inggih menika *id*, *ego* saha *superego*.

Wujud *perwatakan* paragatama (Wimbadi) wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* antawisipun kendel, pinter ethok-ethok, welas asih, gumunan,

gampil duka, *semangat*, gampil nyepelakaken, ngatos-atos, niat ingkang kenceng, *peduli*, rumaos duraka, pangerten, remen tetulung saha subasita.

Wujud *perwatakan* ingkang kalebet *struktur* kapribaden *id* inggih menika kendel, pinter ethok-ethok, welas asih, gumunan saha gampil duka. Wujud *perwatakan* paragatama ingkang kalebet *struktur* kapribaden *ego* inggih menika *semangat*, gampil nyepelekaken, gumunan, ngatos-ngatos saha niat ingkang kenceng. Dene wujud *perwatakan* ingkang kalebet *struktur* kapribaden *superego* inggih menika *peduli*, rumaos duraka, niat ingkang kenceng, pangerten, welas asih, remen tetulung saha subasita.

Saking sedaya watak ingkang sampun dipunandharaken ing nginggil menika, saged dipunmangertosi bilih pangripta ngawontenaken watak-watak menika kados dene watak kasunyataning manungsa. Watak ingkang dipunmangaribawani dening *struktur* kapribaden *ego* ingkang langkung asring wonten ing wujud watak gumunan saking Wimbadi wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*. Watak gumunan menika wonten nalika Wimbadi mirsani utawi mangertosi kadadosan ingkang boten kados limrahipun.

2. Andharan bab *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*

Saking prastawa-prastawa ingkang wonten ing cariyos saged ndadosaken *konflik* ingkang dipunlampahi dening paraga. *Konflik* kathah jinisipun, saged awujud *konflik sosial*, *konflik batin* saha *konflik-konflik* sanesipun. *Konflik psikis* utawi *konflik batin* inggih menika *konflik* ingkang kadadosan wonten ing manah utawi jiwaipun saking salah satunggaling paraga wonten ing cariyos.

Wonten ing ngandhap menika dipunandharaken *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata adhedhasar *teori psikoanalisis* Sigmund Freud.

2.1 *Id*

Id utawi *es* inggih menika *energi psikis* ingkang *menekan* manungsa supados njangkepi kabetahan dhasar. Wonteng Endraswara (2008: 199) *id* inggih menika *dorongan-dorongan primitif* ingkang kedah dipunjangkepi. Wimbadi nlampahi *konflik psikis* ingkang kalebet *energi psikis id* inggih menika.

a. Bingung

Bingung wonten ing Poerwadarminta (1939: 45) tegesipun inggih menika kuwur atine ora mangerti apa kang bakal dilakoni. Dados bingung inggih menika salah satunggaling kahanan ingkang boten ngertos kedah tumindak kadospundi. *Konflik psikis* bingung ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika.

*“Liwat mburi, Dhik Wimbadi!” ujare Mas Pandam prentah.
 “Aku manut, nanging ora ngerti kenapa kudu liwat mburi omah,
 Kamangka mburi omah pager tembok telung meter dhuwure,
 buntu, rapet!....” (Data 1)*

Pethikan data ing nginggil ngandharaken kahanan nalika desa Dringu dipunserang dening tentara Walanda. Mas Pandam ndhawuhi Wimbadi supados mlajar medal wingking griya, ananging Wimbadi malah bingung. Amargi wingking griya menika tembok ingkang inggilipun tigang meter, buntu, rapet. Wujud *konflik psikis* kaget saking Wimbadi inggih menika,

Wimbadi manut ngendikanipun Mas Pandam, ananging panjenenganipun boten ngertos kenging menapa Mas Pandam ngaturi kedah medal wingking. *Id* ndadosaken Wimbadi Bingung nanging tetep manut pangajakipun Mas Pandam supados mlajar nilari dalemipun. *Ego* boten ngertos piyambakan kedah medal wingking, amargi wonten ing wingking namung wonten pager tembok. *Konflik psikis* bingung sanesipun ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika.

*Aku mlongo! jengkeng nyawang kahanane Mas Pandam, nanging ora kemucap apa-apa. Sirahku puyeng. Mas Pandam mesthi ngemasi, mustakane kena peluru nyasar. Njut, **gagasanku ambblas mikirake Mbakyu Pandam**. Wektu iku bisa uga babaran ana ing Sala. **Priye critaku marang dheweke mbesuk samangsa ketemu?***
(Data 2)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken kahananipun Wimbadi nalika piyambakipun mlajar badhe nilar kutha Probolinggo ingkang dipunserang dening tentara Walanda. Wimbadi mirsani Mas Pandam ingkang seda kenging tembak mustakanipun, lajeng Wimbadi menggali kadospundi samangke piyambakipun ngendika bab Mas Pandam dhateng Mbakyu Pandam ingkang samenika wonten ing Sala. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika, Wimbadi bingung kadospundi samangke ngendika dhateng Mbakyu Pandam. Wimbadi mlongo mirsani Mas Pandam seda, *id* ndadosaken Wimbadi menggali Mbakyu Pandam. Bingung minangka wujud saking *energi psikis sistem id*. *Ego* menggali kadospundi samangke ngaturi pirsa dhateng Mbakyu Pandam ing Sala.

b. Duka

Poerwadarminta (1939: 71) ngandharaken bilih duka tegesipun nepsu. Dados duka inggih menika tumindak srengen utawi anyel dhateng kahanan ingkang boten dipunremeni. Wimbadi duka amargi piyambakipun nglampahi kadadosan ingkang boten dipunremeni. Kados *konflik psikis* duka Wimbadi ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika.

“Kedadean awan iku ora ucul-ucul saka pikiranku. bola-bali dakputer kaya film. Luwih-luwih tingkahe Kingkinarti anggone kaya srikandhi purik, terus mara-mara njorogake aku gesit lan nganyelake banget! saiki sapa kandha yen dheweke ora nanggapi krenteging atiku?” (Data 5)

Pethikan data ing nginggil menika ngandharaken Wimbadi ingkang menggalih kadadosan rikala Kingkinarti nyrengeni panjenenganipun. Solah bawanipun Kingkinarti ingkang kados Srikandhi purik rikala mirsani Wimbadi caket kalihan Naraindras, lajeng Wimbadi menggalih menawi Kingkinarti ugi nanggapi katresnanipun. Wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi inggih menika rikala mirsani patrapipun ingkang kados srikandhi purik, saengga ndadosaken Wimbadi anyel. *Ego* Wimbadi menggalih kadadosan Kingkinarti ingkang kados srikandhi purik, lajeng ngraos anyel. *Dorongan superego* ndadosaken Wimbadi ngrumaosi menawi Kingkin nanggapi krenteging manahipun. *Konflik psikis* duka ingkang dipunlampahi dening Wimbadi sanesipun inggih menika.

Basuki gremet-gremet maneh, cangkeme nyedhaki kupingku. “Wim sakjane, takona sapa wae, Kingkinarti kalah ayu, kalah luwes yen katandhing karo Naraindras.”
Aku manthuk. Manthuk anyel. (Data 12)

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Nalika saweg geguneman wonten ing dalemipun Pak Bakir, Basuki ngendika bab Kingkinarti dhateng Wimbadi, Basuki ugi nandhingaken Kingkinarti kalihan Naraindras. Wimbadi ngraos anyel amargi Kingkinarti menika kenya ingkang dipuntresnani dening Wimbadi, nanging Basuki dereng mangertos bab menika. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika, mireng ngendikanipun Basuki Wimbadi manthuk, nanging sejatosipun Wimbadi anyel dhateng Basuki. *Id* ndadosaken Wimbadi manthuk nanging manthuk anyel amargi Basuki ngendika bab Kingkin, *sistem ego* menggali ngendikanipun Basuki.

c. Boten teganan

Boten teganan inggih menika raos welas amargi mirsani salah satunggaling kahanan. Wimbadi boten tega mirsani kahananipun Dasiyun, Dasiyun ingkang sajak sayah sanget amargi mangku Dulmanan. Wimbadi nglampahi *konflik psikis* boten teganan ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika.

“Sanajan atiku satemene kanji cedhak karo wong kelaran iku, nanging weruh Dasiyun kang kucem sajak sayah banget iku, aku ora tega. Mula aku mara.

“Dakgenteni Das? kana, adus, adusa dhisik kana. Wong-wong kabeh padha pindhah panggonan. Kowe kumpul aku ing daleme pak Bakir.” (Data 13)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken Wimbadi ingkang boten tega dhateng Dasiyun. Dulmanan, kanca pejuwang ingkang kenging tembak padharanipun. Wonten ing salah satunggaling dinten nalika wonten ing salebeting langgar, Wimbadi mirsani kahananipun Dasiyun ingkang

mangku Dulmanan kadosipun sayah sanget, mirsani Dasiyun ndadosaken Wimbadi boten tega mula Wimbadi nggantosi Dasiyun mangku Dulmanan. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi Wimbadi kados makaten, Sanajan Wimbadi kanji caket kalihan Dulmanan amargi mambetipun Dulmanan sampun boten sekeca, nanging Wimbadi boten tega mirsani Dasiyun ingkang sampun sayah sanget. Wimbadi nyaketi Dasiyun, lajeng nggantosi Dasiyun. *Id* saking Wimbadi sejatosipun kanji caket kalihan Dulmanan, nanging lajeng piyambakipun nyaketi Dasiyun badhe paring pambiyantu. *Superego* boten tega kalihan Dasiyun ingkang sayah sanget.

d. Ajrih

Wonten ing Poerwadarminta (1939: 3) ajrih tegesipun wedi. Wimbadi gadhah raos ajrih nalika piyambakipun mireng ngendikanipun Kusman, panjenenganipun ajrih mbok menawi kedah nembak Dulmanan. *Konflik psikis* ajrih saking Wimbadi dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

“Muga-muga kowe sing katuding, Wim!” pujine Kusman karo mandeng aku.

Atiku tratapan. Pancen! aku rumangsa mrinding upama klakon aku sing kena lotre kudu nembak Dulmanan. (Data 15)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken kahananipun Wimbadi nalika mireng ngendikanipun Kusman. Pemudha pejuwang wonten ing desa kidul Dringu sarujuk menawi Dulmanan dipuntembak, amargi swanten sesambatipun ndadosaken kanca pejuwang ngrumaos dipunsiksa menawi mireng swanten menika. Kanti cara lotre, samangke dipuntemtokaken sinten ingkang kedah nembak Dulmanan. Manahipun

Wimbadi nratap banjur mrinding mireng ngendikanipun Kusman, lajeng Wimbadi menggalih saupama piyambakipun kedah nembak Dulmanan. Wimbadi nglampahi *konflik psikis* wonten ing dhirinipun inggih menika Wimbadi dados ajrih sasampunipun mireng ngendikanipun Kusman, lajeng Wimbadi kuwatos mbok menawi piyambakipun kedah nembak Dulmanan. *Id* ndadosaken Wimbadi manahipun tratanan mireng ngendikanipun Kusman, *ego* ndadosaken wimbadi ajrih lajeng mrinding menawi kedah nembak Dulmanan.

e. Kaget

Wonten ing Poerwadarminta (1939: 170) kaget tegesipun rasaning ati owah dadakan (dening kahanan ingkang ora dinyana-nyana babar pisan). Wimbadi kaget amargi nglampahi kadadosan ingkang boten dipunnyana-nyana saderengipun. *Konflik psikis* kaget ingkang dipunlampahi dening Wimbadi dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

*“Ing sawijine dina wayah sore, nuju aku mlaku-mlaku ijen liwat Kampung Kemlayan wetan Sala, jegagig, ndadak aku adhep-adhepan karo Kingkinarti kang nalika iku sajak lagi ngenggar-enggar ati linggihan ing ngarep omah. **Aku kaget, dheweke samono uga.** Lan wong ya ora kanyana-nyana. Lan durung ngerti apa sing arep dakucapake, dheweke ndadak minger, menyat, terus mlayu liwat plataran omahe, lan terus mlebu dalem gedhe. **Aku mung bisa tudang-tuding karo nguwuh-uwuh jenenge.**” (Data 24)*

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Sasampunipun nilar desa kidul Dringu, Wimbadi kondur dhateng Sala. Ing sawijing dinten, Wimbadi kepanggih malih kalihan Kingkinarti, wanudya ingkang dipuntresnani nalika ngungsi wonten ing desa kidul Dringu. Kadadosan

menika boten dipunnyana dening Wimbadi, saengga Wimbadi kalihan Kingkinarti kaget lajeng Kingkinarti mlajar mlebet ing dalemipun. Wimbadi nglampahi *konflik* kaget awit mirsani Kingkinarti, amargi kaget Wimbadi namung saged tudang-tuding kemawon. *Id* Wimbadi kaget lajeng piyambakipun namung saged tudhang-tudhing kemawon. *Ego* saking Wimbadi kaget amargi kepanggih malih kalihan Kingkinarti wonten ing wayah sonten, boten dipunnyana dening Wimbadi badhe nglampahi kadadosan menika.

2.2 *Ego*

Ego dados *struktur* kapribaden ingkang ngontrol *id*, *id* kalihan *ego* boten gadhah *moralitas* amargi kekalihipun boten mangertosi *nilai-nilai (baik-buruk)*. *Ego* gayutanipun kalihan *realitas* utawi kasunyataning manungsa. Wonten ing ngandhap menika dipunandharaken *konflik psikis* Wimbadi ingkang kalebet *energi psikis ego*.

a. Gumun

Gumun inggih menika eram, utawi salah satunggaling kahanan ingkang dipunpirsani menapa dipunmirengaken boten kados limrahipun. Kados *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening Wimbadi ing ngandhap menika, Wimbadi eram amargi tiyang wonten ing desa kidul Dringu boten remen kalihan tambur.

“.....Nanging yen weruh aku cedhak kono, racake ora wani maneh ngganggu gugat Tambur. Ngerti yen aku kuwi bendarane Tambur. **Sing dakerami, kena apa benci banget marang tambur. Tambur kuwi prasaku kewan asu kang wis njilma banget.** Tansah ngerti karo ulate manungsa...” (Data 4)

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Kathah masarakat desa kidul Dringu ingkang boten remen kalihan Tambur, ananging menawi menawi mirsani Wimbadi caket kalihan tambur, boten wonten tiyang ingkang ngganggu gugat amargi mangertosi menawi Wimbadi menika bendaranipun Tambur. Tambur kewan ingon-ingon ingkang njilma miturut Wimbadi. Wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika, Wimbadi eram amargi mirsani kathah masarakat desa kidul Dringu ingkang boten remen kalihan Tambur. Miturut Wimbadi, Tambur menika kewan ingkang njilma, tansah mangertosi patrapipun manungsa. *Ego* ndadosaken Wimbadi eram kenging menapa tiyang-tiyang boten remen kalihan Tambur, *dorongan superego* ndadosaken Wimbadi ngrumaosi bilih Tambur menika segawon ingkang njilma.

b. Bingung

Bingung wonten ing Poerwadarminta (1939: 45) tegesipun inggih menika kuwur atine ora mangerti apa kang bakal dilakoni. Dados bingung inggih menika salah satunggaling kahanan ingkang boten ngertos kedah tumindak kadospundi. Wimbadi nglampahi *konflik psikis* bingung ingkang dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

Kingkinarti mandeng aku. Pandeng nepsu, ah ora! pandeng adreng. Aku uga mandeng dheweke. Pandeng njajag-jajag. Kepriye ta satemene cah wadon iki? apa dheweke nepsu tenan? kena apa dheweke ora mlayu? lungguhe tetep jejer caket, lan raine ngadhepi aku. (Data 7)

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Wimbadi Bingung mirsani salah bawanipun Kingkinarti ingkang mandeng piyambakipun,

sejatosipun Kingkinarti nepsu menapa boten. Wimbadi menggalih menika amargi kala wau Wimbadi tanpa dipunsengaja nyepeng astanipun Kingkinarti, ananging Kingkinarti nyentak Wimbadi saengga ndadosaken Wimbadi kaget. Awit tumindakipun Kingkinarti menika ndadosaken Wimbadi bingung. Wimbadi menggalih menawi Kingkinarti nepsu dhateng Wimbadi, nanging tetep lenggah wonten ing sisihipun, boten mlajar saha pasuryanipun ugi ngadhepi Wimbadi. Wujud *konflik psikis* Wimbadi inggih menika, tumindakipun Kingkinarti ingkang ndadosaken Wimbadi bingung. Sejatosipun Kingkinarti nepsu saestu boten dhateng Wimbadi, nanging Kingkinarti boten mlajar, lenggahipun ugi caket ing sisihipun Wimbadi. *Ego* ndadosaken Wimbadi menggalih menapa ingkang dipunraosaken dening Kingkin ingkang lungguh ing sisihipun. *Superego* Wimbadi bingung kalihan Kingkinarti. *Konflik psikis* bingung sanesipun inggih menika.

“Nalika mlaku pikiranku isih gagap-gagap apa baya tenane critane Kingkin mau? apa tenan dheweke wis duwe pacangan? apa mung dienggo dalih wae, supaya aku mekak gunemku kang ngangsa lan dianggep kosro mau? Supaya aja kesusu?” (Data 8)

Pethikan data ing nginggil kaucapakaken nalika Wimbadi sampun ngandharaken katresnanipun dhateng Kingkinarti, ananging Kingkinarti ngendika menawi sampun gadhah pacangan. Saking wangsulaniipun Kingkinarti ndadosaken Wimbadi menggalih ngendikanipun Kingkinarti, menapa Kingkinarti sampun gadhah pacangan saestu menapa ngendikanipun Kingkinarti menika namung kangge dalih kemawon. Wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih

menika nalika Wimbadi sampun ngandharaken raos tresnanipun dhateng Kingkinarti, ananging Kingkinarti ngendika menawi sampun gadhah pacangan saengga ndadosaken Wimbadi bingung. *Sistem ego* ndadosaken Wimbadi menggali menapa ngendikanipun Kingkinarti menika leres menawi Kingkinarti sampun gadhah pacangan. *Konflik psikis* bingung Wimbadi sanesipun inggih menika.

Sajane aku isih durung mantep, isih dadi gagasan, apa sing arep daktulis ing layang marang prawan weweg Kingkinarti iku, lan kapan anggonku nulis. Durung ana ketetepan. Nanging sore iku uga ndadak Dasiyun marani aku karo nggawa kertas. (Data 9)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken bilih Wimbadi badhe ngandharaken raos trenanipun dhateng Kingkinarti mawi layang, nanging piyambakipun taksih bingung badhe nyerat menapa, dereng wonten gagasan menapa ingkang badhe dipunandharaken wonten ing layang ingkang badhe dipunaturaken dhateng Kingkinarti. Lajeng Dasiyun rawuh mbekta dlancang ingkang badhe kangge nyerat layangipun Wimbadi, ndadosaken Wimbadi tambah bingung. *Konflik psikis* Wimbadi inggih menika amargi rawhipun Dasiyun ingkang ngasta dlancang, ananging Wimbadi dereng wonten gagasan menapa ingkang badhe dipunserat wonten ing layang saengga ndadosaken Wimbadi bingung. *Sistem ego* saking Wimbadi bingung amargi dereng mantep badhe nyerat layang kangge Kingkin, nanging *superego* meksa Wimbadi kedah nyerat amargi Dasiyun sampun mbekta dlancang. *Konflik psikis* bingung Wimbadi sanesipun inggih menika.

*“Aku ethok-ethok turu, nanging satemene tetep meleak, **aku mikir omonge Basuki**. Kena apa dheweke ngrembug bab Kingkin? apa dheweke ngerti layangku? apa mung dhasar kebeneran wae? apa Dasiyun kurang prayitna anggane nggawa layang? ah, ora. **Aku kelingan guneme Kingkinarti, “kayu ada apinya, aku ada yang punya.”** Apa Basuki iki sing duwe Kingkin?” (Data 11)*

Wimbadi boten saged sare amargi menggalih ngendikanipun Basuki. Kala wau Basuki ngendika bab Kingkin, Wimbadi nginten menapa Basuki mangertosi katresnanipun Wimbadi dhateng Kingkinarti, menapa Basuki menika pacanganipun Kingkinarti. Lajeng Wimbadi kelingan ngendikanipun Kingkinarti “kayu ada apinya, aku ada yang punya” saengga ndadosaken Wimbadi menggalih menapa Basuki menika pacanganipun Kingkinarti. Wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika Wimbadi menggalih ngendikanipun Basuki bab wanudya ingkang dipuntresnani, inggih menika Kingkinarti. Saengga ndadosaken Wimbadi boten ngertos sejatosipun sinten pacanganipun Kingkinarti. *Dorongan ego* ndadosaken Wimbadi kepikiran cariyosipun Basuki bab Kingkin, menika ingkang dadosaken Wimbadi pengin ngertos gayutanipun Basuki kalihan Kingkin. *Superego* Wimbadi ndadosaken Wimbadi ethok-ethok sare nanging tetep menggalih ngendikanipun Basuki. *Konflik psikis* bingung Wimbadi sanesipun inggih menika.

*“Nanging aneh, kena apa Dasiyun tansah menehi semangat aku, supaya aku waleh marang Kingkinarti yen ngesiri cah manis kuwi? Dasiyun sing ngogrok-ogrok aku. Lan wektune saiki, **apa Kingkinarti ngerti kena apa Dasiyun nangis tenanan kepaten Dulmanan?** Jare Basuki sing ngerti wewadi iku mung wong-wong sing mau bengi ana ing langgar thok!” (Data 19)*

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Wimbadi nembe kemawon ngertos bab Dasiyun kalihan Kingkinarti. Nanging ingkang dipunpenggalih dening Wimbadi inggih menika kenging menapa wiwit rumiyin Dasiyun ingkang tansah maringi semangat dhateng piyambakipun supados ngandharaken katresnanipun dhateng Kingkinarti, pranyata Dasiyun menika pacanganipun Kingkinarti. Lajeng samenika menapa Kingkinarti mangertosi kenging menapa Dasiyun nangis saestu amargi sedanipuun Dulmanan. Wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika tumindakipun Dasiyun ingkang tansah nyemangati piyambakipun, pranyata Dasiyun menika pacanganipun Kingkinarti. *Ego* bingung kenging menapa Dasiyun tansah nyemangati Wimbadi, wondene Kingkinarti menika pacanganipun Dasiyun. *Dorongan superego* ndadosaken Wimbadi menggalih menapa Kingkin sampun mangertosi tumindakipun Dasiyun ingkang nembak Dulmanan amargi miturut Basuki ingkang mangertos namung para pemudha pejuwang. *Konflik psikis* bingung sanesipun ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika.

“Saiki aku sok nggagapi atiku dhewe. Apa katresnan kang thukul ing atiku, tresna marang Kingkinarti iku mung marga diobongi Dasiyun, apa thukul dhewe saka atiku? Dasiyun ora ngobongi. Bibit wis ana sadurunge? yen ngono apa perlu aku ngurusi hubungane Dasiyun karo Kingkin. Angger Kingkin gelem, mesthi wae daklabuhi! saiki aku ngira yen Basuki sing gawe-gawe! Basuki gawe gara-gara. Jare Kingkin duweke Dasiyun. Nanging sikepe Kingkin lan tangkepe Dasiyun mau, sajake ya pancen mesra mengkono jare! ah! embuh! lo, kok embuh? kudu dakpikir, kudu dakrasak-rasakake! aku iki tresna ora ta, karo Kingkinarti?”
(Data 20)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken Wimbadi ingkang bingung nalika menggalih raos tresnanipun dhateng Kingkinarti. Wimbadi bingung amargi raos tresna ingkang wonten menika amargi dipunsemangati Dasiyun menapa thukul piyambak. Ananging miturut Basuki, Dasiyun menika pacanganipun Kingkinarti, sedaya menika ingkang ndadosaken Wimbadi bingung. Wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika Wimbadi menggalih raos tresnanipun dhateng Kingkinarti menika raos tresna ingkang saestu menapa boten, menapa amargi Dasiyun. *Ego* ndadosaken Wimbadi menggalih bab katresnanipun kalihan Kingkin menapa merga Dasiyun menapa thukul piyambak. *Superego* kedah dipunpenggalih menapa tresna kalihan Kingkinarti, tresna ingkang saestu. *Konflik psikis* bingung sanesipun ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika.

“Mas Wim ki ora pirsani tenan?”

Aku gedheg, sasmita ora ngerti tenan. Sumpah. Aku ora ngerti tenan! yen dudu Dasiyun...., sapa?! Aku gumun. pikiranku blong kaya reme prahoto sing lagi mlaku banter ora bisa direm, ora bisa diendhegake, merga reme blong. Pikiranku mlaku cepet, grayang-grayang gambaran wong lanang pemudha kancaku ing pasrawungan kidul Dringu sing sakira tau rapet karo prawan Kingkinarti, nanging kosong. Suwung. Sapa?! (Data 27)

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Kingkinarti nalika dhaup krama kalihan Wimbadi sampun ngandhut, ananging Wimbadi boten mangertosi bapak saking jabangbayi ingkang dipunkandhut dening Kingkinarti. Wimbadi nginten menawi bapak saking jabangbayi ingkang dipunkandhut Naraindras menika Dasiyun. Pranyata klentu, menawi sanes Dasiyun sinten ingkang dados bapak saking jabang bayi menika. Saking

andharan ing nginggil saged dipunmangertosi *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening Wimbadi, inggih menika Wimbadi boten mangertosi sinten bapak saking jabangbayi ingkang dipunkandhut dening Kingkinarti. *Ego* Wimbadi boten ngertos sinten bapak saking jabang bayi ingkang dipunkandhut dening Kingkinarti, amargi miturut Wimbadi menika Dasiyun ananging sejatosipun sanes Dasiyun. *Superego* ndadosaken Wimbadi boten saged menggalih kanthi leres.

c. Kaget

Wonten ing Poerwadarminta (1939: 170) kaget tegesipun inggih menika rasaning ati dados owah dadakan (dening kahanan ingkang ora dinyana-nyana babar pisan). Wimbadi nglampahi *konflik psikis* kaget ingkang dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

“Tanganku dakculake, saiki aku sing kaget. Dasiyun areke Kingkin! ah, kok wuta timen aku! mulane layangku tanpa reaksi. Marga didhep! mulane Kingkin kok krasan nyambutgawe ana langgar! cedhak areke! Hm, ana wae!” (Data 14)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken bab Kingkinarti, ingkang samangertosipun Wimbadi, Dasiyun menika pacanganipun Kingkinarti. Saderengipun Wimbadi sampun nyerat layang kangge Kingkinarti, ananging ngantos samenika dereng wonten piwales, pranyata Kingkinarti menika pacanganipun Dasiyun. Lajeng Wimbadi menggalih Kingkinarti ingkang krasan nyambut damel wonten ing langgar amargi caket kalihan Dasiyun. Samenika Wimbadi nembe kemawon mangertosi, menawi tumindakipun Kingkinarti amargi Dasiyun menika pacanganipun Kingkinarti. Wujud *konflik psikis* kaget saking Wimbadi inggih menika

sasampunin Wimbadi mangertosi menawi Dasiyun menika pacanganipun Kingkinarti. Kaget minangka wujud saking *Sistem id, ego* ndadosaken Wimbadi menggalih bab layang saha Kingkin ingkang tansah caket kalihan Dasiyun amargi Wimbadi mangertosi bilih pacanganipun Kingkin inggih menika Dasiyun. *Konflik psikis* kaget sanesipun inggih menika.

“Bab apa maneh mas sing durung kababar ing pikiran?” pitakone Naraindras ndhesek. “Aku ora seneng yen lungguhan cedhak ngene iki meneng-menengan. Critaa ge, Mas. Pupung ijen padha ijen aku critanana pikiranmu lan prasakanmu. Ya?”
*“Bab penguburan mau,” mak trucut tembungku! **aku kaget dhewe kena apa muni ngono!** ah, cangkem! iki rak prasasat ndhudhahi bathang kependhem! (Data 22)*

Pethikan data ing nginggil ngandharaken Wimbadi ingkang ngendika kanthi spontan. *“Bab penguburan mau,” mak trucut tembungku!*, nalika saweg lenggah kalihan Naraindras, Kanthi boten dipunsengaja saha boten dipunnyana-nyana Wimbadi ngendika makaten. Sejatosipun bab sedanipun Dulmanan ingkang sampun dipunsarekaken menika sampun ngantos wonten tiyang sanes ingkang mangertosi. Amargi sampun dados rahasia kangge kanca pejuwang ing desa kidul Dringu. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika, piyambakipun kaget amargi ngendika *“Bab penguburan mau”* dhateng Naraindras. *Id* ndadosaken Wimbadi kaget ngendika makaten, *ego* Wimbadi kedah saged nutupi menawi pejahipun Dulmanan amargi dipuntembak dening Dasiyun.

d. Kuwatos

Poerwadarminta (1939: 241) ngandharaken bilih kuwatos tegesipun inggih menika sumelang, wedi dening nggagas kacilakan kang bakal

kalakon. Wimbadi nglampahi *konflik psikis* kuwatos ingkang dipuntindakaken dening Wimbadi inggih menika.

“Sawise cara-cara lotre diandharake dening mas Adi Waluya, kabeh sarujuk, banjur padha njupuk gulungan-gulungan kertas kang ana ing kupluke Martimbang. Atiku bali tratapan nalika nampa giliran, kaya-kaya aku kang bakal nampa kewajiban duraka nglunasi jiwane wong ora dosa kuwi.” (Data 16)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken nalika pemudha pejuwang badhe nindakaken cara lotre sinten ingkang kedah nembak Dulmanan. Dlancang ingkang dipunginakaken kangge lotre dipunlebetaken ing kuplukipun Martimbang, Saben kanca pejuwang mendhet satunggal. Nalika giliranipun Wimbadi, Wimbadi nratap amargi kuwatos menawi piyambakipun kedah nembak Dulmanan. Wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika rikala Wimbadi giliran mendhet lotre, Wimbadi kuwatos menawi piyambakipun ingkang kedah nembak Dulmanan. Wimbadi tratapan menawi badhe mendhet undian lotre amargi ajrih mbok menawi piyambakipun kedah nglampahi nembak Dulmanan menika kalebet *struktur* kapribaden *id, ego* saking Wimbadi rumaos bilih piyambakipun ingkang kedah nglampahi kewajiban nembak Dulmanan.

e. Boten nginten

Boten nginten inggih menika salah satunggaling kahanan ingkang kalampahan nanging boten dipunnyana-nyana. Wimbadi nglampahi *konflik* boten nginten nalika mangertosi Dasiyun ingkang mondhok ing dalemipun

Kingkinarti. *Konflik psikis* boten nginten dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

“Sapa? ana ngendi Dasiyun?”

“Sape maneh? Kingkin! Dasiyun saiki digedhong ing pondhokane Kingkin, tetep nangis sesenggrukan kaya mau.”

*Krungu kabar iku kudune aku ora kaget. Nanging pikiranku pancen ora mlaku, nganti kabar kaya ngono iku anyar kanggoku. **Babar pisan ora daknyana, Dasiyun disingitake Kingkinarti ing pondhokane Kingkin, yakuwi pondhokane pak Sundara!** (Data 21)*

Pethikan data ing nginggil menika kaandharaken makaten. Wimbadi rumaos kelangan Dasiyun amargi sadinten menika piyambakipun dereng kepanggih kalihan Dasiyun, nanging Wimbadi boten ngira menawi Dasiyun sampun wonten ing pondhokanipun Kingkarti. Mireng ngendikanipun Naraindras menawi Dasiyun wonten ing pondhokanipun Pak Sundara bapakipun Kingkinarti ndadosaken Wimbadi boten nginten pikantuk warta ingkang kados makaten. Wimbadi nglampahi *konflik psikis* sasampunipun mireng ngendikanipun Naraindras menawi Dasiyun mapan wonten ing dalemipun Kingkinarti, saengga Wimbadi boten nginten Dasiyun ngantos mapan wonten ing dalemipun Kingkinarti. *Energi psikis ego* boten nginten menawi Dasiyun wonten ing pondhokanipun Kingkinarti. *Dorongan superego* menawi warta bab Dasiyun menika warta ingkang enggal kangge piyambakipun. *Konflik psikis* boten nginten sanesipun ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika.

“Aku meneng, dheleg-dheleg. Ora ngira yen putusan mistul mateni Dulmanan kuwi dudu solusi kang bener, pranyata dhestun panyebab onyane kahanan desa kang tentrem lan kang dadi ajang markase para patriot pejuwang bangsa kang atekad nyawiji ngrusuhi nggerilya peprentahan wadyabala Walanda sing ngebroki

kutha Probolinggo ben ora jenak kanggone ngatur kutha. Ora ngira babar pisan! “ (Data 26)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken kahananipun Wimbadi ingkang boten nginten menawi putusan nembak Dulmanan menika dados salah satunggaling tumindak kadurakan ingkang kalampahan ing desa kidul Dringu. Pemudha pejuwang ingkang wonten ing desa kidul Dringu nyawiji badhe damel dredah tentara Walanda, ananging Wimbadi boten nginten badhe nglampahi kadadosan ingkang kados makaten. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika, Wimbadi boten nginten menawi putusan nembak Dulmanan menika sanes tumindak ingkang becik saengga ndadosaken kahanan desa kidul Dringu ingkang boten tentrem. *Ego* Wimbadi kelingan malih nalika ngungsi ing kidul Dringu, Saha Dasiyun ingkang nembak Dulmanan. *Superego* boten nginten menawi tumindak nembak Dulmanan menika boten dados solusi ingkang leres.

2.3 *Superego*

Wosipun saking *superego* inggih menika *kata hati* ingkang wonten ing salah satunggaling manungsa. *Superego* tansah wonten gayutanipun kalihan *energi psikis* sanesipun kados ta *id* utawi *ego*. Wimbadi nglampahi *konflik psikis* utawi *konflik batin* ingkang kalebet *energi psikis superego* kados wonten ing ngandhap menika.

a. Ajrih

Ajrih inggih menika raos ajrih ingkang dipungadhahi dening salah satunggaling tiyang menawi badhe nglampahi salah satunggaling

kadadosan. Wimbadi ngraos ajrih menawi badhe mendhet jisimipun Mas Pandam, Wimbadi ugi ajrih menawi badhe medal saking desa kidul Dringu. Wimbadi nglampahi *konflik psikis* ajrih ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika.

“Dadi dina iku aku ora wani njupuk jisime Mas Pandam. Kang mengkono njalari pepeting atiku. Rumangsa duraka engatase sedulur ngemasi kok ora bisa ngrumat. Kamangka genah mung aku sing weruh. Pikiran iku tansah muthek ing ati. Aku ora wani oncat luwih adoh!ora wani melu rujukan karo wong-wong sing arep nekad metu saka wilayah Probolinggo sing wis didhudhuki mungsuh, tentara Belanda, nrobos menyang dhaerah Republik sing durung dibroki Walanda.” (Data 3)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken kahananipun Wimbadi nalika badhe nilar desa kidul Dringu amargi kutha Probolinggo dipunserang dening Walanda. Nalika mlajar badhe nilar desa Dringu, Mas Pandam kenging tembak mustakanipun. Amargi kepengin slamet, Wimbadi nglajengaken ngantos dumugi desa ing kidul Dringu. Wimbadi menggalih Mas Pandam ingkang dipuntilar piyambakipun, Wimbadi ajrih menawi badhe mendhet jisimipun Mas Pandam. Wimbadi rumaos duraka, lajeng Wimbadi ugi ngraos ajrih menawi badhe medal saking desa ing kidul Dringu. Wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika, Wimbadi ajrih menawi badhe mendhet jisimipun Mas Pandam. Ananging Wimbadi ugi ngraos ajrih menawi badhe medal saking kitha Probolinggo, amargi rumaos duraka menawi nilar jisimipun Mas Pandam. *Ego* ndadosaken Wimbadi ajrih badhe mendhet jisimipun mas Pandam. *Dorongan* saking *superego* ndadosaken Wimbadi ajrih menawi badhe nilar

jisimipun mas Pandam medal saking desa kidul Dringu amargi ndadosaken piyambakipun rumaos duraka.

b. Kuciwa

Kuciwa inggih menika raos gela amargi saking salah satunggaling tumindak. *Konflik psikis* awujud kuciwa ingkang kalebet *struktur* kapribaden *superego* ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika nalika Wimbadi saweg kalihan Kingkinarti, kanthi boten dipunsengaja Wimbadi nyepengi astanipun Kingkinarti nanging Kingkinarti malah nyentak Wimbadi amargi ngrumaosi menawi Wimbadi badhe tumindak *kurang ajar*. *Konflik psikis* kuciwa dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

Nalika omong-omong iku lungguhe kene cukup cedhak, jejer, ora daksengaja lan ora dakonangi, tanganku ndadak cekel-cekel tangane Kingkinarti! aku krasa yen mengkono bareng Kingkinarti nyentak aku karo nyendhal tangan sing dakemek-emek! ya kaget tenan. Wong kana salah tanggap, tangan nggrathil dianggep kurangajar. Iki mau priye ta? gelaaaa ngono rasane! (Data 6)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken kuciwanipun Wimbadi. Nalika saweg kalihan Kingkinarti, piyambakipun boten dipunsengaja nyepengi astanipun Kingkinarti lajeng Kingkinarti nyentak astanipun Wimbadi. Kingkinarti nginten menawi tumindak *kurangajar*, amargi menika lajeng Wimbadi gadhah raos gela. Wujud *konflik psikis* Wimbadi kalampahan nalika sasampunipun Wimbadi nyepeng astanipun Kingkinarti lajeng Kingkinarti nyentak Wimbadi, lajeng panjenenganipun kuciwa sampun tumindak kados makaten dhateng Kingkinarti. *Dorongan Superego* ndadosaken Wimbadi rumaos kuciwa saking tumindak

piyambakipun ingkang nyepeng astanipun Kingkinarti. *Konflik psikis* kuciwa sanesipun Wimbadi inggih menika.

“Dakonangi wis makaping-kaping Kingkinarti guneman bisik-bisik marang Dasiyun, malah sok mijet-mijet lengene Dasiyun barang. Aku banjur kelingan kandhane Basuki, yen Kingkinarti kuwi dhemenan karo Dasiyun. Aku dadi rumangsa isin banget mikirake layang tandha tresnaku marang Kingkinarti kang daktitipake Dasiyun. Kok bento emen aku dhisik ora titen kaya Basuki ngono. Kacedhaken nyawang malah ora katon. Kekancan rapet karo Dasiyun, malah kalendran ora ngerti apa sing dilakoni dening Dasiyun karo Kingkinarti.”(Data 18)

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Basuki ngendika dhateng Wimbadi menawi Dasiyun menika pacanganipun Kingkinarti. Wimbadi rumaos kuciwa amargi kekancan raket kalihan Dasiyun nanging boten ngertos menawi Dasiyun menika pacananipun Kingkinarti. Sampun makaping-kaping Wimbadi mirsani Dasiyun kalihan Kingkin, nanging Wimbadi boten titen. Lajeng Wimbadi ngraos isin menggalih babagan layang tandha tresnanipun dhateng Kingkinarti. Wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika, Wimbadi ngraos kuciwa amargi boten ngertos bab Dasiyun kalihan Kingkinarti sanajan Wimbadi kalihan Dasiyun menika kekancan raket. *Dorongan ego* ndadosaken Wimbadi kelingan ngendikanipun Basuki. *Superego* ngrumaosi isin, amargi wiwit kala rumiyin Wimbadi boten gatosaken bab gayutanipun Dasiyun kalihan Kingkinarti.

c. Boten teganan

Boten teganan inggih menika raos welas amargi mirsani kahanan utawi kadadosan tartamtu ingkang dipunlampahi dening tiyang sanes.

Wimbadi boten tega nalika badhe nilar kancanipun inggih menika Dasiyun. *Konflik psikis* boten teganan ingkang dipuntindakaken dening Wimbadi inggih menika.

*“Dasiyun ora mandheg. Dheweke nggremet maju, kleser-kleser kaya njambik ngrindhik laler. Lan embuh pirang dhela maneh, Dasiyun ilang ing ngarepku. Prasaku ilange ki suwe banget. **Aku arep mingset mundhur, nanging ngelingi mitraku kang durung bali, aku tetep ora tega. Mula aku terus nunggu.** Aku yakin yen dheweke slamet baline mesthi liwat nggonku.” (Data 10)*

Pethikan data ing nginggil ngandharaken nalika Wimbadi kalihan kanca pejuwang saweg nganwontenaken serangan. Dasiyun ingkang kados adat saben gadhah raos ajrih nalika serangan, samenika Dasiyun maju kleser-kleser madosi Dulmanan ingkang dereng mundur. Nalika Dasiyun madosi Dulmanan, Wimbadi ngentosi wangsulipun Dasiyun. Amargi Wimbadi boten tega menawi badhe nilar Dasiyun. Wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika, sejatosipun Wimbadi badhe mundur, ananging Wimbadi boten tega menawi badhe nilar Dasiyun ingkang saweg madosi Dulmanan. *Dorongan id* ndadosaken Wimbadi setya nengga wangsulipun Dasiyun, *dorongan superego* ndadosaken Wimbadi pengin medal saking papan menika ananging boten tega nilar mitranipun, Dasiyun. *Konflik psikis* boten teganan saking Wimbadi inggih menika.

*“Atiku rasa-rasane malah kaya dijuwing-juwing ngerti Dasiyun ketiban apes. Nanging cangkemku kemancing, ora bisa aweh panglipur apa-apa. Lan apa ta kang perlu diucapake? yen aku mbelani Dasiyun, ora wurung aku dhewe kesangkut perkara, bisa kena paukuman. **Dadi karep ben Dasiyun wandu nangisi nasibe kang ala.**” (Data 17)*

Pethikan data ing nginggil kaandharaken makaten. Sadaya kanca pejuwang sarujuk badhe nembak Dulmanan, amargi swanten sesambatipun Dulmanan dados siksaniipun kanca pemudha pejuwang. Kanthi cara lotre, Dasiyun ingkang nampi kewajiban kedah nembak Dulmanan. Mangertosi Dasiyun ingkang kedah nembak Dulmanan ndadosaken Wimbadi boten tega, ananging piyambakipun boten saged paring panglipur menapa-menapa, dados Wimbadi boten ndherek cawe-cawe perkawis menika. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika Wimbadi boten tega menawi Dasiyun ingkang kedah nembak Dulmanan, Wimbadi badhe nglipur Dasiyun ananging tutukipun kemancing boten saged paring panglipur menapa-menapa. *Id* ndadosaken manahipun Wimbadi kados dipunjuwing-juwing ngertos Dasiyun ingkang nglampahi kewajiban nembak, *dorongan superego* ndadosaken Wimbadi boten saged ndherek cawe-cawe amargi ajrih kesangkut perkawis menika. *Konflik psikis* boten teganan sanesipun saking Wimbadi inggih menika.

“Wiwitane dheweke arep daktarap karo pitakonan-pitakonan kang kebak gumrambyang ing dhadhaku, bab anggane pinter nyandiwara akon-akon aku ngirim layang marang yange, nanging krungu swarane lan weruh wonge kang melas asih iku, kekarepanku sirep dhewe.” (Data 23)

Pethikan data ing nginggil ngandharaken nalika Wimbadi mangertosi menawi Dasiyun menika dados pacanganipun Kingkinarti. Wimbadi gadhah pitakonan-pitakonan kangge Dasiyun, inggih menika bab nyandiwaranipun Dasiyun ingkang ndhawuhi supados damel layang kangge Kingkinarti. Ananging nalika mirsani kahananipun saha mireng

swantenipun Dasiyun ingkang welas asih ndadosaken kekajenganipun Wimbadi sirep. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika, wiwitanipun Wimbadi kathah pitakenan-pitakenan kangge Dasiyun. Ananging Wimbadi boten tega sasampunipun mirsani kahananipun Dasiyun. *Id* Wimbadi gadhah pepenginan badhe nyuwun pirsabab sandiwaranipun Dasiyun, *superego* ndadosaken Wimbadi boten tega mirsani tiyangipun saha mireng swara ingkang welas.

d. Trenyuh

Poerwadarminta (1939: 620) ngandharaken bilih trenyuh tegesipun remu, remek (atine), kakenan atine, kamiwelasen. Wimbadi trenyuh amargi mirsani Kingkinarti kenya ingkang dipuntresnani nangis sesenggrukan. *Konflik psikis* trenyuh dipunandharaken ing ngandhap menika.

*Marga mengkono, aku banjur pindhah lungguh menyang jejere. Kebeneran kursi sing dilungguhi kursi sing dawa kena dianggo lungguh wong luwih saka siji. Dakjejeri lungguh, terus dakrangkul. Dheweke ora nulak apa nginggati, ngerti yen aku duwe karep ngrangkul, Kingkinarti iya banjur nampani rangkulanku kanthi patrap kang tumanggap. Malah ora daknyana, Dhik Kingkin uga mbales ngrangkul wetengku, lan nyendhekake sirahe ing dhadhaku. Golek pangayoman, nangis sesenggruk. **Ngojahake nelangsane atine sing disandhang seprene iki, aku trenyuh banget.** Ora bisa dakpenggak maneh hardane atiku, dakgoleki pasuryane dhik Kingkin, dakgoleki sarana atiku, banjur dakarasi. (Data 25)*

Pethikan data ing nginggil ngandharaken nalika Wimbadi saweg kalihan Kingkinarti. Kingkinarti kersa manggihi Wimbadi, lajeng Wimbadi ngandharaken menawi Wimbadi gadhah pepenginan palakrama kalihan Kingkinarti. Kingkinarti kersa dados garwanipun Wimbadi. Kingkinarti

nangis kanthi sesenggukan, menika nedahaken nelangsanipun Kingkinarti. Kahanan menika ingkang ndadosaken Wimbadi trenyuh. *Konflik psikis* Wimbadi inggih menika, panjenenganipun trenyuh rikala mirsani Kingkinarti nangis sesenggukan ngandharaken nelangsanipun ingkang sampun dipunlampahi. *Superego* saking Wimbadi trenyuh awit mirsani Kingkin ingkang nangis sesenggukan ingkang ngojahaken nelangsanipun kalihan Wimbadi.

Konflik psikis ingkang dipunlampahi dening Wimbadi ingkang dipun-*dominasi* dening *struktur* kapribaden *id* inggih menika bingung, duka, boten teganan, ajrih saha kaget. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening Wimbadi ingkang dipun-*dominasi* dening *ego* inggih menika gumun, bingung, kaget, kuwatos saha boten nginten. *Konflik psikis* ingkang kaping tiga ingkang dipun-*dominasi* dening *superego* inggih menika ajrih, kuciwa, boten teganan saha trenyuh.

3. Andharan bab wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*

Paragatama wonten ing salebeting cariyos novel menika gadhah maneka warni watak. Miturut Sigmund Freud, watak dipunperang dados tigang *struktur* kapribaden inggih menika *id*, *ego* saha *superego*. Watak paragatama wonten ing *struktur* kapribaden menika saged ewah nalika paragatama ngadhepi *konflik*. Rikala paragatama ngadhepi *konflik*, *struktur* kapribaden menika saged ewah antawisipun *id*, *ego* saha *superego* ugi. Ananging saking tigang *unsur* menika,

namung wonten salah satunggul *struktur* kapribaden ingkang dominan. Wonten ing ngandhap menika badhe kaandharaken wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.

1. Bingung

Bingung wonten ing Poerwadarminta (1939: 45) tegesipun inggih menika kuwur atine ora mangerti apa kang bakal dilakoni. Bingung inggih menika salah satunggaling kawontenan ingkang boten ngertos kedah tumindak kadospundi. Wonten ing cariyos novel, paragatama Wimbadi ngadhepi *konflik* bingung. Wimbadi gadhah watak pinter ethok-ethok (ingkang kalebet *struktur* kapribaden *id*). Gampil nyepelekaken, gumunan saha niat ingkang kenceng (ingkang kalebet *struktur* kapribaden *ego*). Lajeng rumaos duraka, welas asih saha niat ingkang kenceng (ingkang kalebet *struktur* kapribaden *superego*).

Saking watak ingkang dipungadhahi Wimbadi ing nginggil menika saged ndadosaken Wimbadi nglampahi *konflik psikis* bingung. Wimbadi nglampahi *konflik psikis* bingung ingkang sepisanan inggih menika nalika Mas Pandam ngendika supados Wimbadi mlajar nilar dalemipun Mas Pandam medal wingking, *konflik psikis* bingung salajengipun inggih menika nalika Wimbadi mirsani Mas Pandam seda, panjenenganipun bingung kadospundi samangke ngaturi pirsa dhateng Mbakyu Pandam bab sedanipun Mas Pandam. Wimbadi ugi nglampahi *konflik psikis* bingung bab wanudya ingkang dipuntresnani, inggih menika Kingkinarti. Kados ta, menggalih tumindakipun Kingkinarti,

bingung nalika badhe nyerat laying kangge Kingkinarti, ngantos bab sinten bapak saking jabangbayi ingkang dipunkandhut dening Kingkinarti.

Struktur kapribaden saged ewah sasampunipun nglampahi *konflik psikis*. Kados dene, watak gampil nyepelakaken ingkang kalebet *struktur* kapribaden *ego* ewah dados *struktur* kapribaden *id* sasampunipun nglampahi *konflik psikis* bingung. Rumaos duraka ingkang kalebet *struktur* kapribaden *superego* ewah dados *struktur* kapribaden *id*, pinter ethok-ethok ingkang kalebet *struktur* kapribaden *id* ewah dados *struktur* kapribaden *ego*, welas asih ingkang kalebet *struktur* kapribaden *superego* ewah dados *struktur* kapribaden *ego*, saha niyat ingkang kenceng kalebet *struktur* kapribaden *superego* ingkang ewah dados *struktur* kapribaden *ego*.

2. Duka

Duka inggih menika tumindak srengen utawi anyel dhateng salah satunggaling kawontenan ingkang boten dipunremeni. Wonten ing novel dipuncariyosaken wimbadi gadhah watak gampil duka (ingkang kalebet *struktur* kapribaden *id*). Saengga saking watak menika, Wimbadi saged nglampahi *konflik psikis* duka.

Konflik psikis duka ingkang dipunadhepi dening Wimbadi ingkang sepisanan inggih menika rikala mirsani solah bawanipun Kingkinarti kados srikandhi purik, menika ingkang ndadosaken Wimbadi anyel. *Konflik psikis* salajengipun ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika nalika Basuki ngendika dhateng Wimbadi bab Kingkinarti, Basuki ugi nandhingaken Kingkinarti kalihan Naraindras. Sanajan Wimbadi manthuk, ananging manhuk

anyel amargi Kingkinarti menika wanudya ingkang dipuntresnani dening Wimbadi. *Struktur* kapribaden ingkang wonten ing watak paragatama boten ewah, sanajan sampun nglampahi *konflik psikis* duka.

3. Boten teganan

Boten teganan inggih menika raos welas amargi mirsani salah satunggaling kawontenan tartamtu. Wimbadi nglampahi *konflik psikis* boten teganan amargi watak ingkang dipungadhahi dening Wimbadi, antawisipun inggih menika gumunan (ingkang kalebet *struktur* kapribaden *ego*) saha welas asih (ingkang kalebet *struktur* kapribaden *superego*).

Saking watak Wimbadi ing nginggil, saged ndadosaken *konflik psikis* boten teganan ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika nalika Wimbadi mirsani Dasiyun ingkang sayah amargi mangku Dulmanan saengga ndadosaken Wimbadi boten tega. *Konflik psikis* boten teganan salajengipun inggih menika rikala pemudha pejuwang ngawontenaken serangan, Wimbadi boten tega menawi badhe mundur nilar Dasiyun ingkang saweg majeng madosi Dulmanan. Wimbadi nglampahi *konflik psikis* boten teganan ugi nalika Wimbadi mangertosi Dasiyun ingkang kedah nembak Dulmanan. Lajeng *konflik psikis* boten teganan ingkang pungkasan inggih menika rikala Wimbadi badhe paring pitakenan-pitakenan dhateng Dasiyun, ananging mirsani Dasiyun ingkang welas ndadosaken Wimbadi boten tega.

Struktur kapribaden ingkang ewah wonten ing watak welas asih inggih menika *superego* dados *struktur* kapribaden *id*. Watak gumunan ingkang

kalebet *struktur* kapribaden *ego*, ewah sasampunipun nglampahi *konflik psikis* boten teganan dados *struktur* kapribaden *superego*.

4. Ajrih

Wonten ing Poerwadarminta (1939: 3) ajrih inggih menika wedi. Wimbadi gadhah watak kendel (ingkang kalebet *struktur* kapribaden *id*) saha rumaos duraka (ingkang kalebet *struktur* kapribaden *superego*). Saking watak ing nginggil, Wimbadi nglampahi *konflik psikis* ajrih inggih menika rikala Wimbadi mireng ngendikanipun Kusman menawi panjenenganipun kedah nembak Dulmanan. *Konflik psikis* ajrih salajengipun inggih menika wimbadi ingkang ajrih menawi badhe nilar desa kidul Drigu. Watak rumaos duraka ingkang *struktur* kapribaden *superego* ewah sasampunipun nglampahi *konflik psikis* ajrih dados *struktur* kapribaden *ego*.

5. Kaget

Wimbadi nglampahi *konflik psikis* kaget amargi saking kawontenan ingkang boten dipunnyana-nyana saderengipun. Watak ingkang gayutan kalihan *konflik psikis* kaget inggih menika gampil duka (kalebet *struktur* kapribaden *id*), welas asih saha niyat ingkang kenceng (kalebet *struktur* kapribaden *superego*). Watak niyat ingkang kenceng Wimbadi nalika kepanggih malih kalihan Kingkinarti, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika rikala Wimbadi kepanggih kalihan Kingkinarti, panjenenganipun namung saged tudhang-tudhing kemawon amargi kaget.

Watak welas asih Wimbadi inggih menika rikala Wimbadi mirsani mirsani Dasiyun ingkang saweg mbiyantu Dulmanan saengga Wimbadi boten tega

menawi badhe ngurus perkawis pribadi, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika Wimbadi ingkang boten ngertos bab Dasiyun kalihan Kingkinarti sanajan Wimbadi kalihan Dasiyun kekancan raket. Watak welas asih ingkang kalebet *struktur* kapribaden *superego* ewah sasampunipun nglampahi *konflik psikis* kaget dados *struktur* kapribaden *ego*.

6. Gumun

Wimbadi nglampahi *konflik psikis* gumun rikala piyambakipun ngungsi wonten ing desa kidul Dringu. Watak ingkang gegayutan kalihan *konflik psikis* gumun inggih menika *peduli* (ingkang kalebet *struktur* kapribaden *superego*). Watak peduli Wimbadi inggih menika, Wimbadi gadhah kewan ingon-ingonan segawon ingkang kasebat Tambur, panjenenganipun tansah ngopeni Tambur kanthi numbasaken balungan khusus.

Konflik psikis gumun ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika rikala mirsani masarakat desa kidul Dringu ingkang boten remen kalihan Tambur. Wimbadi ngrumosi menawi Tambur menika kewan ingkang njilma saengga dipunopeni dening Wimbadi. *Struktur* kapribaden watak Wimbadi ingkang asalipun *superego* ewah nalika piyambakipun ngadhepi *konflik psikis* gumun, inggih menika dados *struktur* kapribaden *ego*.

7. Kuwatos

Wonten ing Poerwadarminta (1939: 241) kuwatos inggih menika sumelang, wedi dening nggagas kacilakan kang bakal kalakon. Wimbadi nglampahi konflik psikis kuwatos rikala piyambakipun badhe mendhet undian lotre ingkang nemtokaken siten ingkang kedah nembak Dulmanan.

Watak ngatos-atos (ingkang kalebet *struktur* kapribaden *ego*) wonten gayutanipun kalihan *konflik psikis* kuwatos ingkang dipunlampahi dening Wimbadi. Watak ngatos-atos Wimbadi inggih menika rikala piyambakipun mireng swantenipun pistol, lajeng kanthi ngatos-atos Wimbadi mlebet desa mbok bilih wonten patroli Walandi. *Struktur* kapribadenipun watak boten ewah sanajan sampun nglampahi *konflik psikis* kuwatos.

8. Boten nginten

Wimbadi gadhah watak gumunan (kalebet *struktur* kapribaden *ego*) saha rumaos duraka (kalebet *struktur* kapribaden *superego*). Watak menika ndadosaken Wimbadi nglampahi *konflik psikis* boten nginten. Watak gumunan saking Wimbadi inggih menika Wimbadi ingkang gumun kalihan patrapipun Kingkinarti, lajeng Wimbadi menggalih menapa Dasiyun menika pacanganipun Kingkinarti. *Konflik psikis* boten nginten Wimbadi inggih menika rikala Wimbadi mangertosi pawarta bab Dasiyun ingkang mapan ing dalemipun Kingkinarti.

Watak rumaos duraka ndadosaken Wimbadi nglampahi *konflik psikis* boten nginten, inggih menika rikala Wimbadi kelingan kadadosan ing desa kidul Dringu. Wimbadi ngrumaosi menawi tumindak nembak Dulmanan menika kalebet tumindak ingkang duraka.

9. Kuciwa

Kuciwa inggih menika raos gela amargi saking salah satunggaling tumindak. Wimbadi gadhah watak subasita saha pangerten (ingkang kalebet *struktur* kapribaden *superego*). Watak subasita wonten gayutanipun kalihan

konflik psikis kuciwa ingkang dipunlampahi Wimbadi inggih menika, Wimbadi gadhah watak subasita rikala Naraindras lenggah ing sisihipun, lajeng Wimbadi ngendika dhateng Naraindras supados saged njagi kabecikan tata cara adat masarakat desa kidul Dringu. *Konflik psikis* kuciwa ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika rikala Wimbadi kanthi boten dipunsengaja nyepeng astanipun Kingkinarti lajeng Kingkinarti nyentak astanipun Wimbadi.

Watak pangerten ugi wonten gayutanipun kalihan *konflik psikis* kuciwa ingkang dipunlampahi dening Wimbadi. Watak pangerten Wimbadi inggih menika Wimbadi boten badhe ngurus perkawis bab gandheng cenengipun Kingkinarti kalihan Dasiyun. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika Wimbadi ingkang kelingan ngendikanipun Basuki bab Kingkinarti kalihan Dasiyun, Wimbadi boten mangertos bab menika pranyata Wimbadi kalihan Dasiyun kekancan raket, menika ingkang ndadosaken Wimbadi kuciwa.

10. Trenyuh

Trenyuh inggih menika kamiwelasen amargi saking salah satunggaling kawontenan. Wimbadi gadhah watak pangerten (kalebet *struktur* kapribaden *superego*) ingkang wonten gayutanipun kalihan *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening Wimbadi.

Watak pangerten Wimbadi inggih menika rikala Wimbadi ingkang boten badhe rembugan perkawis ingkang saged ndadosaken Kingkinarti ketaton manahipun. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika rikala Wimbadi trenyuh amargi mirsani wanudya ingkang

dipuntresnani nangis sesenggrukan. Watak pangerten ingkang kalebet *struktur* kapribaden *superego* boten ewah sanajan sampun nglampahi *konflik psikis* trenyuh.

Wonten ing nginggil sampun dipunandharaken asiling panaliten saha pirembaganipun, inggih menika bab *perwatakan* paragatama, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama saha wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata ngginakaken *pendekatan psikologi* sastra kanthi *teori psikoanalisis* ingkang dipunandharaken dening Sigmund Freud. *Teori psikoanalisis* Sigmund Freud ngandharaken menawi *struktur* kapribaden dipunperang dados tigang *unsur* inggih menika *id, ego, superego*.

Watak saking paragatama saged ndadosaken *konflik-konflik* ingkang dipunlampahi dening paragatama, upaminipun watak niyat ingkang kenceng saking Wimbadi ingkang badhe ngandharaken raos tresnanipun dhateng Kingkinarti. Wimbadi saged nglampahi *konflik psikis* bingung, inggih menika rikala panjenganipun bingung kadospundi ngandharaken raos tresnanipun dhateng Kingkinarti, menapa ingkang badhe dipunandharaken dhateng Kingkinarti, Wimbadi boten ngertos kadospundi panjenenganipun kedah tumindak. Dados, watak kalihan *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama menika tansah gegayutan. Saking salah satunggaling watak, saged ndadosaken ngrembakanipun *konflik* ingkang dipunlampahi ngantos *konflik* menika *klimaks*.

Konflik psikis ingkang dipunlampahi dening paragatama saged kadadosan saking tigang unsur menika kanthi bebarengan inggih menika *struktur* kapribaden *id*, *ego* saha *superego*, ananging namung wonten kalih unsur ingkang *dominan*. Antawisipun kalih unsur ingkang *dominan* menika samangke wonten salah satunggaling unsur ingkang langkung *dominan* malih.

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih watak ingkang dipungadhahi dening paragatama mangaribawani *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama. Dados, pangripta ngawontenaken watak paragatama ingkang *kompleks* saengga ndadosaken wontenipun *konflik psikis* ingkang *kompleks* ugi. Nalika paragatama nglampahi *konflik*, *struktur* kapribadenipun saged ewah saking *struktur* kapribaden asalipun jumbuh kalihan *konflik psikis* ingkang dipunlampahi.

Panganggit pinter anggenipun nggambaraken *unsur-unsur psikologis* wonten ing cariyos novel. *Unsur psikologis* saged dipunmangertosi saking watak paragatama, amargi saking watak ingkang dipungadhahi dening paragatama saged mangaribawani *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama. Antawisipun watak kalihan *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama tansah gegayutan. Saengga wonten salebeting cariyos novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, paragatamanipun saged nglampahi *perkembangan psikologis*-ipun. Menika ingkang ndadosaken novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* narik kawigatosan kangge dipuntliti *konflik psikologis*-ipun, pamaos ugi saged ngraosaken *unsur-unsur psikologis* ingkang wonten ing cariyos novel menika.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata saged dipunpendhet dudutanipun. Dudutan ingkang dipunpanggihi inggih menika.

1. *Perwatakan* paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* ingkang dipunpangaribawani dening *struktur* kapribaden *id* inggih menika kendel, pinter ethok-ethok, boten teganan, gumunan saha gampil duka. Ingkang dipunpangaribawani dening *struktur* kapribaden *ego* inggih menika gampil nyepelkaken, gumunan, ngatos-atos, boten teganan saha niyat ingkang kenceng. Lajeng ingkang dipunpangaribawani dening *struktur* kapribaden *superego* inggih menika *peduli*, rumaos duraka, pangerten, boten teganan, remen tetulung saha subasita. Saking sadaya *watak* ingkang dipungadhahi dening Wimbadi, *watak* ingkang *dominan* inggih menika gumunan ingkang dipunmangaribawani dening *struktur* kapribaden *ego*. Wimbadi gadhah *watak* gumunan menawi piyambakipun nglampahi kadadosan ingkang enggal utawi mirsani kawontenan ingkang boten kados limrahipun.
2. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama Wimbadi ingkang kalebet *struktur* kapribaden *id* inggih menika bingung, duka, boten teganan, ajrih saha kaget. Lajeng *konflik psikis* ingkang kalebet *struktur* kapribaden *ego* inggih menika gumun, bingung, kaget, kuwatos saha boten

nginten. Ingkang pungkasan, *konflik psikis* ingkang kalebet *struktur* kapribaden *superego* inggih menika ajrih, kuciwa, boten teganan saha trenyuh. *Konflik psikis* ingkang langkung kathah dipunlampahi dening Wimbadi inggih menika bingung ingkang dipunpangaribawani dening *struktur* kapribaden *ego*. Wimbadi tansah bingung menawi nglampahi kadadosan utawi mirsani bab sanesipun ingkang wonten gayutan kalihan piyambakipun ananging dereng dipunnyana-nyana saderengipun.

3. Saking panaliten dhateng novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, dipunpanggihi *Id* saking Wimbadi tumindak adhedhasar *naluri* dhasar ingkang saged mangaribawani dhateng *psikis* Wimbadi. *Ego* ndadosaken paraga Wimbadi saged menggalih kanthi *rasional*, ingkang ngginakaken *logika*.. Lajeng *superego* ingkang matesi solah bawanipun Wimbadi ingkang dipunpangaribawani dening *id*. *Superego* ugi ndadosaken Wimbadi dados paraga ingkang saged ngendhalekaken *ego* nalika badhe tumindak, amargi *superego* menika *pengontrol* dhiri paraga.
4. Saking wataking paragatama saha *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paragatama, nedahaken bilih watak saking paragatama saged ndadosaken *konflik-konflik* ingkang dipunlampahi dening paragatama. Dados, pangripta ngawontenaken watak paragatama ingkang *kompleks* saengga ndadosaken wontenipun *konflik psikis* ingkang kompleks ugi.

Karya sastra asipat *imajinatif*, *estetik*, gadhah paedah saha ngremenaken pamaos. Pagesangan pangripta saged dipungambaraken kanthi *dunia imajintif*, ingkang ngasilaken salah satunggaling karya sastra. Pangripta ngawontenaken

unsur psikologi wonten ing karya sastra supados narik kawigatosanipun pamaos, sanesipun inggih menika supados pamaos saged ngraosaken menapa ingkang wonten ing salebeting cariyos.

B. Pamrayogi

Wonten ing panaliten menika namung winates ngrembag bab *perwatakan* paragatama kalihan *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* kemawon, dados saged dipunlampahi panaliten salajengipun ingkang nganalisis novel ingkang ngrembag sadaya paraga kanthi ngginakaken *pendekatan psikologi* sastra menapa *pendekatan* sanesipun. Kados dene *pendekatan sosiologi* sastra, *pendekatan pragmatik* utawi *pendekatan* sanesipun ingkang jumbuh.

C. Implikasi

Asiling panaliten nedahaken menawi wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata wonten *unsur-unsur psikologis*-ipun. Panaliten menika gadhah mapangat kangge nambahi *perbendaharaan* bab *psikologi* sastra ingkang wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata.

Panaliten menika gadhah manpangat kangge pengajar, inggih menika dipundadosaken kangge *referensi* pasinaon bab *perwatakan* kalihan *konflik psikis* wonten ing karya sastra. Kangge mahasiswa Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNY, asiling panaliten menika saged dipundadosaken ngelmi bab

perwatakan kalihan *konflik psikis* paragatama kanthi ngginakaken *pendekatan psikologi sastra* mawi *teori psikoanalisis* Sigmund Freud. Kangge pamaos panaliten menika saged dipundadosaken *referensi* kangge panaliten sanesipun, mliginipun ingkang wonten gayutanipun kalihan *kasusastran* ingkang kajianipun arupi novel.

KAPUSTAKAN

- Arifianie, Ani Dessy. 2007. *“Perwatakan Tokoh Utama dalam Novel Garuda Putih Karya Suparto Brata”*. Skripsi. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta
- Brata, Suparto. 2012. *Kadurakan Ing Kidul Dringu*. Yogyakarta: Penerbit Narasi
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Psikologi Sastra*. Yogyakarta: Medpres (Anggota IKAPI).
- _____. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Penerbit CAPS
- KBBI. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta: Departemen Pendidikan Nasional, Balai Pustaka.
- Luxemburg, Jan Van dkk. 1981. *Pengantar Ilmu Sastra diterjemahkan oleh Dick Hartoko*. Jakarta: PT Gramedia
- Minderop, Albertine . 2011 . *Psikologi Sastra: karya sastra, metode, teori dan contoh kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor
- Mustafa, Prima Rafik. 2007. *“Konflik Batin Tokoh Utama dalam Novel Katresnan Lingsir Sore Karya Yunani”*. Skripsi. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta
- Nurgiyantoro, Burhan. 1995 . *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters Uitgevers Maatschappij
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Saryono, Djoko. 2009. *Dasar Apresiasi Sastra*. Yogyakarta: Elmatara Publishing
- Sayuti, Suminto A. 2000. *Berkenalan Dengan Prosa Fiksi*. Yogyakarta: Gama Media
- Suryabrata, Sumadi. 2006. *Psikologi Kepribadian*. Jakarta: PT RajaGrafindo Persada
- Tim Tugas Akhir Skripsi Jurusan. 2012. *Suplemen Panduan Penulisan Tugas Akhir Skripsi (TAS)*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS UNY.
- Tim Tugas Akhir Fakultas. 2011. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni UNY.

- Tim Tuga Akhir Skripsi Universitas. 2011. *Pedoman Penulisan Tugas Akhir*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Wellek, Rene & Warren. 1990. *Teori Kesusastraan terjemahan melalui Melani Budianta*. Jakarta : PT. Gramedia Pustaka Utama
- Wiyatmi. 1999. *Teori Pengkajian Sastra: Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: FBS UNY
- _____. 2011. *Psikologi Sastra*. Yogyakarta : Kanwa Publisher

LAMPIRAN

LAMPIRAN 1: PERWATAKAN PARAGATAMA WONTEN ING NOVEL KADURAKAN ING KIDUL DRINGU

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
1.	“....Banjur klakon saben dina ngengkol sepedhah Dringu-Probolinggo bolak-balik. Aku ora abunemen trem marga rumangsaku kantorku ora adoh-adoh nemen yen dilanjo nganggo sepedhah.”	2	<i>Semangat</i>		√		<i>Dorongan Ego</i> ndadosaken Wimbadi tetep ngengkol sepedhah anggenipun tindak dhateng kantoripun amargi dipunraos boten tebih.
2.	“Aku wis terang mangan ing kantor. Bareng Tambur? Tambur malah dadi reksan. Nanging Tambur sajak ngerti, Mula Mas Pandam apadene aku ora padha duwe niyat mbuwang asu iku. Malah kepara merlokake ngopeni. Ajeg dipakani dening Mas Pandam apa aku, ditukokake balungan khusus.”	2	<i>Peduli</i>			√	Tambur, segawon ingon-ingonan tetep dipunopeni dening Wimbadi kalihan Mas Pandam. <i>Dorongan superego</i> ndadosaken Wimbadi kersa ngopeni Tambur kanthi numbasaken balungan khusus kangge Tambur.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
3.	“... Wis suwe, saploke aku pindhah Probolinggo, ora tau krungu kabare ana bebaya nggegana apadene anane montormabur mungsuh. Mula aku rada nyepelekake unine suling bebaya nggegana iku.”	3	Gampil nyepelekaken		√		<i>Dorongan ego</i> ndadosaken Wimbadhi nyepelekake wontenipun bebaya, amargi salaminipun teng Dringu dereng nate wonten kadadosan ingkang kados makaten.
4.	“Mung aku gumun, kenapa lasykar sing diangkut prahoto kuwi tumuju ngetan? yen pancen mungsuh Walanda, tentara Walandane ana ing Gedangan Sidoarjo, pernahe ngulon yen saka Dringu lan Probolinggo.”	6	Gumunan		√		<i>Dorongan ego</i> ndadosaken Wimbadhi gumun amargi arah saking prahoto ingkang ngangkut lasykar arahipun mangetan.
5.	“Upama wektu iku aku bisa ngukup jisime Mas Pandam, saora-orane ya ana sing dakpasrahi genah, dakkira aku ora bakal mandheg ing desa kono. Bisa uga aku wis budhal mulih menyang Sala, nylinthut-nylinthut liwat gunung-gunung. Nanging	10	Rumaos duraka			√	Dorongan saking Wimbadhi ndadosaken manggon wonten ing desa sakidule Dringu, amargi rumaos duraka menawi badhe nilari jisimipun Mas Pandam.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				<i>Id</i>	<i>Ego</i>	<i>Superego</i>	
	rumangsa duraka ninggal wong ora bisa ngrumat jisime dhewe iku marakake aku ora nutugake laku ngli nubras-nubras menyang Sala. Playuku mandheg ing desa sakidule Dringu.						
6.	“Aku sok-sok gumun priye wong-wong iku kok terus oleh kabar Malang dibroki Landa, wong nganti saprene ora ana wong kono sing bisa hubungan karo Malang.”	13	Gumunan		√		<i>Ego</i> ndadosaken Wimbadhi gumun kadospundi tiyang-tiyang saged pikantuk warta bab Malang.
7.	“Dadi dina iku aku ora wani njupuk jisime Mas Pandam. Kang mengkono njalari pepeting atiku. Rumangsa duraka engatase sedulur kok ora bisa ngrumat...”	13	Rumaos duraka			√	<i>Superego</i> ndadosaken Wimbadhi rumaos duraka amargi ajrih menawi badhe mendhet jisimipun Mas Pandam.
8.	“Aku dhewe iya ora meneng dadi penonton. Aku dhewe ya banjur dadi lide warga mudha iku, lan melu cawe-cawe ngindhik mungsuh....”	21	Kendel	√			<i>Id</i> ndadosaken Wimbadhi ndherek cawe-cawe ngindhik mungsuh kados pemudha-pemudha sanesipun.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
9.	“.....Yen bisa mlebu ora nganti konangan patroli prajurit Walanda, arep nggoleki barang-barangku sing daktinggal dadakan ngungsi, e mbokmenawa ana barang sing isih bisa dakpignakake ing pengungsian. Sidane, pancen gampang nglimpe aja nganti konangan Walanda nganglang ing pinggir lurung kono mlebu menyang dalem dhinese Mas Pandam...”	24	Ngatos-atos		√		Ego ndadosaken Wimbadi madosi barang-barang ingkang dipuntilar ngungsi kanthi waspada supados tentara Walanda boten pirsani piyambakipun.
10.	“.....Nanging kanthi karep tumama, aku mlayu nubruk pistol kang gumlethak, dakgegem lunyune (marga kringetku) ora jamak. Dakgegem tangan loro kaya patrape wong nyekel iwak lele saka kali, lan pecat-pecat eling wulangane Dul Genuk, pistol dakacungake marang gegere kang mentas mungkur,.....”	27	Kendel	√			<i>Dorongan id</i> ndadosaken Wimbadi wantun mlajar mendhet pistol lajeng dipunacungaken dhateng pengkeranipun tentara Landa.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
11.	“Koen ngertia Wim, apaa Dasiyun gelet mbarek awak pena?” sawijine Dina Dulmanan nganggo tembung suroboyoan takon aku. Kaya adat saben, yen ngumpul ngono iku padha bebanyol, nyek-nyekan, utawa nyritakake pengalamane dhewe-dhewe. Aku gedheg, ethok-ethok ora ngerti.”	34	Pinter ethok-ethok	√			Id ndadosaken Wimbadi ethok-ethok boten ngertos menapa ingkang dipun-andharaken kanca-kanca pemudha ing pengungsan.
12.	“O, Kingkin, Kingkinku mangsa aku tegela ngejarake sliramu dicathek Tambur!”	40	Welas asih	√			Id ndadosaken Wimbadi boten tega menawi Kingkin dicathek tambur.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
13.	“La mbok iya!” Naraindras nantang lan masang pasuryane ngadhepi aku, tetep mlengkeh ngguyu seneng. Anggone pasang pasuryan ora mung guyon nglelipur, nanging sarana grengseng sembranan. Aku mlaku isin banget rumangsa dilulu dikon ngayoni penantang kang ndhemenake ngumbar nafsu. Aku mundhur, usaha misahake awak, nyegah kasembranan.”	43	Subasita			√	Wimbadi ngrumaosi isin saking panantangipun Naraindras, <i>dorongan superego</i> ndadosaken Wimbadi mundur supados nyegah kasembranan.
14.	Aku mikir-mikir.”Aku ora nduwe kertas sing memper, ki yen kanggo ngono.” “Mengko dakgolekake kertas,” wangsulane Dasiyun, marakake kenceng maneh karepku nggregik katresnane Kingkinarti.	49	Niyat ingkang kenceng		√		<i>Dorongan ego</i> ndadosaken Wimbadi gadhah niyat ingkang kenceng badhe ngandharaken pepenginanipun kanthi dipunbiyantu dening Dasiyun kanthi madosi dlancang kangge damel layang.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
15.	“.....Dhisike arep nyapa aruh, nanging sabrebetan bareng weruh wandane sing lagi padha omong-omongan, karepku dakpenggak. Tambur dakcandhak, terus dakkekep, ing pamrih supaya aja nganti kluyuran dikonangi wong loro iki mau...”	51	Pangerten			√	Wimbadi mirsani Dasiyun kalihan Dulmanan saweg rerembugan, <i>superego</i> ndadosaken Wimbadi ngandheg kekarepanipun kangge nyapa aruh kekalihipun.
16.	“Dasiyun wis ndlosor mepet aku. Aku rada lega. Aku rada gumun dene Dasiyun kang adate nyekel bedhil mejen wae wedine kepati saiki ora duwe rasa wedi-giris kaya aku.”	58	Gumunan		√		<i>Ego</i> ndadosaken Wimbadi gumun, dene Dasiyun ingkang limrahipun ajrih kalihan bedhil samenika boten gadhah raos ajrih malih.
17.	“Kanca-kanca wis nglumpuk ing cakruk kana. Bedhile Dul Genuk diasta dhisik, Mas, aku dakmundhur sedhela, nglapurake.” “Dadi kowe mengko bali?” pitakonku gumun banget “La iya mesthi. Ngajak kanca yen	61	Gumunan	√			<i>Id</i> ndadosaken Wimbadi gumun kalihan menapa ingkang badhe dipunlampahi dening Dasiyun.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	bisa. Dul Genuk kudu diusung mulih. Ben kelaran apa mati yen wis ana pangkone kanca-kanca dhewe, luwih kaje lan kopen!”						
18.	“....Tanpa mbukak miripat aku ngerti yen Dasiyun tetep njegreg mangu gegere Dul Genuk kang dhek wingi nyentak-nyentak dheweke. “Genteni apa priye Das?” aku njengelek lan takon daklirih-lirihake,..”	74	Welas asih	√			Wimbadi mangertosi bilih Dasiyun ingkang mangu Dul Genuk, <i>Id</i> ndadosaken Wimbadi badhe nggantosi Dasiyun.
19.	“Leren sedhela. Dakbukak raiku, dakinguk Dasiyun katon nggethu ngelapi kringete pasiene. Gumun aku! wong iku dhek wingi medoki, tingkah lakune sarwa dadi poyokan, kok saiki semono bektine marang kancane kang kelaran..”	76	Gumunan		√		<i>Ego</i> ndadosaken Wimbadi gumun ningali tumindakipun Dasiyun marang kanca ingkang kelaran, Dulmanan.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
20.	“Oleh pondhokan, Wim?” pitakone Aku gumun, dheweke kok ngerti yen aku golek pondhokan.	80	Gumunan	√			<i>Dorongan id</i> ndadosaken Wim badi gumun kenging menapa Basuki ngertos menawi piyambakipun madosi pondhokan.
21.	“Sanajan atiku satemene kanji cedhak karo wong kelaran iku, nanging weruh Dasiyun kang kucem sajak sayah banget iku aku ora tega. Mula aku mara.	81	Welas asih			√	<i>Dorongan superego</i> ndadosaken Wim badi boten tega ningali Dasiyun ingkang kadosipun sayah sanget.
22.	“Aku mung gedheg-gedheg. Miripatku kaca-kaca, merga bubar mutah-mutah iku. Nanging aku meksa arep bali mlebu langgar, marga Kingkin mau sajak uwet anggone ngresiki tatune Dul. Kingkin perlu bantuan.”	88	Remen tetulung			√	Sanajan bibar mutah-mutah, nanging <i>dorongan superego</i> ndadosaken Wim badi tetep meksa mlebet malih amargi badhe biyantu Kingkin.
23.	“Basuki ngingeti aku. Banjur mesem “Upama zaman aman ngono, dakwanekake atiku nemoni pak Sundara. Kingkinarti daksuwun, Elek ritek ora dadi ngapa, nyatane kasetyane kena	94	Gampil duka	√			<i>Dorongan id</i> ndadosaken Wim badi boten sabar nalika Basuki ngendika bab Kingkin lajeng Basuki dipuncandhak jangganipun dening Wim badi.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	dijago!" Aku ora sabar. Dheweke dakcandhak gulune, terus dak oyong-oyong! "Kowe aja edan! ayo, kandhaa, kowe ngerti apa?" ujarku."						
24.	".....Nonton nggethune Dasiyun anggone mbelani kanca lara iku, ora tega aku ngurus prekara layangku marang Kingkin. Ora tega nyereng ngurus prekara pribadi!"	95	Welas asih			√	<i>Dorongan superego</i> ndadosaken Wimbadi boten tega badhe ngurus perkara layangipun kalihan Dasiyun, amargi mirsani Dasiyun saweg ngurus Dulmanan kanthi tumama.
25.	"Crita kapatriotan kaya mengkono ora perlu dicritakake ing kene Wim. Ora bakal ngudhari karuwetane kene," ujare Narwata pedhes. "Aku ya mung kandha!" wangsulanku semu njengek	99	Gampil duka	√			Narwata mangsuli kanthi pedes, saengga <i>Id</i> ndadosaken Wimbadi mangsuli malih kanthi semu duka.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	jengkel.						
26.	“Nangise Dasiyun iki mengku patrap liya. Ora merga medoki. Atiku rasane malah kaya dijuwing-juwing ngerti Dasiyun ketiban apes....”	114	Welas asih			√	<i>Dorongan superego</i> ndadosaken Wimbadi boten tega nalika Dasiyun ketiban apes kedah nembak Dulmanan.
27.	“Aku isih gumun banget karo sikepe Kingkinarti. Kena apa dheweke sajak ora maelu aku, lan olehe bandrek karo Dasiyun demonstratip? Apa tenan Kingkinarti duweke Dasiyun? Apa ucapane ‘kayu ada apinya, aku ada yang punya’ kae sing dikarepake dheweke duweke Dasiyun?”	125	Gumunan		√		<i>Dorongan ego</i> ndadosaken Wimbadi gumun kalihan patrapipun Kingkinarti.
28.	“Dakkancani ya mas. Ben ora ijen. Ora kasepen lan nemu kanca.” “Mengko yen konangan wong	129	Subasita			√	<i>Superego</i> ndadosaken Wimbadi tetep njagi tata krama sesrawungan priyantun kakung kalihan priyantun estri saha kedah njagi tata cara masarakat kidul Dringu.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	kampung priye? kene kampung santri lo!” “La ya wis ben, wong ora apa-apa we kok. Yen diterka sir-siran ya ora papa ta, wong mung sir-siran.” “Kampung kene keras ki, adate prekara sesrawungane jalu lan wanita,” kandhaku tetep njaga kabecikane tata cara masyarakat kidul Dringu kana.						
29.	“Iya mas?” pitakone Naraindras ndheseg. Ndhesege omonge, ya ndhesegake kulit lengene marang lengenku karo ulate ngadi-adi. Wah! pakewuh banget! “Dhik Indras! kowe ki ngomong apa? sapa kandha kaya ngono?! heh?!” Ora dakkira! Daksentak mengkono iku Naraindras Kaget banget.	134	Gampil duka	√			Id ndadosaken Wimbadi nyentak-nyentak Naraindras amargi nyuwun pirsu kalihan Wimbadi bab sedanipun Dulmanan.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
30.	“...Aku enggal gumregah lan siyap waspada. Rada mokalake, nanging ora kena ninggal kaprayitnan, aku ngira yen ana patroli Landa mlebu desa kene. “Thorrr!” mau genah unine pistol! kanthi ngati-ati aku mlebu desa..”	140	Ngatos-atos		√		Mireng uninipun pistol, ego ndadosaken Wimbadi enggal waspada saengga kanthi ngatos-atos Wimbadi mlebet desa.
31.	“Let sedina aku jumangkah menyang omahe Kingkinarti sangu niyat kang luwih kenceng. Nanging sing nemoni aku mung Lilik. Kingkinarti emoh nemoni. Mula aku bali lan ninggali layang maneh, “Dhik Kingkin, mbok aku ditemoni. Aku arep ngrembug bab kang wigati banget. Bab aku lan sliramu!” Sorene maneh aku mrono maneh, lan ketemu sepi maneh.”	150	Niyat ingkang kenceng			√	<i>Dorongan superego</i> ndadosaken wimbadi boten nyerah kangge nemoni Kingkinarti, kanthi gadhah niat ingkang kenceng Wimbadi tetep badhe nemoni Kingkinarti.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
32.	“Mas Wim apa wis karep tenan? lan wis ngerti kahananku kaya ngene?” “Aku ora tekan kene sore iki lan sore-sore wingi-wingi kae yen ora duwe karep kang kenceng!”	152	Niyat ingkang kenceng		√		<i>Dorongan Ego</i> ndadosaken Wimbadi tetep nrima kahanipun Kingkinarti ingkang makaten, amargi Wimbadi niatipun sampun kenceng.
33.	“Sing kae apa?” Saiki iki aku lagi weruh Dhik Kingkin mesem, ngempet guyu. Lagi iki nalika crita-crita bab kadurakan iku dheweke bisa mesem. Adate mung mrengut wae. “Bab Naraindras.” “Naraindras? kena apa Naraindras?!” ujarku nyentak.	158	Gampil duka	√			<i>Dorongan id</i> ndadosaken Wimbadi nyentak Kingkin amargi ngendika bab Naraindras nalika wonten ing desa kidul Dringu kala biyen.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
34.	“Ya merga blakane Naraindras marang aku bab tresnane marang njenengan kuwi, aku kudu ngomberi papan lan wektu tumrap dheweke yen ngrembug bab pemudha sung jeneng Wimbadhi! Naraindras kuwi ora mung kepincut, Naraindras kuwi kedanan panjenenan, Mas! mula atine lara banget nalika panjenengan benci banget karo dheweke.” “Ah uwis! aja omong bab kuwi!” sentakku.	160	Gampil duka	√			Id dadosaken Wimbadhi nyentak Kingkin supados sampun ngendika malih bab Naraindras ingkang katresnan marang Wimbadhi.
35.	“....Aku wis pancen emoh yen rembugan prekara wong wadon liya sing ngesiri aku, mengko mundhak gawe gigrige atine Dhik Kingkin. Gampil atine merga kuwi....”	160	Pangerten			√	Superego ingkang wonten ndadosaken Wimbadhi boten purun rembugan perkara tiyang estri sanes ingkang katresnan marang piyambakipun.
36.	“Ngono lo, mas, sing dicritakake	162	Gumunan	√			Id ndadosaken Wimbadhi paring

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	larane atine marang aku. Mas Wim kuwi jan nyepelekake banget marang Naraindras!” critane Dhik Kingkin weteng gedhe ing sawenehing wektu. “Kena apa Dhik Kingkin kok isin banget ketanggor lan konangan kanthi tekane Naraindras?” pitakonku gumun.						pitakenan dhateng Kingkin kanthi gumun.
37.	“Aku ora kelingan kedadean nyentak-nyentak Naraindras kang mengkonono. Apa iya, ya? prekarane, apa aku tau srengen marang Naraindras, ya? Apa maneh kok aku nganti disebut ‘wong sing degsiya banget’. Aku jan gumun tenan! Ora ngrasa.”	164	Gumunan		√		Ego ingkang ndadosaken Wimbadi gumun amargi boten rumaos degsiya utawi nyentak-nyentak Naraindras nalika ing desa kidul Dringu.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wataking paragatama	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
38.	“Kingkin kuwi meteng! lan banjur salawase dadi garwaku, bab metenge karo Dasiyun kuwi ora tau daksenggol-senggol ing omongku bebrayan karo Dhik Kingkin, merga wis dakanggep kasilep kanthi sirep tanpa masalah.”	169	Pangerten			√	Kingkinarti sampun dados garwanipun Wimbadi, <i>dorongan superego</i> ndadosaken Wimbadi boten nguthik-uthik cariyos Kingkinarti kalihan Dasiyun ingkang ngantos Kingkin ngandhut.
39.	“Mas Wim ki ora pirsana tenan?” Aku gedheg, sasmita ora ngerti tenan. Sumpah. Aku ora ngerti tenan! Yen dudu Dasiyun...., sapa?! sapa bapake jabang bayi ing wetenge bojoku kuwi?! aku gumun. Pikiranku blong,...”	170	Gumunan		√		<i>Dorongan ego</i> ndadosaken Wimbadi gumun amargi boten ngertos sinten bapak saking jabang bayi ingkang dipunkandhut dening Kingkinarti.

LAMPIRAN 2: KONFLIK PSIKIS PARAGATAMA WONTEN ING NOVEL KADURAKAN ING KIDUL DRINGU

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
1.	“Liwat mburi, Dhik Wimbadhi!” ujare Mas Pandam prentah. “Aku manut, nanging ora ngerti kenapa kudu liwat mburi omah, Kamangka mburi omah pager tembok telung meter dhuwure, buntu, rapet!....”	7	Bingung	✓	✓		Id ndadosaken Wimbadhi Bingung nanging tetep manut pangajakipun Mas Pandam supados mlajar nilar dalemipun. Ego boten ngertos piyambakan kedah medal wingking, amargi wonten ing wingking namung wonten pager tembok.
2.	“Aku mlongo! jengkeng nyawang kahanane Mas Pandam, nanging ora kemucap apa-apa. Sirahku puyeng. Mas Pandam mesthi ngemasi, mustakane kena peluru nyasar. Njut, gagasanku ambles mikirake Mbakyu Pandam. Wektu iku bisa uga babaran ana ing Sala. Priye critaku marang dheweke mbesuk samangsa ketemu?”	8	Bingung	✓	✓		Wimbadhi mlongo mirsani Mas Pandam seda, id ndadosaken Wimbadhi nggali Mbakyu Pandam. Bingung minangka wujud saking energi psikis sistem id. Ego nggali kadospundi samange ngaturi pira dhateng Mbakyu Pandam ing Sala.
3.	“Dadi dina iku aku ora wani njupuk jisime Mas Pandam. Kang mengkononjalari pepeting atiku. Rumangsa duraka engatase sedulur ngemasi kok	13	Ajrih		✓	✓	Ego dadosaken Wimbadhi ajrih badhe mendhet jisimipun mas Pandam. Dorongan saking superego ndadosaken Wimbadhi ajrih menawi

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	ora bisa ngrumat. Kamangka genah mung aku sing weruh. Pikiran iku tansah muthek ing ati. Aku ora wani oncat luwih adoh!ora wani melu rujukan karo wong-wong sing arep nekad metu saka wilayah Probolinggo sing wis didhuhuki mungsuh, tentara Belanda, nrobos menyang dhaerah Republik sing durung dibroki Walanda.”						badhe nilar jisimipun mas Pandam medal saking desa kidul Dringu amargi ndadosaken piyambakipun rumaos duraka.
4.	“.....Nanging yen weruh aku cedhak kono, racake ora wani maneh ngganggu gugat Tambur. Ngerti yen aku kuwi bendarane Tambur. Sing dakerami, kena apa benci banget marang tambur. Tambur kuwi prasaku kewan asu kang wis njilma banget. Tansah ngerti karo ulate manungsa...”	38	Gumun		√	√	Ego ndadosaken Wimbadi eram kening menapa tiyang-tiyang boten remen kalihan Tambur, <i>dorongan superego</i> ndadosaken Wimbadi ngrumaosi bilih Tambur menika segawon ingkang njilma.
5.	“Kedadean awan iku ora ucul-ucul saka pikiranku. bola-bali dakputer kaya film. Luwih-luwih tingkahe Kingkinarti anggone kaya srikandhi	44	Duka	√	√		Id Wimbadi menggalih kadadosan Kingkinarti ingkang kados srikandhi purik, saengga ndadosaken Wimbadi anyel. <i>Dorongan ego</i> ndadosaken

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	purik, terus mara-mara njorogake aku gesit lan nganyelake banget! saiki sapa kandha yen dheweke ora nanggapi krenteging atiku?"						Wimbadi Kingkin nanggapi krenteging manahipun.
6.	"Nalika omong-omong iku lungguhe kene cukup cedhak, jejer, ora daksengaja lan ora dakonangi, tanganku ndadak cekel-cekel tangane Kingkinarti! aku krasa yen mengkono bareng Kingkinarti nyentak aku karo nyendhal tangan sing dakemek-emek! ya kaget tenan. Wong kana salah tanggap, tangan nggrathil dianggep kurangajar. Iki mau priye ta? gelaaaa ngono rasane!"	45	Kuciwa	√		√	Id ndadosaken Wimbadi ingkang nyepeng astanipun Kingkin kanthi boten dipunsengaja, <i>dorongane superego</i> ndadosaken Wimbadi rumaos kuciwa saking tumindak piyambakipun ingkang nyepeng astanipun Kingkinarti.
7.	"Kingkinarti mandeng aku. Pandeng nepsu, ah ora! pandeng adreng. Aku uga mandeng dheweke. Pandeng njajag-jajag. Kepriye ta satemene cah wadon iki? apa dheweke nepsu tenan? kena apa dheweke ora mlayu? lungguhe tetep jejer caket, lan raine ngadhepi aku."	46	Bingung		√	√	Ego ndadosaken Wimbadi menggalih menapa ingkang dipunraosaken dening Kingkinarti ingkang lungguh ing sisihipun. <i>Superego</i> Wimbadi bingung kalihan Kingkinarti.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
8.	“Nalika mlaku pikiranku isih gagap-gagap apa baya tenane critane Kingkin mau? apa tenan dheweke wis duwe pacangan? apa mung dienggo dalih wae, supaya aku mekak gunemku kang ngangsa lan dianggep kosro mau? Supaya aja kesusu?”	49	Bingung		✓	✓	Sistem ego ndadosaken Wimbadi nggali menapa ngendikanipun menika leres menawi Kingkinarti sampun gadhah pacangan. <i>Superego</i> ndadosaken Wimbadi nggali menapa ngendikanipun Kingkin menika namung kangge dalih kemawon.
9.	“Sajane aku isih durung mantep, isih dadi gagasan, apa sing arep daktulis ing layang marang prawan weweg Kingkinarti iku, lan kapan anggonku nulis. Durung ana ketetapan. Nanging sore iku uga ndadak Dasiyun marani aku karo nggawa kertas.”	50	Bingung		✓	✓	Sistem ego saking Wimbadi bingung amargi dereng mantep badhe nyerat layang kangge Kingkinarti, nanging <i>superego</i> meksa Wimbadi kedah nyerat amargi Dasiyun sampun mbekta dlancang.
10.	“Dasiyun ora mandheg. Dheweke nggremet maju, kleser-kleser kaya njambik ngrindhik later. Lan embuh pirang dhela maneh, Dasiyun ilang ing ngarepku. Prasaku ilange ki suwe banget. Aku arep mingset mundhur, nanging ngelingi mitraku kang	60	Boten teganan	✓		✓	<i>Dorongan id</i> dadosaken Wimbadi setya nengga wangsulipun Dasiyun, <i>dorongan superego</i> ndadosaken Wimbadi pengin oncat saking papan menika ananging boten tega nilar mitranipun, Dasiyun.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	durung bali, aku tetep ora tega. Mula aku terus nunggu. Aku yakin yen dheweke slamet baline mesthi liwat nggonku.”						
11.	“Aku ethok-ethok turu, nanging satemene tetep melek, aku mikir omonge Basuki. Kena apa dheweke ngrembug bab Kingkin? apa dheweke ngerti layangku? apa mung dhasar kebeneran wae? apa Dasiyun kurang prayitna anggone nggawa layang? ah, ora. Aku kelingan guneme Kingkinarti, “kayu ada apinya, aku ada yang punya.” Apa Basuki iki sing duwe Kingkin?”	75	Bingung	√		√	<i>Dorongan ego</i> ndadosaken Wimbadi nggali cariyosipun Basuki bab Kingkin, menika ingkang ndadosaken Wimbadi pengin ngertos gayutanipun Basuki kalihan Kingkin. <i>Superego</i> Wimbadi ndadosaken Wimbadi ethok-ethok sare nanging nggali ngendikanipun Basuki.
12.	“Basuki gremet-gremet maneh, cangkeme nyedhaki kupingku. “Wim sakjane, takona sapa wae, Kingkinarti kalah ayu, kalah luwes yen katandhing karo Naraindras.” Aku manthuk. Manthuk anyel.”	77	Duka	√	√		<i>Id</i> dadosaken Wimbadi manthuk nanging manthuk anyel amargi Basuki ngendika bab Kingkin, <i>sistem ego</i> nggali ngendikanipun Basuki.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
13.	“Sanajan atiku satemene kanji cedhak karo wong kelaran iku, nanging weruh Dasiyun kang kucem sajak sayah banget iku, aku ora tega. Mula aku mara. “Dakgenteni Das? kana, adus, adusa dhisik kana. Wong-wong kabeh padha pindhah panggonan. Kowe kumpul aku ing daleme pak Bakir.”	81	Boten teganan	✓		✓	Id saking Wimbadi sejatosipun kanji caket kalihan Dulmanan, nanging lajeng piyambakipun nyaketi Dasiyun badhe paring pambiyantu. <i>Superego</i> boten tega kalihan Dasiyun ingkang sayah sanget.
14.	“Tanganku dakculake, saiki aku sing kaget. Dasiyun areke Kingkin! ah, kok wuta timen aku! mulane layangku tanpa reaksi. Marga didhep! mulane Kingkin kok krasan nyambutgawe ana langgar! cedhak areke! Hm, ana wae!”	94	Kaget	✓	✓		Kaget minangka wujud saking <i>Sistem id</i> , <i>ego</i> ndadosaken Wimbadi menggalih bab layang saha Kingkin ingkang tansah caket kalihan Dasiyun amargi Wimbadi mangertosi bilih pacanganipun Kingkin inggih menika Dasiyun.
15.	“Muga-muga kowe sing katuding, Wim!” pujine Kusman karo mandeng aku. Atiku tratanan. Pancen! aku rumangsa mrinding upama klakon aku sing kena lotre kudu nembak	107	Ajrih	✓	✓		Id ndadosaken Wimbadi manahipun tratanan mireng ngendikanipun Kusman, <i>ego</i> ndadosaken wimbadi ajrih banjur mrinding menawi kedah nembak Dulmanan.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	Dulmanan.						
16.	“Sawise cara-cara lotre diandharake dening mas Adi Waluya, kabeh sarujuk, banjur padha njupuk gulungan-gulungan kertas kang ana ing kupluke Martimbang. Atiku bali tratanan nalika nampa giliran, kaya-kaya aku kang bakal nampa kewajiban duraka nglunasi jiwane wong ora dosa kuwi.”	110	Kuwatos	√	√		Wimbadi tratanan menawi badhe mendhet undian lotre amargi ajrih mbok menawi piyambakipun kedah nglampahi nembak Dulmanan menika kalebet <i>struktur kepribadian id</i> , <i>ego</i> saking Wimbadi rumaos bilih piyambakipun ingkang kedah nglampahi kewajiban nembak Dulmanan.
17.	“Atiku rasa-rasane malah kaya dijuwing-juwing ngerti Dasiyun ketiban apes. Nanging cangkemku kemancing, ora bisa awèh panglipur apa-apa. Lan apa ta kang perlu diucapake? yen aku mbelani Dasiyun, ora wurung aku dhewe kesangkut perkara, bisa kena paukuman. Dadi karep ben Dasiyun wanda nangisi nasibe kang ala.”	114	Boten teganan	√		√	<i>Id</i> ndadosaken manahipun Wimbadi kados dipunjuwing-juwing ngertos Dasiyun ingkang nglampahi kewajiban nembak, <i>dorongan superego</i> ndadosaken Wimbadi boten saged ndherek cawe-cawe amargi ajrih kesangkut perkara menika.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
18.	“Dakonangi wis makaping-kaping Kingkinarti guneman bisik-bisik marang Dasiyun, malah sok mijet-mijet lengene Dasiyun barang. Aku banjur kelingan kandhane Basuki, yen Kingkinarti kuwi dhemenan karo Dasiyun. Aku dadi rumangsa isin banget mikirake layang tandha tresnaku marang Kingkinarti kang daktitipake Dasiyun. Kok bento emen aku dhisik ora titen kaya Basuki ngono. Kacedhaken nyawang malah ora katon. Kekancan rapet karo Dasiyun, malah kalendran ora ngerti apa sing dilakoni dening Dasiyun karo Kingkinarti.”	119	Kuciwa	✓		✓	Sampun makaping-kaping Wimbadi mirsani Dasiyun kalihan Kingkin, <i>dorongan id</i> ndadosaken Wimbadi kelingan ngendikanipun Basuki. <i>Superego</i> ngrumaosi isin, kekancan rapet kalihan Dasiyung ananging wiwit kala rumiyin Wimbadi boten nggatosaken bab menika.
19.	“Nanging aneh, kena apa Dasiyun tansah menehi semangat aku, supaya aku waleh marang Kingkinarti yen ngesiri cah manis kuwi? Dasiyun sing ngogrok-ogrok aku. Lan wektune saiki, apa Kingkinarti ngerti kena apa Dasiyun nangis tenanan kepaten Dulmanan? Jare Basuki sing	119	Bingung		✓	✓	<i>Ego</i> bingung kenging menapa Dasiyun tansah nyemangati Wimbadi, wondene Kingkinarti menika pacanganipun Dasiyun. <i>Dorongan superego</i> ndadosaken Wimbadi menggalih ugi menapa Kingkin sampun mangertosi tumindakipun Dasiyun ingkang

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	ngerti wewadi iku mung wong-wong sing mau bengi ana ing langgar thok!”						nembak Dulmanan amargi miturut Basuki ingkang mangertos namung para pemudha pejuwang.
20.	“Saiki aku sok nggagapi atiku dhewe. Apa katresnan kang thukul ing atiku, tresna marang Kingkinarti iku mung marga diobongi Dasiyun, apa thukul dhewe saka atiku? Dasiyun ora ngobongi. Bibit wis ana sadurunge? yen ngono apa perlu aku ngurusi hubungane Dasiyun karo Kingkin. Angger Kingkin gelem, mesthi wae daklabuhi! saiki aku ngira yen Basuki sing gawe-gawe! Basuki gawe gara-gara. Jare Kingkin duweke Dasiyun. Nanging sikepe Kingkin lan tangkepe Dasiyun mau, sajake ya pancen mesra mengkonono jare! ah! embuh! lo, kok embuh? kudu dakpikir, kudu dakrasak-rasakake! aku iki tresna ora ta, karo Kingkinarti?”	126	Bingung		√	√	Ego ndadosaken Wimbadi menggalih bab katresnanipun kalihan Kingkin menapa merga Dasiyun menapa thukul piyambak. <i>Superego</i> kedah dipunpenggalih menapa tresna kalihan Kingkinarti, tresna ingkang saestu.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
21.	“Sapa? ana ngendi Dasiyun?” “Sape maneh? Kingkin! Dasiyun saiki digedhong ing pondhokane Kingkin, tetep nangis sesenggukan kaya mau.” Krungu kabar iku kudune aku ora kaget. Nanging pikiranku pancen ora mlaku, nganti kabar kaya ngono iku anyar kanggoku. Babar pisan ora daknyana, Dasiyun disingitake Kingkinarti ing pondhokane Kingkin, yakuwi pondhokane pak Sundara!	132	Boten nginten	√	√		Wimbadi boten ngira menawi Dasiyun sampun wonten ing pondhokanipun Kingkarti, menika kalebet <i>energi psikis id</i>. <i>Ego</i> Wimbadi nggali menawi warta bab Dasiyun menika warta ingkang enggal kangge piyambakipun.
22.	“Bab apa maneh mas sing durung kababar ing pikiran?” pitakone Naraindras ndhesek. “Aku ora seneng yen lungguhan cedhak ngene iki meneng-menengan. Critaa ge, Mas. Pupung ijen padha ijen aku critanana pikiranmu lan prasakanmu. Ya?” “Bab penguburan mau,” mak trcut	133	Kaget	√	√		<i>Id</i> ndadosaken Wimbadi kaget ngendika makaten, <i>ego</i> Wimbadi kedah saged nutupi menawi pejahipun Dulmanan amargi dipuntembak dening Dasiyun.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	tembungku! aku kaget dhewe kena apa muni ngono! ah, cangkem! iki rak prasasat ndhudhahi bathang kependhem!						
23.	“Wiwitane dheweke arep daktarap karo pitakonan-pitakonan kang kebak gumrambyang ing dhadhaku, bab anggane pinter nyandiwara akon-akon aku ngirimi layang marang yange, nanging krungu swarane lan weruh wonge kang melas asih iku, kekarepanku sirep dhewe.”	137	Boten teganan	√		√	Id Wimbadi gadhah pepenginan badhe nyuwun pirsu bab sandiwaranipun Dasiyun, <i>superego</i> ndadosaken Wimbadi boten tega mirsani tiyangipun saha mireng swara ingkang welas.
24.	“Ing sawijine dina wayah sore, nuju aku mlaku-mlaku ijen liwat Kampung Kemlayan wetan Sala, jegagig, ndadak aku adhep-adhepan karo Kingkinarti kang nalika iku sajak lagi ngenggar-enggar ati linggihan ing ngarep omah. Aku kaget, dheweke samono uga. Lan	147	Kaget	√	√		Id Wimbadi kaget lajeng piyambakipun namung saged tudhang-tudhing kemawon. <i>Ego</i> saking Wimbadi kaget amargi kepanggih malih kalihan Kingkinarti wonten ing wayah sonten, boten dipunnyana dening Wimbadi badhe nglampahi kadadosan menika.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	wong ya ora kanyana-nyana. Lan durung ngerti apa sing arep dakucapake, dheweke ndadak minger, menyat, terus mlayu liwat plataran omahe, lan terus mlebu dalem gedhe. Aku mung bisa tudang-tuding karo nguwuh-uwuh jenenge.”						
25.	“Marga mengkono, aku banjur pindhah lungguh menyang jejere. Kebeneran kursi sing dilungguhi kursi sing dawa kena dianggo lungguh wong luwih saka siji. Dakjejeri lungguh, terus dakrangkul. Dheweke ora nulak apa nginggati, ngerti yen aku duwe karep ngrangkul, Kingkinarti iya banjur nampani rangkulanku kanthi patrap kang tumanggap. Malah ora daknyana, Dhik Kingkin uga mbales ngrangkul wetengku, lan nyendhekake siraha ing dhadhaku. Golek pangayoman, nangis sesenggruk. Ngojahake nelangsane atine sing disandhang seprene iki,	153	Trenyuh	√		√	Kingkinarti kersa nemoni Wimbadi, banjur piyambakipun ugi kersa dados garwanipun Wimbadi. <i>Superego</i> saking Wimbadi trenyuh awit mirsani Kingkin ingkang nangis sesenggrukan ngojahaken nelangsaniipun kalihan Wimbadi.

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	aku trenyuh banget. Ora bisa dakpenggak maneh hardane atiku, dakgoleki pasuryane dhik Kingkin, dakgoleki sarana atiku, banjur dakarasi.”						
26.	“Aku meneng, dheleg-dheleg. Ora ngira yen putusan mistul mateni Dulmanan kuwi dudu solusi kang bener, pranyata dhestun panyebab onyane kahanan desa kang tentrem lan kang dadi ajang markase para patriot pejuwang bangsa kang atekad nyawiji ngrusuhi nggerilya peprentahan wadyabala Walanda sing ngebroki kutha Probolinggo ben ora jenak kanggone ngatur kutha. Ora ngira babar pisan!”	157	Boten nginten		✓	✓	Ego Wimbadi kelingan malih nalika ngungsi ing kidul Dringu, Saha Dasiyun ingkang nembak Dulmanan. <i>Superego</i> boten ngira menawi tumindak nembak Dulmanan menika boten dados solusi ingkang leres.
27.	“Mas Wim ki ora pirsane?” Aku gedheg, sasmita ora ngerti tenan. Sumpah. Aku ora ngerti tenan! yen dudu Dasiyun..., sapa?! Aku gumun. pikiranku blong kaya reme prahoto sing lagi mlaku banter ora	170	Bingung	✓	✓		Id Wimbadi boten ngertos sinten bapak saking jabang bayi ingkang dipunkandhut dening Kingkin, banjur piyambakipun gedheg. <i>Ego</i> ndadosaken Wimbadi boten saged menggalih kanthi leres sejatosipun

Tabel Salajengipun

No	Pethikan Data	Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden			Katrangan
				Id	Ego	Superego	
	bisa direm, ora bisa diendhegake, merga reme blong. Pikiranku mlaku cepet, grayang-grayang gambaran wong lanang pemudha kancaku ing pasrawungan kidul Dringu sing sakira tau rapet karo prawan Kingkinarti, nanging kosong. Suwung. Sapa?!						sinten bapak saking jabangbayi ingkang dipunkandhut dening Kingkinarti.



: Struktur Kepribadian ingkang dominan



: Struktur Kepribadian ingkang kirang dominan